ISSN 2229-547X VIDEHA

विदेह ३७२ म अंक १५ जून २०२३ (वर्ष १६ मास १८६ अंक ३७२)

[विदेह (since 2000) ISSN 2229-547X VIDEHA (since 2004) www.videha.co.in]

विदेह मैथिली साहित्य आन्दोलन: मानुषीमिह संस्कृताम्

विदेह- प्रथम मैथिली पाक्षिक ई-पत्रिका

सम्पादक: गजेन्द्र ठाकुर।

ऐ पोथीक सर्वाधिकार सुरक्षित अछि। कॉपीराइट (©) धारकक लिखित अनुमतिक बिना पोथीक कोनो अंशक छाया प्रति एवं रिकॉर्डिंग सहित इलेक्ट्रॉनिक अथवा यांत्रिक, कोनो माध्यमसँ, अथवा ज्ञानक संग्रहण वा पुनर्प्रयोगक प्रणाली द्वारा कोनो रूपमे पुनरुत्पादन अथवा संचारन-प्रसारण नै कएल जा सकैत अछि।
(c) २०००- २०२३. सर्वाधिकार सुरक्षित। भालसरिक गाछ जे सन २००० सँ याहूसिटीजपर छल http://www.geocities.com/.../bhalsarik_gachh.html , http://www.geocities.com/ggajendra आदि लिंकपर आ अखनो ५ जुलाइ २००४ क पोस्ट http://gajendrathakur.blogspot.com/2004/07/bhalsarik-gachh.html केर रूपमे इन्टरनेटपर मैथिलीक प्राचीनतम उपस्थितक रूपमे विद्यमान अछि *(किछु दिन लेल http://videha.com/2004/07/bhalsarik-gachh.html लिंकपर, स्रोत wayback machine of https://web.archive.org/web/*/videha 258 capture(s) from 2004 to 2016- http://videha.com/ भालसरिक गाछ-प्रथम मैथिली ब्लॉग / मैथिली ब्लॉगक एग्रीगेटर)।*
ई मैथिलीक पहिल इंटरनेट पत्रिका थिक जकर नाम बादमे १ जनवरी २००८ सँ 'विदेह' पड़लै। इंटरनेटपर मैथिलीक प्रथम उपस्थितिक यात्रा विदेह- प्रथम मैथिली पाक्षिक ई पत्रिका धरि पहुँचल अछि, जे http://www.videha.co.in/ पर ई प्रकाशित होइत अछि। आब "भालसरिक गाछ" जालवृत्त 'विदेह' ई-पत्रिकाक प्रवक्ताक संग मैथिली भाषाक जालवृत्तक एग्रीगेटरक रूपमे प्रयुक्त भऽ रहल अछि।
(c)२०००- २०२३. विदेह: प्रथम मैथिली पाक्षिक ई-पत्रिका (since 2000) ISSN 2229-547X VIDEHA (since 2004). सम्पादक: गजेन्द्र ठाकुर। Editor: Gajendra Thakur. In respect of materials e-published in Videha, the Editor, Videha holds the right to create the web archives/ theme-based web archives, right to translate/ transliterate those archives and create translated/ transliterated web-archives; and the right to e-publish/ print-publish all these archives. रचनाकार/ संग्रहकर्त्ता अपन मौलिक आ अप्रकाशित रचना/ संग्रह (संपूर्ण उत्तरदायित्व रचनाकार/ संग्रहकर्त्ता मध्य) editorial.staff.videha@gmail.com कैँ मेल अटैचमेण्टक रूपमेँ पठा सकैत छथि, संगमे ओ अपन संक्षिप्त परिचय आ अपन स्कैन कएल गेल फोटो सेहो पठाबथि। एतऽ प्रकाशित रचना/ संग्रह सभक कॉपीराइट रचनाकार/ संग्रहकर्त्ताक लगमे छन्हि आ जतऽ रचनाकार/ संग्रहकर्त्ताक नाम नै अछि ततऽ ई संपादकाधीन अछि। सम्पादक: विदेह ई-प्रकाशित रचनाक वेब-आर्काइव/ थीम-आधारित वेब-आर्काइवक निर्माणक अधिकार, ऐ सभ आर्काइवक अनुवाद आ लिप्यंतरण आ तकरो वेब-आर्काइवक निर्माणक अधिकार; आ ऐ सभ आर्काइवक ई-प्रकाशन/ प्रिंट-प्रकाशनक अधिकार रखैत छथि। ऐ सभ लेल कोनो रॉयल्टी/ पारिश्रमिकक प्रावधान नै छै, से रॉयल्टी/ पारिश्रमिकक इच्छुक रचनाकार/ संग्रहकर्त्ता विदेहसँ नै जुड़थु। विदेह ई पत्रिकाक मासमे दू टा अंक निकलैत अछि जे मासक ०१ आ १५ तिथिकेँ www.videha.co.in पर ई प्रकाशित कएल जाइत अछि।

Videha eJournal (link www.videha.co.in) is a multidisciplinary online journal dedicated to the promotion and preservation of the Maithili language, literature and culture. It is a platform for scholars, researchers, writers and poets to publish their works and share their knowledge about Maithili language, literature, and culture. The journal is published online to promote and preserve Maithili language and culture. The journal publishes articles, research papers, book reviews, and poetry in Maithili and English languages. It also features translations of literary works from other languages into Maithili. It is a peer-reviewed journal, which means that articles and papers are reviewed by experts in the field before they are accepted for publication.

Font/ Keyboard Source: https://fonts.google.com/ , https://github.com/virtualvinodh/aksharamukha-fonts , https://keyman.com/

These are print-on-demand books, send your queries to editorial.staff.videha@gmail.com. The eBooks of some of these are available for sale on Google Play [(c) Preeti Thakur, sales.videha@gmail.com], send your queries to sales.videha@gmail.com. The contents and documents e-published by Videha (since 2000) ISSN 2229-547X VIDEHA (since 2004) are periodically being checked for accessibility issues. People with disabilities should not have difficulty accessing these contents/ documents.

© Preeti Thakur (sales.videha@gmail.com)

Videha e-Journal: Issue No. 372 at www.videha.co.in

समानान्तर परम्पराक विद्यापति- *चित्र विदेह सम्मानसँ सम्मानित श्री पनकलाल मण्डल द्वारा*

मैथिली भाषा जगज्जननी सीतायाः भाषा आसीत्। हनुमन्तः उक्तवान- मानुषीमिह संस्कृताम्।

<u>अक्खर खम्भा (आखर खाम्ह)</u>

तिहुअन खेत्तहि काञि तसु कित्तिवल्लि पसरेइ। अक्खर खम्भारम्भ जउ मञ्चो बन्धि न देइ॥ *(कीर्तिलता प्रथमः पल्लवः पहिल दोहा।)*

माने आखर रूपी खाम्ह निर्माण कऽ ओइपर (*गद्य-पद्य रूपी*) मंच जँ नै बान्हल जाय तँ ऐ त्रिभुवनरूपी क्षेत्रमे ओकर कीर्तिरूपी लत्ती केना पसरत।

शुक्ल यजुर्वेद (२६.२)-यथेमां वाचं कल्याणीमावदानि जनेभ्यः। ब्रह्मराजन्याभ्यां शूद्राय चार्याय च स्वाय चारणाय च।।हम सभ गोटेकें ई पवित्र वाणी (वेदवाणी) सुनाबी। ब्राह्मणकें, क्षत्रियकें, शूद्रकें आ आर्यकें; अपन लोककें आ अपरिचितकें सेहो (माने सभकें)। मुदा ऐ वेदवाक्यक विपरीत मनुस्मृति वेदवाणीक अध्ययन/ श्रवणकें समाजक किछु गोटे लेल निषेध करऽ चाहलक, मुदा स्मृति सेहो वेदवाक्यकें प्रमाण मानैत अछि (शब्द प्रमाण) तें तकर विरुद्ध देल ओकर निर्देश स्वयं अमान्य भऽ जाइत अछि।

Do not judge each day by the harvest you reap but by the seeds that you plant. -Robert Louis Stevenson

----

Videha: Maithili Literature Movement

ʄ

ॐ द्यौ: शान्तिरन्तरिक्ष ग्वंग शान्ति:

ওঁ দ্যৌ: শান্তিৰন্তৰিক্ষ Ẇ শান্তি:

अनुक्रम

ऐ अंकमे अछि:-

१.१.गजेन्द्र ठाकुर- नूतन अंक सम्पादकीय **(पृ. २-५)**

१.२.अंक ३७१ पर टिप्पणी **(पृ. ६-६)**

२.गद्य खण्ड

२.१.परमानन्द लाल कर्ण- गीता माहात्म्य (आगाँ) **(पृ. ९-३३)**

२.२.कुमार मनोज कश्यप-छोड़ल निशानी **(पृ. ३४-३५)**

२.३.आचार्य रामानन्द मण्डल-हिंदू धर्म आ हिंदू विरोध/ प्रेम के जीत **(पृ. ३६-४०)**

२.४.आशीष अनचिन्हार-तीनू कथा- सपना आ भ्रम, घर, काटल कथा **(पृ. ४१-५९)**

२.५.डा. योगानन्द झा- श्री राज किशोर मिश्र ओ हुनक 'प्रलय-पाश' **(पृ. ६०-६५)**

२.६.डॉ किशन कारीगर-.मैथिली मे रचना चोरी के विकट समस्या आ समाधान **(पृ. ६६-६८)**

२.७.लालदेव कामत- १ टा लघुकथा आ ६ टा बिहैन कथा **(पृ. ६९-७२)**

२.८.लालदेव कामत- पोथी समीक्षा एक विमर्श- १.विद्यापति आत्मकथा केर दृष्टिबोध २.पुस्तक समीक्षा: लालू-लीला ३.जगदीश प्रसाद मंडल-उपन्यास "पंगू" **(पृ. ७३-७९)**

२.९.निर्मला कर्ण- अग्नि शिखा (खेप-२१) **(पृ. ८०-८६)**

२.१०.कुन्दन कर्ण- लघुकथा रीढ आ बीहनि कथा हॉट **(पृ. ८७-८९)**

२.११.नन्द विलास राय-वैष्णवे छी **(पृ. ९०-९०)**

२.१२.जगदीश प्रसाद मण्डल- सुचिता (धारावाहिक उपन्यास) **(पृ. ९१-१०६)**

२.१३.जगदीश प्रसाद मण्डल-आब नइ जीब (लघुकथा) **(पृ. १०७-११४)**

२.१४.रबीन्द्र नारायण मिश्र-बदलि रहल अछि सभकिछु (उपन्यास)-धारावाहिक **(पृ. ११५-१२६)**

३.पद्य खण्ड

३.१.राज किशोर मिश्र-फेर आएल जाढ़ **(पृ. १२८-१३१)**

४. अनुलग्नक (पृ. १-४३०)

१.विदेह ई-पत्रिकाक सभटा पुरान अंक Videha e journal's all old issues (पृ. १-२९)

२.मैथिली पोथी डाउनलोड Maithili Books Download (पृ. ३०-८४)

३. मैथिली ऑडियो-वीडियोक संकलन Maithili Audios-Videos (पृ. ८५-९८)

४.मैथिली शिशु, बाल आ किशोर साहित्य Maithili Children Literature (पृ. ९९-११२)

५.विदेह स्त्री कोना (पृ. ११३-१२१)

६. विदेह ई-लर्निङ्ग (पृ. १२२-१३५)

७.विदेह सूचना संपर्क अन्वेषण (including Parallel Literature in Maithili and Videha Maithili Literature Movement) (पृ. १३६-२५८)

८.विदेह मिथिलाक खोज (पृ. २५९-२८५)

९.विदेह मिथिला रत्न (पृ. २८६-४३०)

ॐ द्यौ: शान्तिरन्तरिक्ष ग्वंग शान्तिः पृथ्वी शान्तिराप: शान्तिरोषधय: शान्ति वनस्पतय: शान्तिर्विश्वे देवा: शान्तिर्ब्रह्म

𑓇 𑒠𑓂𑒨𑒾: 𑒬𑒰𑒢𑓂𑒞𑒱𑒩𑒢𑓂𑒞𑒩𑒱𑒏𑓂𑒭 𑓅 𑒬𑒰𑒢𑓂𑒞𑒱𑓁 𑒣𑒵𑒟𑓂𑒫𑒲 𑒬𑒰𑒢𑓂𑒞𑒱𑒩𑒰𑒣: 𑒬𑒰𑒢𑓂𑒞𑒱𑒩𑒼𑒭𑒡𑒨: 𑒬𑒰𑒢𑓂𑒞𑒱 𑒫𑒢𑒮𑓂𑒣𑒞𑒨: 𑒬𑒰𑒢𑓂𑒞𑒱𑒩𑓂𑒫𑒱𑒬𑓂𑒫𑒹 𑒠𑒹𑒫𑒰: 𑒬𑒰𑒢𑓂𑒞𑒱𑒩𑓂𑒥𑓂𑒩𑒯𑓂𑒧

ब्रह्मणसँ प्रार्थना जे द्युलोकमे, अंतरिक्षमे, पृथ्वीपर, जलमे, औषधमे, वनस्पतिमे, विश्वमे, सभ देवतागणमे आ ब्रह्ममे शांति हुअय।

ॐ-ब्रह्मण, द्यौ-सूर्य-तरेगण, अंतरिक्ष- पृथ्वी आ द्यूलोकक बीच, आप:-जल, विश्वेदेवा- सभ देवता, ब्रह्म- सर्जक।

𑒥𑓂𑒩𑒯𑓂𑒧𑒝𑒮𑒿 𑒣𑓂𑒩𑒰𑒩𑓂𑒟𑒢𑒰 𑒖𑒹 𑒠𑓂𑒨𑒳𑒪𑒼𑒏𑒧𑒹, 𑒁𑓀𑒞𑒩𑒱𑒏𑓂𑒭𑒧𑒹, 𑒣𑒵𑒟𑓂𑒫𑒲𑒣𑒩, 𑒖𑒪𑒧𑒹, 𑒌𑒭𑒡𑒧𑒹, 𑒫𑒢𑒮𑓂𑒣𑒞𑒱𑒧𑒹, 𑒫𑒱𑒬𑓂𑒫𑒧𑒹, 𑒮𑒦 𑒠𑒹𑒫𑒞𑒰𑒑𑒝𑒧𑒹 𑒂 𑒥𑓂𑒩𑒯𑓂𑒧𑒧𑒹 𑒬𑒰𑓀𑒞𑒱 𑒯𑒳𑒁𑒨।

𑓇-𑒥𑓂𑒩𑒯𑓂𑒧𑒝, 𑒠𑓂𑒨𑒾-𑒮𑒴𑒩𑓂𑒨-𑒞𑒩𑒹𑒑𑒝, 𑒁𑓀𑒞𑒩𑒱𑒏𑓂𑒭- 𑒣𑒵𑒟𑓂𑒫𑒲 𑒂 𑒠𑓂𑒨𑒴𑒪𑒼𑒏𑒏 𑒥𑒲𑒔, 𑒂𑒣:-𑒖𑒪, 𑒫𑒱𑒬𑓂𑒫𑒹𑒠𑒹𑒫𑒰- 𑒮𑒦 𑒠𑒹𑒫𑒞𑒰, 𑒥𑓂𑒩𑒯𑓂𑒧- 𑒮𑒩𑓂𑒖𑒏।

𑓆

ॐ, स॒हस्र॑शीर्षा॒ पुरु॑षः। स॒ह॒स्रा॒क्षः स॒हस्र॑पात्।

𑓇, 𑒮↓𑒯𑒮𑓂𑒩↑𑒬𑒲𑒩𑓂𑒭𑒰↓ 𑒣𑒳𑒩↑𑒭𑓁। 𑒮↓𑒯↓𑒮𑓂𑒩𑒰↓𑒏𑓂𑒭𑓁 𑒮↓𑒯𑒮𑓂𑒩↑𑒣𑒰𑒞𑓂।

स भूमिं ग्वंग वि॒श्वतों वृ॒त्वा। अत्यं॑तिष्ठद् दशाङ्गु॒लम्॥

𑒮 𑒦𑒴𑒧𑒱𑓀↑ 𑓅 𑒫𑒱↓𑒬𑓂𑒫𑒞𑒼↑ 𑒫𑒵↓𑒞𑓂𑒫𑒰। 𑒁𑒞𑓂𑒨↑𑒞𑒱𑒭𑓂𑒚𑒠𑓂 𑒠𑒬𑒰𑒓𑓂𑒑𑒳↓𑒪𑒧𑓂॥

हजार माथ, हजार आँखि, हजार पएर संग विश्वकेँ आच्छादित केने अछि, दस आंगुरक गनतीक वशमे नै अछि ओ।


ॐ सहस्त्रशीर्षा पुरुषः सहस्त्राक्षः
सहस्त्रपात् ॥ सभूमिं सर्व्वतस्पृत्वा
त्यतिष्ठद्दशाङ्गुलम् ॥

प॒द्भ्याग्ँ॑ शू॒द्रो अं॑जायत॥

𑒣↓𑒠𑓂𑒦𑓂𑒨𑒰𑒑𑓂𑒿↑ 𑒬𑒴↓𑒠𑓂𑒩𑒼 𑒁↑𑒖𑒰𑒨𑒞॥

पएरसँ शूद्रक उत्पत्ति भेल॥

प॒द्भ्यां भूमि॒र्दिशः॒ श्रोत्राँ॑त्।

𑒣↓𑒠𑓂𑒦𑓂𑒨𑒰𑓀 𑒦𑒴𑒧𑒱↓𑒩𑓂𑒠𑒱𑒬𑓁↓ 𑒬𑓂𑒩𑒼𑒞𑓂𑒩𑒰↑↑𑒞𑓂।

मुदा पएरेसँ भूमियोक उत्पत्ति।

❀ (White Florette- innocence and purity)

☸ (Wheel of Dharma)

卐 (Swastik)

꣼ (सिद्धिरस्तु, सिद्धम সিদ্ধিৰস্তু, সিদ্ধম Devanagari Anji)

Ẇ (Gwang ग्वंग- two small circles connected by u and a dot placed over it, used in reference of Vedic texts)

𑓆 (Tirhuta Anji, Ankush of Ganeshji, placed at the beginning of something)

𑓆



१.१.गजेन्द्र ठाकुर- नूतन अंक सम्पादकीय

१.२.अंक ३७१ पर टिप्पणी

१.१.गजेन्द्र ठाकुर- नूतन अंक सम्पादकीय

१

बद्री नाथ राय 'अमात्य' क 'मैथिल भैया करू विचार'

बद्री नाथ राय 'अमात्य' क 'मैथिल भैया करू विचार' बुद्धिनाथ मिश्र जी केर पद्य जकाँ झनझनाइत बजैए, सुमधुर, लय आ तुकबन्दी युक्त, गेय। मुदा ई समानता ओतहि खतम भऽ जाइए, आ जे विपरीतता अबैए से अछि ऐ संग्रहक विषय वस्तु, आ तकर अँखिगर निरीक्षण। आ से अछि बद्री नाथ राय 'अमात्य' क आँखि आ खून दुनूक पॉजीटिव हेबाक कारण, आ से ए बी ओ बा एबी पॉजिटिव नै अछि, ई अछि मिथिला पॉजिटिव। खूनो नै रङो मिथिला केर छन्हि, जातिवादीक उज्जर केश 'डाइ' करा देता मिथिला केर रङमे, जे ओ घोरने छथि।

तन-मन जे घवाह भेल छन्हि आ पोसल कुकुड़ कटाह भेल छन्हि तकर उत्तर चाहियन्हि कविकेँ, आ से उत्तर मैथिलेसँ चाही हुनका। रसक ज्ञानीयेकेँ ओ रसखान कहता। मुदा मात्र प्रश्ने नै ठाढ़ करै छथि, उत्तरो दइ छथि- कादो करब घास के गारब/ अगिला खेती धान करब हम।

बद्री नाथ राय 'अमात्य' विशाखादत्तक मुद्राराक्षसक अमात्य मोन पाड़ि देलन्हि।

२

कल्पना झा- नशामुक्ति हित गाबी गीत

मद्य निषेध विभाग आदि द्वारा नशामुक्ति विषयक कार्यक्रममे हिन्दीमे 'नशामुक्ति गीत' कार्यक्रमक प्रारम्भमे अहाँ सुनने हएब। कल्पना झा मैथिलीमे ७५ टा गीतक एकटा संग्रह लऽ कऽ प्रस्तुत भेली जे मात्र अही विषयपर अछि। लेखकक समाजक समस्यासँ सरोकार रखबाक ई एकटा उदाहरण अछि। आ समस्या जे एक्के संग

मनोवैज्ञानिक आ सामाजिक दुनू अछि। समस्या जे सभ उमेर आ सभ आर्थिक स्थिति बला लोक लेल समान रूपसँ खतरा बनि आयल अछि। अहाँक घरक लोक एकटा खतराक बीच घुमि रहल छथि, आ कोनो काल ई समस्या हुनका झपट्टा मारि अपनामे समाहित कऽ सकै छन्हि। कोकीन, हेरोइन, गाजा, तारी, दारू सँ लऽ कऽ दर्द रोधी दवाइ, आ सुतबाक गोली, भाङ आदि सेहो एकर परिक्षेत्रमे अबैत अछि। कल्पना झा ऐ मे गुटखा आदि सेहो जोड़ि देने छथि। जर्दामे नशा होइते छै, मुदा सरकार गुटखामे जर्दाक मिश्रणपर प्रतिबन्ध लगा देने छै, से गुटखा बनि गेल अछि पान मसाला। मुदा ऐ उत्पादक आब लखनऊ एफ.एम.पर प्रचार एना भऽ रहल अछि- बड़े मियाँ संग छोटे मियाँ फ्री, माने पान मसाला संग चूनक डिब्बी आ जर्दाक पुड़िया अलगसँ फ्री, माने अहाँ पान मसालामे चून आ जर्दा अपनेसँ मिला कऽ गुटखा बना लिअ, उत्पादक मिला कऽ नै देत, कारण सरकार मना केने छै। से बड़े मियाँ भेल पान मसाला आ छोटे मियाँ भेल चून आ जर्दा।

कवि सभ तरहक ड्रग प्रयोगक जानकारी रखैत छथि आ ओकर दुरुपयोगक प्रति सचेत छथि, चाहे सुइया भोकबाक हुअय, सुंघबाक हुअय बा जीहपर लेबाक तरीका हुअय। ई घरकेँ तोड़ैए, समस्याक जडि अछि। मुदा कवि आक, धतूरक औषधीय प्रयोगसँ अवगत छथि आ ओकरा बदनाम नै करबाक आग्रह करै छथि। ओ खैनी सुरती बनि अपन बखान सेहो करै छथि, अपन दुर्गुणक चर्चा करैत छथि। हलाहल शंकरक चर्चाक संग बसन्त आगमन आ मद्यक वेशमे चैन भंगक चर्चा अछि। फेर शंकर आ काली सँ कवि पथ प्रदर्शन करैले सेहो कहै छथि।

तमाकू कृषिपर सेहो अपन दृष्टिकोण कल्पना जी रखने छथि। मुदा एतऽ तमाकू कृषिक आलोचनामे बाहरी देशसँ सिगरेटक बढ़ैत तस्करीपर हुनकर ध्यान नै गेलनि। तमाकू कृषकक जन्तर-मन्तरपर आन्दोलन आ ऑटोक पाछाँमे तमाकू कृषकक कनैत कल जोड़ने आकृति दिल्ली नग्रमे हमरा अभरल अछि। सिगरेटपर अनाप-शनाप् टैक्ससँ जे सिगरेट तस्कर माफियाक नव वर्ग उत्पन्न भेल अछि तकर कारण तमाकू कृषक ऐ तरहक लॉबीकेँ मानैत छथि जे हुनका लोकनिकेँ (तमाकू कृषककेँ) विलेन बना

कऽ ऐ तस्कर माफियाकेँ फायदा पहुँचा रहल अछि, आ ओइ छद्म प्रचारक शकार भेली कल्पना झा।

जँ अहाँ एलीट सिगरेट लॉबीसँ गप करब तँ ओ की अहाँकेँ पूछत आ अहाँक उत्तर की हएत से प्रश्नोत्तरी नीचाँ देल जा रहल अछि-

-की अहाँ सिगरेट पिबै छी?

-नै।

-कियो सिगरेट नै पीबि रहल अछि, हमर छोटका भाइ सिगरट नै पिबैत अछि। हम कॉलेजमे सिगरेट पिबैत रही आब नै पिबै छी। सिगरेट इण्डस्ट्री मरि रहल अछि।

जँ अहाँ एलीट बीड़ी लॉबीसँ गप करब तँ ओ की अहाँकेँ पूछत आ अहाँक उत्तर की हएत से प्रश्नोत्तरी नीचाँ देल जा रहल अछि-

-की अहाँ बीड़ी पिबै छी?

-नै।

-कियो आब बीड़ी नै पिबैए, रिक्शोबला आब सिगरेटे पिबैए। बीड़ी उद्योग मरि रहल अछि।

डी.आर.आइ. केर रिपोर्टक मोताबिक २०२१-२२ मे ११ करोड़ सिगरेट स्टिककेँ जब्त कएल गेल, ई सस्तौआ सिगरेट तस्करीसँ आनल जा रहल छल। एकर कइएक गुणा माल पकड़ल नै जा सकल हएत। बिहारमे मद्य निषेधक बाद किछु दिन तँ सभ ठीक रहल, मुदा आब गामे-गाममे एकटा अपराध नेटवर्क बनि गेल अछि जे गामे-गाम दारू उपलब्ध करबैत अछि। तँ मद्य-निषेधक गीत गौनिहारकेँ अहाँ अपराध नेटवर्क लेल लॉबी ग्रुप मानब? उत्तर अछि नै, मुदा हुनकर उपयोग कएल गेलन्हि से तँ मानैये पड़त।

कारण कवि आक, धतूरक औषधीय प्रयोगसँ अवगत छथि आ ओकरा बदनाम नै करबाक आग्रह करैत छथि तेँ हमरा लगैए जे देशमे बनल सिगरेट (डिमेरिट गुड्स) पर अत्यधिक टैक्स लगलासँ होइत विदेशी सिकरेटक तस्करी आ तकर परिणामस्वरूप तमाकूक कृषकक दुर्दशापर जँ ध्यान रखितथि तँ आर नीक रहैत। कल्पना झा अपन हित-अपेछितक नशा प्रयोगसँ चिन्तित छथि, नशामुक्ति हित लेल गीत गाबि रहल छथि। जँ अहूँ ऐ लेल चिन्तित छी तँ अहूँकेँ बुझबाक चाही जे ई नशाक आदति केना लागै छै, एकर दुरुपयोग केना शुरू होइ छै आ बढ़िते जाइ छै। तइ लेल ई पोथी उपयोगी हएत। जँ अहाँ स्वयं नशा कऽ रहल छी आ ऐ सँ मुक्ति चाहै छी तँ ई पोथी अहाँ केँ बुझबामे मदति देत जे केना ऐ समस्यासँ लड़ी आ जीती आ अपन जीवनपर नशाक नियंत्रण सँ मुक्त होइ।

-Gajendra Thakur, editor, Videha (be part of Videha www.videha.co.in -send your WhatsApp no to +919560960721 so that it can be added to the Videha WhatsApp Broadcast List.)

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com पर पठाउ।

१.२.अंक ३७१ पर टिप्पणी

मनोज ठाकुर

मिथिला मैथिल जोड़बाक मे आहाक बहुत नीक पहल, धन्यबाद। एक विशेषांक मिथिलाक देवी देवताक महत्व आ आजुक समय मे ओकर स्थान पर आधारित होबक चाही एहन अपेक्षा अहि।

कल्पना झा

प्रथमदृष्टया नीक विषय वस्तु सँ युक्त अंक लागि रहल अछि। सार्थक पहल अछि विदेहक विशेषांक सभ।

लक्ष्मण झा 'सागर'

बहुत नीक आलेख सब जुटाय लेने छी। एतेक व्यस्त जीवन मे मैथिली साहित्यक प्रति एहेन रुचि आ एते बरका बरका काज हाथ मे ल के तकरा सही समय मे सम्पादित कय लैत छी से अहाँ आ अहाँक टीम सं संभव भ रहल अछि। अहाँक जज्वा आ जुनुंन के हम सलाम करैत छी! बधाइ!!

प्रियंका मिश्र

सहृदय धन्यवाद! 'विदेह'क माध्यमसँ बहुत किछु सिखबाक, बुझबाक अवसरि संग हमरा सभकेँ मार्गदर्शन सेहो होएत। हमर सभक प्रयास रहत जे अपनामे निरंतर सुधारक संग काज करबाक प्रयास करी।

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

२.गद्य खण्ड

२.१.परमानन्द लाल कर्ण- गीता माहात्म्य (आगाँ)

२.२.कुमार मनोज कश्यप-छोड़ल निशानी

२.३.आचार्य रामानन्द मण्डल-हिंदू धर्म आ हिंदू विरोध/ प्रेम के जीत

२.४.आशीष अनचिन्हार-तीनू कथा- सपना आ भ्रम, घर, काटल कथा

२.५.डा. योगानन्द झा- श्री राज किशोर मिश्र ओ हुनक 'प्रलय-पाश'

२.६.डॉ किशन कारीगर-.मैथिली मे रचना चोरी के विकट समस्या आ समाधान

२.७.लालदेव कामत- १ टा लघुकथा आ ६ टा बिहैन कथा

२.८.लालदेव कामत- पोथी समीक्षा एक विमर्श- १.विद्यापति आत्मकथा केर दृष्टिबोध २.पुस्तक समीक्षा: लालू-लीला ३.जगदीश प्रसाद मंडल- उपन्यास "पंगू"

२.९.निर्मला कर्ण- अग्नि शिखा (खेप-२१)

२.१०.कुन्दन कर्ण- लघुकथा रीढ आ बीहनि कथा हॉट

२.११.नन्द विलास राय-वैष्णवे छी

२.१२.जगदीश प्रसाद मण्डल- सुचिता (धारावाहिक उपन्यास)

२.१३.जगदीश प्रसाद मण्डल-आब नइ जीब (लघुकथा)

२.१४.रबीन्द्र नारायण मिश्र-बदलि रहल अछि सभकिछु (उपन्यास)-धारावाहिक

२.१.परमानन्द लाल कर्ण- गीता माहात्म्य (आगाँ)

Scan 03 Jun 23 16:57:50

Friday, 2 June 2023 12:22 PM

শ্রী

গীতা মাহাত্ম্য
(পদ্ম পুরাণ উত্তর খণ্ড)
দোসর অধ্যায়

শ্রী ভগবান কহলথিন - লক্ষ্মী. পহিল
অধ্যায়ক মাহাত্ম্যক উত্তম উপাখ্যান
হম অহাঁ কেঁ সুনা দেলহুঁ। আব দোসর
অধ্যায় কেঁ মাহাত্ম্যক শ্রবণ করু। দক্ষিণ
দিশ বেদবেত্তা ব্রাহ্মণ লোকনিক পুরন্দ-
রপুর নাম সঁ এক নগর মে শ্রীমান্
দেবশর্মা নাম সঁ এক বিদ্বান ব্রাহ্মণ
রহৈত ছলাহ। ও অতিথী লোকনিকক
পূজক, স্বাধ্যায়শীল বেদশাস্ত্রক
বিশেষজ্ঞ, যজ্ঞক অনুষ্ঠান করৈবলা
আ তপস্বী লোকনিকক সদিখন
প্রিয় ছলাহ। ও উত্তম দ্রব্য সঁ আগি
মে হবন কএকে কতেকো দেব থবি

দেবতা কেঁ দৃষ্ট কেলথিন। সদা
ও ধর্মমে চাঞ্চল্য কেঁ কখনহুঁ শান্তি
নহি মিললৈন। ও পরম কল্যাণময়
তত্ত্বক জ্ঞান প্রাপ্তিক আশা সঁ সবদিন
দেব সামগ্রী সঁ সন্ত সঙ্কল্প বালা
তপস্বী লোকনিকক সেবা করই
লগলাহ। এহি প্রকার শুভ আচরণ
করৈত হুনকা কতেকো সময় বীত
গেল। তদনন্তর এক দিন পৃথ্বী পর
হুনকা লগ এক ত্যাগী মহাত্মা
প্রকট ভেলাহ। ও পূর্ণ অন্তর্বর্তী,
আকাঙ্ক্ষা রহিত নাসিকাক অগ্র
ভাগ পর নজরি রাখই বালা আ
শান্ত চিত্ত চলাহ। সদিখন পরমা-
লোক চিন্তন মে লাগল আনন্দ
বিভোর রহৈত চলাহ। দেবশর্মা তাহি
নিত্যসন্তুষ্ট তপস্বী কেঁ শ্রদ্ধাভাব সঁ

𑒣𑓂𑒩𑒝𑒰𑒧 𑒏𑓄 𑒣𑒳𑒕𑒪𑒟𑒱𑒢 - 𑒧𑒯𑒰𑒬𑓂𑒩𑒧𑒹𑒢 ।
𑒃𑒮𑒩𑒰 𑒬𑒰𑒢𑓂𑒞𑒱𑒧𑒨𑒲 𑒮𑓂𑒟𑒱𑒞𑒱 𑒏𑒼𑒢𑒰 𑒦𑒹𑒪 ।
𑒞𑒐𑒢 𑒂𑒞𑓂𑒧𑒖𑓂𑒘𑒰𑒢𑒲 𑒮𑓀𑒞 𑒠𑒹𑒫𑒬𑒩𑓂𑒧𑒰 𑒏𑒹𑒿
𑒮𑒼𑒢𑒣𑒳𑒩 𑒑𑒰𑒿𑒫𑒏 𑒢𑒱𑒫𑒰𑒮𑒲 𑒧𑒱𑒞𑓂𑒩𑒫𑒰𑒢𑒏
𑒣𑒩𑒱𑒔𑒨 𑒠𑒹𑒪𑒟𑒱𑒢 𑒖𑒹 𑒥𑒏𑒩𑒲𑒏 𑒔𑒩𑒥𑒰𑒯
𑒕𑒪 𑒂 𑒏𑒯𑒪𑒟𑒱𑒢 - 𑒫𑒋𑒯 𑒁𑒣𑒢𑒹𑒏
𑒅𑒣𑒠𑒹𑒬 𑒠𑒹𑒞𑒰𑒯 ।
𑒞𑒰 𑒮𑒳𑒢𑒱 𑒠𑒹𑒫𑒬𑒩𑓂𑒧𑒰 𑒧𑒯𑒰𑒬𑓂𑒩𑒧𑒏 𑒔𑒩𑒝
𑒫𑒢𑓂𑒠𑒢𑒰 𑒏𑓄 𑒮𑒧𑒵𑒠𑓂𑒡𑒱𑒬𑒰𑒪𑒲 𑒮𑒼𑒢𑒣𑒳𑒩 𑒑𑒰𑒿𑒫
𑒣𑒯𑒳𑒿𑒔𑒱 𑒍𑒏𑒩 𑒅𑒞𑓂𑒞𑒩 𑒠𑒱𑒬 𑒋𑒏𑒙𑒰 𑒫𑒱𑒬𑒰𑒪
𑒫𑒢 𑒠𑒹𑒐𑒪𑒟𑒱𑒢 । 𑒍𑒯𑒱 𑒫𑒢 𑒧𑒹 𑒢𑒠𑒲𑒏
𑒏𑒕𑒹𑒩 𑒋𑒏𑒙𑒰 𑒣𑒰𑒟𑒩 𑒣𑒩 𑒧𑒱𑒞𑓂𑒩𑒫𑒰𑒢
𑒥𑒻𑒮𑒪 𑒕𑒪𑒰𑒯 । 𑒯𑒳𑒢𑒏𑒩 𑒂𑒿𑒐𑒱 𑒂𑒢𑒢𑓂𑒠𑒰-
𑒞𑒱𑒩𑒹𑒏 𑒮𑒿 𑒢𑒱𑒬𑓂𑒔𑒪 𑒦𑓄 𑒩𑒯𑒪 𑒕𑒪 । 𑒍
𑒁𑒣𑒢 𑒢𑒖𑒩𑒱 𑒮𑒿 𑒠𑒹𑒐𑒱 𑒩𑒯𑒪 𑒕𑒪𑒰𑒯 ।
𑒍 𑒮𑓂𑒟𑒰𑒢 𑒂𑒣𑒮𑒏 𑒮𑓂𑒫𑒰𑒦𑒰𑒫𑒱𑒏 𑒫𑒻𑒩𑒱
𑒕𑒼𑒛𑓃𑒱 𑒋𑒏 𑒚𑒰𑒧 𑒖𑒧𑒰 𑒦𑓄 𑒣𑒩𑒮𑓂𑒣𑒩

[illegible]
ग्राम उद्यान मे हरा सिसकि रहल छल।
मृगक झुंड शान्त भाव सँ बैसल छल।
मिथिलाक दया सँ भरल आनन्दमयी
मनोहारिणी नजरि सँ पृथ्वी परमात्म
अमृत छीटि रहल छलाह एहि रूप मे
जनका देखि देवशर्माक मन प्रसन्न
भऽ गेल। ओ उठिक भऽ विनयपूर्वक
मिथिलाक लग गेलाह। मिथिलाक सेहो
माथ झुका कऽ देवशर्मा केँ सत्कार
केलथिन। तदन्तर विद्वान देवशर्मा
अनन्य चित्त सँ मिथिलाक लग गेलाह।
जखन जनक ध्यानक समय समाप्त
भेल तखन देवशर्मा अपन मनक
बात पुछलथिन - महाराज हम आत्मलोक
ज्ञान प्राप्त करऽ चाहैत छी। हमरा
एहि मनोरथक पूर्तिक लेल एहन
उपायक उपदेश दिअ जाहि सँ

উমরা সিদ্ধি মিল সকে।
দেবশর্মাক বাত সুনি মিশ্রজান থোড়েক
দের কিছু সোচলেথ ওকর বাদ এহি
প্রকারে কহলথিন - বিহ্বল এক সময়
ক বাত অছি ওম জংগল মে বকরীক
রক্ষা কহ রহল ছলাহুঁ তখন এক টা
বাঁঘ পর ওমর নজরি পড়ল। ও
তেহন ভয়ংকর ছল জে মানুষ ও
সবকেঁ খা জায়ত। ওম মৃত্যু সঁ
ডরেত ছলাহুঁ তেঁ বাঁঘ কেঁ আবেত
দেখি বকরীক ঝুণ্ড কেঁ আগু কহ
ওহি ঠাম সঁ পরা গেলাহুঁ। মুদা এক
টা বকরী তুরংত সব ভয় কেঁ ত্যাগি
নদীক কাছের মে বাঁঘ লগ রেবোক
থোক চলি গেলীহ। যেহি তহ বাঘ
সেহো সব ত্বেষ ছোড়ি চুপচাপ
ঠাড় ভহ গেল। বাঁঘ কেঁ এহি অবস্থা

मे देखि बकरी कहलथिन - हे बाघ
अपनेक द्वारा अतिथि भोजनमिलन
अछि। हमरा शरीर सँ माउस निकालि
अहाँ प्रेम पूर्वक खाउ। अहाँ एतेक
देर सँ किए ठाढ़ छी। अहाँक मन
मे हमरा खायक विचार किएनहि
होयत अछि।
बाघ कहलनि - बकरी एहि ठाम आबि-
तहि हमरा मन सँ द्वेषक भाव निकलि
गेल अछि। भूख प्यास सेहो मरि गेल
अछि। तेँ नञ मे आबि तक आब हम
अहाँ केँ भक्षण करब नहि चाहैत
छी। बाघ केँ एना कहला पर बकरी
कहलैन्हि - हम नहि जानैत छी जे
हम कोना निर्भय भऽ गेलहुँ अछि।
एकर कोन कारण भऽ सकैत अछि।
जौं अहाँ जानैत छी तऽ कहल बताउ।

তা স্থান বোধ কইলনি - হম সেহো
নহি জানৈত ছী। চন্দ্র সোমা মে
ঠাঢ় ভেল মহাপুরুষ সঁ পুছৈত ছী।
এখন নিশ্চয় কএ ও হুনৰ ওহি ঠাম
সঁ চললাহ। হুনকা হুনক স্বভাব
মে জা বিচিত্র পৰিবৰ্তন দেখি
হম বিস্ময় মে পড়ল ছলহুঁ। তখনহি
ও সব হমৰা লগ আবি প্রশ্ন কেলনি।
ওহি ঠাম গাছক ডাঢ়ি পৰ এক টা
বানৰৰাজ বৈসল ছলাহ। হুনকা
হুনক সংগ হম সেহো বানৰৰাজ সঁ
পুছলহুঁ। হে বিপ্রবৰ হমৰা পুছলা
পৰ বানৰৰাজ কহলনি - হে অজাপা-
ন . মন্ত্র . এহি বিষয় মে হম অহাঁ কে
প্ৰধান চূড়ান্ত সুনাবৈত ছী। এহি
সোমা মে বনক অন্দৰ জে শ্ৰেষ্ঠ
মন্দিৰ অছি ওকৰা দেখু। এহি
মন্দিৰ মে ঠাকুৰজী যঁ স্থাপিত



कथन एकटा शिव लिंग अछि ।
पहिने एहि ठाम सुकर्मा नाम
सँ एकटा बुद्धिमान महात्मा
रहैत छलाह जे तपस्या मे संल-
ग्न भऽ एहि मन्दिर मे उपासना
करैत छलाह। ओ वन सँ फूल तोड़ि
कऽ आ नदिक जल सँ पूजनीय
भगवान शंकर केँ स्नान कराके
हुनकर पूजा करैत छलाह। एहि
प्रकारे आराधना करैत ओहि ठाम
सुकर्मा रहैत छलाह। किछु समय
बाद हुनका लग एकटा अतिथिक
आगमन भेल। सुकर्मा भोजनक
लेल फल नइ केँ अतिथि केँ
अर्पित कएलथिन आ कहलथिन-
हे द्विज, हम केवल तत्त्वज्ञानक
इच्छा सँ भगवान शंकरक आराध-

ना करैत छी। आजा एहि आरा-
धनाक फल परिपक्व भऽ उमरा भेटि
गेल किएक तऽ अखन अहाँ एहन
महापुरुषक उमरा पर अनुग्रह भेल
अछि।

सुकर्मा जा मन्त्रक रचना अनिवर्चनीया-
क ध्वनि महात्मा अतिथि केँ बड़ खुशी
भेलनि। ओ एकर्थ मिथिलाखण्डक
गीताकोदासक अध्याय निज देलथिन।
टीकाकेँ ओकर पाठ आ अभ्यास-
क लेल आज्ञा दैत कहलथिन-हे
टीका एहि सँ अपनेक आयोजन
सँ सम्बन्धित मनोरथ अपने आप सफल
भऽ जायत। जा कहि ओ बुद्धिमान तपस्वी
सुकर्माकेँ सोझा मे देखैत देखैत
अन्तर्धान भऽ गेलाह। सुकर्मा निश्चित
भऽ उनका आदेशानुसार निरन्तर

গীতা দোসর অধ্যায়ক অভ্যাস
করয় লগলাহ। তদনন্তর কিছু সময়ক
পশ্চাত অন্ত করল মুক্ত ভয় জনকা
আত্মজ্ঞানক প্রাপ্তি ভেলনি। জেহিও
জতয় - জতয় গেলথিন ততয় - ততয়কে
তপোবন শান্ত ভয় গেল। শীত-উষ্ণ
আ রাগ দ্বেষ সব বাধা দূর ভয় গেল।
এতবে নহি ওহি ঠাম হিংস্র পশুসক
কষ্ট ধমে ভয় গেল আ ভয় সেহো
সমাপ্ত ভয় গেল। ভা সব দোসর
অধ্যায়ক জপ করয়বালা স্বকর্ম
ত্যাগফলক তপস্যাক প্রভাব সমস্ত।
মিত্রবান কহলথিন - বানররাজ
কেঁ ধন্য কহলা পর প্রসন্নপূর্বক কঁকরী
আ বাঘ সংগ হম ওহি মন্দির দিস
চলি গেলহুঁ। ওহি ঠাম শিলাখণ্ড পর
লিখল গীতাক দোসর অধ্যায় কেঁ
হম দেখলহুঁ আওর পঢ়লহুঁ। ওকরে

बेरि - बेरि पढ़लासँ हम उपन्यासक
पार पाबि लेलहुँ तेँ हे ज्ञानवृद्ध
अहाँ सेहो सदिखन गीताक दोसर
अध्यायक पाठ करू। एना करबासँ
पर मुक्ति अहाँ सँ दूर नहि रहत।
श्री भगवान कहलथिन - प्रिये,
मित्रवानक आदेश पर देवशर्मा
हुनका पूजन व प्रणाम कए पुरन्दर
पर दिस चलि गेलाह। ओहि ठाम
कोनो देवालय मे पूरेज्ञि आमे-
ज्ञानी महात्मा केँ पाबि ओ सब
वृत्तान्त कहलथिन। आ सबसँ पहिने
हुनके सँ गीताक दोसर अध्याय
के पढलथिन हुनके उपदेश सँ
श्रद्धा अनु करबा यज्ञ स्वकर्म सब दिन
श्रद्धा सँ दोसर अध्यायक पाठ करए
लगलाह। तखन ओ अनवद्य परमपद

কেঁ প্রাপ্ত কেলনি ।

—— ০ ——

পরমানন্দ লাল কর্ণ

গীতা মাহাত্ম্য
(প্রেম প্রবাহ উত্তর খণ্ড)

তেসর অধ্যায়

শ্রী ভগবান কহলথিন - প্রিয়ে , জনস্থান মে জড় নাম সঁ একটা ব্রাহ্মণ ছলাহ , জে কৌশিক বংশ মে উৎপন্ন ভেল ছলথি । ও অপন জাতীয় ধর্ম ছোড়ি কঽ বনিয়াক কাম করৈত ছলাহ । ও দোসর স্ত্রীক

সংগ ব্যভিচার করইক ব্যসন মে পড়ি গেলাহ। ও সদিখন জুআ খেলেত, মদিরা পীবেত আ শিকার কই জীবক হত্যা করেত ছলাহ। এহি প্রকারে ওনকর সময় বীতেত ছল। ধন নষ্ট ভই গেলা পর ও ব্যাপারক লেল সমুদ্র উত্তর দিশ চলি গেলাহ। ওহি ঠাম সঁ ধন কমা কই ঘর দিশ চললাহ। কিছু দূর চললাক বাদ সব দিশ অন্হার ভই গেল তখন একটা গাছক নীচা ব্যর্থ সব ধৈর্য দবা কেঁ প্রাণ লই লেলকেন্হ। ওনকর ধর্মক লোপ ভেলাক কারণে ও ভয়ানক প্রেত যোনি মে জন্ম লেলথি।

ওনকর পুত্র বড় ধর্মাত্মা আ বেদক বিদ্বান ছলাহ। ও সখন ধরি

𑒣𑒱𑒞𑒰𑒏 𑒪𑒾𑒙𑒏 𑒥𑒰𑒙 𑒠𑒹𑒐𑒻𑒞 𑒕𑒪𑒰𑒯।
𑒖𑒐𑒢 𑒍 𑒢𑒯𑒱 𑒋𑒪𑒟𑒱𑒢 𑒞𑒐𑒢 𑒯𑒳𑒢𑒏𑒩
𑒣𑒞𑒰 𑒪𑒑𑒰𑒥𑒨 𑒪𑒹𑒪 𑒁𑒣𑒢𑒹 𑒮𑒹𑒯𑒼
𑒒𑒩 𑒕𑒼𑒛𑓃𑒱 𑒔𑒪𑒱 𑒠𑒹𑒪𑒰𑒯। 𑒍 𑒮𑒥 𑒠𑒱𑒢
𑒯𑒳𑒢𑒏𑒩 𑒐𑒼𑒖 𑒏𑒩𑒻𑒞 𑒕𑒪𑒟𑒱𑒢 𑒧𑒳𑒠𑒰
𑒩𑒰𑒯𑒑𑒲𑒩 𑒮𑒿 𑒣𑒳𑒕𑒪𑒰 𑒣𑒩 𑒮𑒹𑒯𑒼 𑒏𑒼𑒢𑒼
𑒮𑒧𑒰𑒔𑒰𑒩 𑒢𑒯𑒱 𑒧𑒱𑒪𑒻𑒞 𑒕𑒪𑒢𑒱। 𑒞𑒠𑒢𑒢𑓂𑒞𑒩
𑒋𑒏 𑒠𑒱𑒢 𑒋𑒏𑒙𑒰 𑒩𑒰𑒯𑒑𑒲𑒩 𑒮𑒿 𑒯𑒳𑒢𑒏𑒰
𑒦𑒹𑓀𑒙 𑒦𑒹𑒪𑒢𑒱 𑒖𑒹 𑒯𑒳𑒢𑒏𑒩 𑒣𑒱𑒞𑒰𑒖𑒲𑒏
𑒮𑒯𑒰𑒨𑒏 𑒕𑒪𑒰𑒯। 𑒯𑒳𑒢𑒏𑒰 𑒮𑒿 𑒮𑒥 𑒯𑒰𑒪
𑒖𑒰𑒢𑒱 𑒣𑒱𑒞𑒰𑒏 𑒧𑒵𑒞𑓂𑒨𑒳 𑒣𑒩 𑒠𑒳𑓁𑒐 𑒦𑒹𑒪𑒢𑒱।
𑒍 𑒥𑒳𑒠𑓂𑒡𑒱𑒧𑒰𑒢 𑒕𑒪𑒰𑒯। 𑒏𑒱𑒕𑒳 𑒠𑒹𑒩𑒱 𑒮𑒼𑒔𑒱
𑒥𑒱𑒔𑒰𑒩𑒱 𑒏𑒹𑒿 𑒣𑒱𑒞𑒰𑒏 𑒣𑒰𑒩𑒪𑒾𑒏𑒱𑒏
𑒏𑒩𑓂𑒧 𑒏𑒩𑒥𑒰𑒏 𑒃𑒔𑓂𑒕𑒰 𑒮𑒿 𑒮𑒥 𑒂𑒫𑒬𑓂𑒨𑒏
𑒮𑒰𑒧𑒑𑓂𑒩𑒲 𑒪𑓄 𑒏𑒹 𑒍 𑒏𑒰𑒬𑒲 𑒖𑒨𑒥𑒰𑒏
𑒥𑒱𑒔𑒰𑒩 𑒏𑒹𑒪𑒢𑒱। 𑒥𑒰𑒙𑒹 𑒧𑒹 𑒩𑒳𑒏𑒻𑒞
𑒮𑒰𑒞-𑒂𑒚 𑒠𑒱𑒢 𑒔𑒪𑒪𑒰𑒏 𑒥𑒰𑒠 𑒢𑒩𑒧

দিন ওহি গাছ লগ পহুঁচলাহ জাহি
ঠাম জনকর পিতাজী মারল গেল
ছলাহ। ওহি ঠাম ও সন্ধ্যোপাসনা
কয় গীতাক তেসর অধ্যায়ক পাঠ
কেলথিন। তখনহি আকাশ মে
ভয়ংকর আবাজ ভেল। ও অপন পিতাজী
কেঁ ভয়ংকর আকাশ মে দেখলথিন।
ফেরি তুরংতহি অপনা সামনে আকাশ
মে একটা নীল বিমান সেহো
দেখলথিন জে তেজ সঁ ব্যাপ্ত ছল।
তাহি মে কতেকো ঘণ্টী লাগল ছল।
বিমানক তেজ সঁ সব দিশা আলোকিত
ভয় রহল ছল তা দৃশ্য দেখি জনকর
চিত্তক চঞ্চলতা দূর ভয় গেল। ও বিমান
পর অপন পিতাজী কেঁ দিব্য রূপ
মে বৈসল দেখলথিন। হুনকা শরীর
পর পীতাম্বর শোভায়মান ছল আ
মুনি লোকনি জনকর স্তুতি কয় রহল

ছলনি। হুনকা দেখি পুত্র প্রণাম কেলথিন। তখন পিতাজী সেহো হুনকা আশীর্বাদ দেলথিন।

তকর বাদ ও পিতাজী সঁ সব বাত পুছলথিন। তখন হুনকর পিতাজী সব বাত এনা কহলথিন- বেটা. দিনেশ হমরা লগ গীতাক তেসর অধ্যায়ক পাঠ কঽ অহাঁ হমরা সঁ কখন গেল ইস্কুল কর্মকি বন্ধন সঁ ছোড়া দেলক। আব অহাঁ ঘর জাউ কিএক তঽ জাহি লেল অহাঁ কাশী জাইত ছলহুঁ ও প্রয়োজন গীতাক তেসর অধ্যায়ক পাঠ সঁ সিদ্ধ ভঽ গেল অছি। পিতাজীক এনা কহলা পর পুত্র পুছলথিন - তাত. অহাঁ হমরা হিতক উপদেশ দিঅ আ কোনো কাম জে হমরা লেল হোইত সে বতাউ। তখন

𑒣𑒱𑒞𑒰𑒖𑒲 𑒏𑒯𑒪𑒟𑒱𑒢 - 𑒁𑒢𑒒, 𑒁𑒯𑒰𑒿
𑒍𑒯𑒢𑒹 𑒏𑒰𑒧 𑒖𑒳𑒢𑒱 𑒏𑒩𑒥। 𑒯𑒧 𑒖𑒹 𑒏𑒩𑓂𑒧
𑒏𑒨𑒪𑒯𑒳𑒿 𑒁𑒕𑒱 𑒞𑒰𑒯𑒱 𑒏𑒩𑓂𑒧 𑒯𑒧𑒩 𑒂𑒞𑓂𑒧𑒰
𑒮𑒹𑒯𑒼 𑒏𑒹𑒯𑒹𑒢 𑒕𑒪𑒰𑒯। 𑒍 𑒒𑒼𑒩 𑒢𑒩𑒏 𑒧𑒹
𑒣𑒛𑓃𑒪 𑒕𑒟𑒱। 𑒯𑒳𑒢𑒏𑒩 𑒅𑒠𑓂𑒡𑒰𑒩 𑒮𑒹𑒯𑒼
𑒁𑒯𑒰𑒿 𑒏𑒹𑒿 𑒏𑒩𑒥𑒰𑒏 𑒔𑒰𑒯𑒲 𑒂 𑒁𑒣𑒢𑒰
𑒪𑒑𑒏 𑒂𑒍𑒩 𑒖𑒞𑒹𑒏 𑒪𑒼𑒏𑒢𑒱 𑒢𑒩𑒏
𑒧𑒹 𑒣𑒛𑓃𑒪 𑒕𑒟𑒱 𑒯𑒳𑒢𑒏𑒰 𑒮𑒦 𑒏𑒹𑒿 𑒅𑒠𑓂𑒡𑒰𑒩
𑒁𑒯𑒰𑒿 𑒮𑒿 𑒦𑓄 𑒖𑒹𑒥𑒰𑒏 𑒔𑒰𑒯𑒲 𑒍𑒯𑒢𑒹 𑒯𑒧𑒩
𑒧𑒢𑒼𑒩𑒟 𑒁𑒕𑒱। 𑒫𑒻𑒭𑓂𑒝 𑒖𑒰𑒯𑒱 𑒮𑒰𑒡𑒢
𑒮𑒿 𑒁𑒯𑒰𑒿 𑒯𑒧𑒩𑒰 𑒮𑓀𑒏𑒙 𑒮𑒿 𑒕𑒼𑒛𑓃𑒹𑒢𑒹 𑒁𑒕𑒱
𑒍𑒏𑒩𑒹 𑒁𑒢𑒳𑒭𑓂𑒚𑒰𑒢 𑒪𑒼𑒏𑒮𑒦𑒏 𑒪𑒹𑒪 𑒏𑒩𑒢𑒰𑒍
𑒅𑒔𑒱𑒞 𑒁𑒕𑒱। 𑒍𑒏𑒩𑒹 𑒁𑒢𑒳𑒭𑓂𑒚𑒰𑒢 𑒏𑓄 𑒁𑒯𑒰𑒿
𑒁𑒩𑓂𑒖𑒱𑒞 𑒣𑒳𑒝𑓂𑒨 𑒏𑒹𑒿 𑒢𑒰𑒩𑒏𑒲 𑒖𑒲𑒫 𑒏𑒹𑒿
𑒮𑓀𑒏𑒪𑓂𑒣 𑒏𑓄 𑒏𑓄 𑒠𑓄 𑒠𑒱𑒁। 𑒖𑒰𑒯𑒱 𑒮𑒿
𑒮𑒧𑒮𑓂𑒞 𑒣𑒴𑒩𑓂𑒫𑒖 𑒯𑒧𑒩𑒰 𑒖𑒏𑒰𑒿 𑒨𑒰𑒞𑒢𑒰 𑒮𑒿
𑒧𑒳𑒏𑓂𑒞 𑒦𑓄 𑒏𑒧 𑒮𑒧𑒨 𑒧𑒹 𑒬𑓂𑒩𑒲 𑒫𑒱𑒭𑓂𑒝𑒳𑒏𑒣𑒩𑒧

पदधार केलाह ।

पिताजीक ई संदेश सुनि पुत्र कहलथिन - तात जौं एहन बात अछि आ अपनेक इच्छा अछि तइ हम समस्त नारकी जीव कें नरक सँ उद्धार कऽ देब । ई सुनि हुनकर पिताजी कहलथिन बेटा एवमस्तु. अहाँक कल्याण हो। हमर अन्तिम प्रिय काम सम्पन्न भऽ गेल । एहि प्रकारे पुत्र कें आश्वासन दऽ हुनकर पिताजी भगवान विष्णुक परमधाम चलि गेलाह । तत्पश्चात ओ सेहो नैमिष कें घर आबि गेलाह । तकर बाद परम सुन्दर भगवान श्री कृष्ण मन्दिर मे हुनका सोझा मे बैसि पिताजीक आदेशानुसार गीताक तेसर अध्यायक पाठ करऽ लगलाह। नारकी जीवक उद्धार कें लेल गीता जनित सब पुण्य आ संकल्प कऽ

के अनका दइ देलथीन।

एहि रीति भगवान विष्णुक दूत यातना भोगइवाला नारकी जीव कें छोड़बइक लेल यमराज लग गेलथिन। यमराज कतेको प्रकार सँ सत्कार कइ अनकर पूजन केलथिन आ लक्ष्मणक्षेम पुछलथिन। ओ कहलनि धर्मराज, हमरा लेल सब दिशसँ आनन्दहि आनन्द अछि। एहि प्रकार सत्कार कइ पितृलोकक सम्राट परम बुद्धिमान यमराज विष्णुदूत सँ यमलोक आबइक कारण पुछलथिन।

तखन विष्णुदूत कहलनि - यमराज, शेषशय्या पर विराजमान भगवान विष्णु हमरा लोकनि कें अहाँ लग किछु सन्देश देबाक लेल भेजलथि अछि। भगवान हमरा लोकनि के अहाँ सँ

𑒬𑒰𑒮𑒢𑒏𑓂𑒭𑒹𑒧 𑒣𑓂𑒩𑒔𑒪𑒢𑒱 𑒁𑒕𑒱 𑒂 𑒂𑒖𑓂𑒘𑒰 𑒠𑒹𑒢𑒹 𑒁𑒕𑒱 𑒖𑒹 𑒢𑒩𑒏 𑒧𑒹 𑒣𑒛𑓃𑒪 𑒮𑒧𑒮𑓂𑒞 𑒣𑒰𑒣𑒲 𑒏𑒹𑒿 𑒕𑒼𑒛𑓃𑒱 𑒠𑒹𑒪 𑒖𑒰𑒅।

𑒁𑒧𑒱𑒞𑒞𑒹𑒖𑒮𑓂𑒫𑒲 𑒦𑒑𑒫𑒰𑒢 𑒫𑒱𑒭𑓂𑒝𑒳𑒏 𑒂𑒠𑒹𑒬 𑒮𑒳𑒢𑒱 𑒧𑒰𑒟 𑒗𑒳𑒏𑒰 𑒏𑓁 𑒮𑓂𑒫𑒲𑒏𑒰𑒩 𑒏𑒹𑒪𑒟𑒱𑒢𑓂𑒯 𑒂 𑒧𑒢𑒹 𑒧𑒢 𑒏𑒱𑒕𑒳 𑒮𑒼𑒔𑒋-𑒟𑒱𑒢𑓂𑒯। 𑒞𑒞𑓂𑒣𑒬𑓂𑒔𑒰𑒞 𑒧𑒠𑒼𑒢𑓂𑒧𑒞𑓂𑒞 𑒢𑒰𑒩𑒏𑒲 𑒖𑒲𑒫 𑒏𑒹𑒿 𑒢𑒩𑒏 𑒮𑒿 𑒧𑒳𑒏𑓂𑒞 𑒠𑒹𑒐𑒱 𑒯𑒳𑒢𑒏𑒰 𑒮𑓀𑒑 𑒦𑒑𑒫𑒰𑒢 𑒫𑒱𑒭𑓂𑒝𑒳𑒏 𑒫𑒰𑒮 𑒮𑓂𑒟𑒰𑒢 𑒔𑒪𑒱 𑒑𑒹𑒪𑒰𑒯। 𑒨𑒧𑒩𑒰𑒖 𑒮𑒹𑒯𑒼 𑒬𑓂𑒩𑒹𑒭𑓂𑒚 𑒫𑒱𑒧𑒰𑒢 𑒮𑒿 𑒏𑓂𑒭𑒲𑒩𑒮𑒰𑒑𑒩 𑒣𑒯𑒳𑒿𑒔𑒪𑒰𑒯। 𑒯𑒳𑒢𑒏𑒰 𑒦𑒲𑒞𑒩 𑒏𑒼𑒙𑒱-𑒏𑒼𑒙𑒱 𑒮𑒴𑒩𑓂𑒨 𑒮𑒢 𑒏𑒰𑒢𑓂𑒞𑒱𑒧𑒰𑒢 𑒢𑒲𑒪 𑒏𑒧𑒪 𑒠𑒪 𑒮𑒢 𑒬𑓂𑒨𑒰𑒧 𑒮𑒳𑒢𑓂𑒠𑒩 𑒪𑒼𑒏𑒢𑒰𑒟 𑒖𑒑𑒠𑓂𑒑𑒳𑒩𑒳 𑒬𑓂𑒩𑒲 𑒯𑒩𑒱𑒏 𑒠𑒩𑓂𑒬𑒢 𑒏𑒹𑒪𑒢𑒱। 𑒦𑒑𑒫𑒰𑒢𑒏 𑒞𑒹𑒖, 𑒯𑒳𑒢𑒏𑒩 𑒬𑒨𑒢 𑒥𑒢𑒪 𑒬𑒹𑒭𑒢𑒰𑒑𑒏 𑒤𑒢𑒏 𑒧𑒝𑒱𑒏𑒏 𑒣𑓂𑒩𑒏𑒰𑒬 𑒮𑒿 𑒠𑒳𑒑𑒳𑒢𑒰

छल। ओ आनन्दमग्न देखि पड़ैत छलाह।
जनकक हृदय प्रसन्नता सँ परिपूर्ण छल।
भगवती लक्ष्मी अपन सकल त्रिभुवन सँ
प्रेमपूर्वक जनका बेरि बेरि निहारि
रहल छलीह। चारुकात योगी लोक-
कनि भगवानक सेवा मे ठाढ़ छलथि
ओहि योगी लोकनिकक आँखिक
तारा ध्यानस्थ लोकक कारणे नि-
श्चल प्रतीत भऽ रहल छल। देवराज
इन्द्र अपन विरोधी कैं परास्त करबाक
उद्देश्य सँ भगवानक स्तुति कऽ रहल
छलाह। ब्रह्माजीक मुख सँ निकलल
वेदान्त वाक्य मूर्तिमान भऽ भगवानक
गुणगान कऽ रहल छलाह। भगवान
पूर्णतः सन्तुष्ट लोकक संगहि संग
समस्त योगी दिव्य सँ उदासीन प्रतीत
होयत छलाह। समस्त जीव मे सँ जे

𑒮𑓀𑒔𑒨 𑒏𑒹𑒢𑒹 𑒕𑒪𑒰𑒯 𑒖𑒢𑒏𑒰 𑒮𑒥𑒏𑒹𑒿 𑒋𑒏𑒞𑓂𑒩𑒱 𑒮𑓀𑒑 𑒢𑒱𑒯𑒰𑒩𑒱 𑒩𑒯𑒪 𑒕𑒪𑒰𑒯। 𑒦𑒑𑒫𑒰𑒢 𑒁𑒣𑒢 𑒮𑓂𑒫𑒩𑒴𑒣 𑒮𑒿 𑒁𑒐𑒱𑒪 𑒔𑒩𑒰𑒔𑒩 𑒖𑒑𑒞 𑒏𑒹𑒿 𑒂𑒢𑒢𑓂𑒠𑒣𑒴𑒩𑓂𑒝 𑒠𑒵𑒭𑓂𑒙𑒱 𑒮𑒿 𑒂𑒧𑒼𑒠𑒱𑒞 𑒏𑒋 𑒩𑒯𑒪 𑒕𑒪𑒰𑒯। 𑒬𑒹𑒭𑒢𑒰𑒑𑒏 𑒣𑓂𑒩𑒦𑒰 𑒮𑒿 𑒅𑒠𑓂𑒦𑒰𑒮𑒱𑒞 𑒂 𑒮𑒩𑓂𑒫𑒞𑓂𑒩 𑒫𑓂𑒨𑒰𑒣𑒏 𑒠𑒱𑒫𑓂𑒨 𑒫𑒱𑒑𑓂𑒩𑒯 𑒡𑒰𑒩𑒝 𑒏𑒹𑒢𑒹 𑒢𑒲𑒪𑒏𑒧𑒪 𑒮𑒠𑒵𑒬 𑒬𑓂𑒨𑒰𑒧𑒫𑒩𑓂𑒝 𑒬𑓂𑒩𑒲 𑒯𑒩𑒱 𑒋𑒯𑒢 𑒖𑒰𑒢𑒱 𑒣𑒛𑓃𑒻𑒞 𑒕𑒪 𑒖𑒹 𑒧𑒰𑒢𑒴 𑒔𑒰𑒿𑒠𑒢𑒲 𑒮𑒿 𑒒𑒹𑒩𑒪 𑒢𑒦 𑒮𑒳𑒬𑒼𑒦𑒱𑒞 𑒦𑒋 𑒩𑒯𑒪 𑒁𑒕𑒱। 𑒋𑒯𑒱 𑒣𑓂𑒩𑒏𑒰𑒩 𑒦𑒑𑒫𑒰𑒢 𑒏𑒹𑒿 𑒗𑒰𑒿𑒏𑒱 𑒨𑒧𑒩𑒰𑒖 𑒁𑒣𑒢 𑒫𑒱𑒧𑒰𑒢 𑒕𑒼𑒛𑓃𑒱 𑒮𑒿 𑒯𑒳𑒢𑒏𑒩 𑒮𑓂𑒞𑒳𑒞𑒱 𑒏𑒩𑒋 𑒪𑒑𑒪𑒰𑒯।

𑒨𑒧𑒩𑒰𑒖 𑒏𑒯𑒪𑒟𑒱𑒢 - 𑒮𑒧𑒮𑓂𑒞 𑒖𑒑𑒞𑒏 𑒢𑒱𑒩𑓂𑒧𑒰𑒞𑒰 𑒣𑒩𑒧𑒹𑒬𑓂𑒫𑒩 𑒁𑒣𑒢𑒹𑒏 𑒁𑒢𑓂𑒞𑓁𑒏𑒩𑒝 𑒢𑒱𑒩𑓂𑒧𑒪 𑒁𑒕𑒱। 𑒁𑒣𑒢𑒹𑒏 𑒧𑒳𑒐 𑒮𑒿 𑒫𑒹𑒠𑒏 𑒣𑓂𑒩𑒰𑒠𑒳𑒩𑓂𑒦𑒰𑒫 𑒦𑒹𑒪 𑒁𑒕𑒱। 𑒁𑒯𑒲𑒿

বিশ্বৰূপ আ একৰ বিধায়ক ব্ৰহ্মা
ছথি। অপনেক নমন অছি। অপনা
বল আ বেগ সঁ জে উৎকর্ষ প্রতীত হোইত
অছি। এহেন দানবেন্দ্রক অভিমান
চূৰ কৰইবালা ভগবান বিষ্ণু কেঁ নমন
অছি। পালন কৰৈত যশ সত্ত্বময় শৰীৰ
ধাৰী বিশ্বক আধাৰভূত সর্বব্যাপী
শ্ৰী হৰি কেঁ নমন অছি। সমস্ত দেহধা-
ৰী লোকনিকক পাতক ৰাশি কেঁ হৰ
কৰইবালা পৰমাত্মা কেঁ নমন অছি।
জিনকা ললাটবর্তী আঁখি খোলৈত
খুলল পৰ আগিক লপট নিকলই
লগৈত অছি। তাহি ৰুদ্ৰৰূপ ধাৰী
অপনেক পৰমেশ্বৰ কেঁ নমন অছি।
অহাঁ সমস্ত বিশ্বক গুৰু আমো আ
মহেশ্বৰ ছী। সব বৈষ্ণৱ লোকনি কেঁ
সংকট সঁ মুক্ত কৰই জনকা পৰ অনুগ্ৰহ



[illegible]
সন গম্ভীর বাণী সঁ মানু অমৃত
রস সীঁচেত কহলথিন- ধর্মরাজ।
অহাঁ সবহক প্রতি সমান ভাব
রাখেত লোক কেঁ পাপ সঁ উদ্ধার
কই রহল ছী। অহাঁ সব দেহধারীক
ভার রাখি হম নিশ্চিন্ত ছী।অহাঁ
অপন কাম করু আ অপনা লোক
চলি জাউ।

এ কহি ভগবান অন্তর্ধ্যান ভই
গেলাহ। যমরাজ সেহো অপনা লোক
চলি গেলাহ। ও চাণ্ডাল অপন জাতি
আ সব নারকী জীব কেঁ নরক
সঁ উদ্ধার কই অপনে সেহো শ্রেষ্ঠ
বিমান সঁ শ্রী বিষ্ণুধাম চলি গেলাহ

——— ০ ———

পরমানন্দ লালকর্ণ

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

२.२.कुमार मनोज कश्यप-छोड़ल निशानी

कुमार मनोज कश्यप

१ टा लघुकथा

छोड़ल निशानी

चंडाल-चौकड़ी सुग्गाक गेल्ह के शीशो गाछक धोधि सऽ ताकि कऽ निकाललक आ भैया ओकरा आँजुर मे पुलकित ओ रोमांचित होईत घर लऽ अनलाह। एखन ओकरा पाइँखो नहिं भेल छलै। घरक सभ लोकक परिचर्या आ स्नेह भेटलै तऽ गेल्ह सऽ पूर्ण सुग्गा मे विकसित हेबा मे कोनो बेसी समय नहिं लगलै। ओकरा लेल हाट सऽ नवका पिंजड़ा एलै आ एक दिन ओकरा ओहि मे बन्न कऽ देल गेलै जे ओ उड़ि कऽ पड़ा ने जाए। ओ सुग्गा लोकक आवाजक नीक नकल करैत किछु फिल्मी गीतो के एक-दू पाँती सेहो सीख लेलक। आब सभक आकर्षण आ चर्चा के विषय छल ओ सुग्गा।

भैया उच्च शिक्षा खातिर विदेश कि गेलाह; ओतहि के भऽ कऽ रहि गेलाह। क्रमशहे गाम-घरक अवरजात कम भेल; फेर मोबाईल पर सेहो हाल-चाल के क्रम घटैत गेल। एम्हर ओ सुग्गा एकबेर पिंजड़ा सऽ निकलि कऽ पड़ेबाक प्रयास तऽ केलक मुदा दू पल नीमक डारि पर

बैसि नहिं जानि की सोचलक कि पुनः ओसारा पर आबि कऽ बैसि गेल। तकरा बाद ओ पिंजड़ा मे कहियो नहिं बन्न कैल गेल। एहिना घर-बाहर फुदकैत रहैत अछि। आन खन ओ कतहु रहै मुदा माय के गह्वर निपै काल आ तुलसी चौड़ा लग पूजा काल हुनके लऽग रहैत अछि।

माय के संतोष जे भैया नहिं सही हुनकर छोड़ल निशानी तऽ संगे छनि।

-कुमार मनोज कश्यप, सम्प्रति: भारत सरकार के उप-सचिव, **संपर्क:** सी-11, टावर-4, टाइप-5, किदवई नगर पूर्व (दिल्ली हाट के सामने), नई दिल्ली-110023 मो. 9810811850 / 8178216239 ई-मेल : writetokmanoj@gmail.com

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com पर पठाउ।

२.३.आचार्य रामानन्द मण्डल-हिंदू धर्म आ हिंदू विरोध/ प्रेम के जीत

आचार्य रामानंद मंडल

हिंदू धर्म आ हिंदू विरोध/ प्रेम के जीत

१

हिंदू धर्म आ हिंदू विरोध

वर्तमान भारत के चारटा नाम हय -आर्यावर्त, हिन्दुस्तान, इंडिया आ भारत।तहिना वर्तमान हिंदू धर्म के चार टा नाम हय -आर्य धर्म, ब्राह्मण धर्म,सनातन धर्म आ हिंदू धर्म ।समय यानी कि काल परिवर्तनशील हय।त जेना भारत के नाम बदलैत रहलैय तहिना धर्मो के नाम बदलैत रहलैय।आइ कालि सबसे ज्यादा चर्चा -परिचर्चा हिंदू आ हिंदू धर्म पर हो रहल हय। हिंदू धर्म के विरोध ज्यादा हिंदूये क रहल हय।खास के जे हिंदू धर्म मे शोषित आ दमित वर्ग हय। हिंदू धर्म में जे वर्णव्यवस्था वा वर्णाश्रम धर्म हय वोइसे लोग नाराज़ हय। आइ कालि संत तुलसीदास रचित रामचरितमानस पर ज्यादा वाद -विवाद हो रहल हय। रामचरितमानस में कुछ जाति के अधम आ नीच बतायल गेल हय।त उ वर्ग ज्यादा आक्रामक हय।वो लाजिमीयो हय।जैइ वर्ग के गुणगान वा महिमा मंडित कैल गेल हय वो वोकरा पक्ष मे हय।वोकर कहना हय कि रामचरितमानस में सभ

जाति के समभाव सं देखल गेल हय। जेना शबरी के जूठा बैर खाय के बात त केवट के दोस्ती।त इहो बात अच्छा न लगैय हय।शबरी त भक्त हय। दासी हय पामर हय।नीच जाति के हय जे शबरी स्वयं स्वीकार करैय हय।भला अब अइ युग मे शबरी के जाति के कोई काहे मानत।केवट मल्लाह अपन दोस्त राम के गोर धो के पीयैत रहे।कि आइ के युग मे कोई दोस्त के गोर धो के पीयत।वोहु मे दोस्त में दोस्ताना होइ हय। बराबरी माने कि समानता के भाव। परंतु केवट आ राम के भाव दास आ प्रभु मालिक के भाव हय।त केवट वंशी वा कोई काहे मानत।इ सभ विरोध आइ न अतीत मेयो महात्मा बुद्ध,संत कबीर,संत रैदास, महात्मा फुले,संत पेरियार आ बाबा साहेब भीमराव अम्बेडकर कैले रहलन।

संत कबीर आ संत रैदास त राम के मानैत रहल। परंतु संत तुलसीदास के अयोध्यावासी राम के न वरन् घटघट वासी राम के मानैत रहलन। माने कि संत कबीर आ संत रैदास निर्गुण राम के त संत तुलसीदास सगुण राम के। निर्गुण राम वर्णरहित त सगुण राम वर्णाश्रित।

वर्तमान समय मे जे असल विवाद हय वो जातीय सामाजिक विषमता के लेके है न कि धार्मिकता के लेके। भारत के संविधान जातीय विषमता पर रोक लगबैय त कोनो धर्म के माने के स्वतंत्रता देइ। भारत के लोग के भारत के संविधान मे अपन विवाद के समाधान मिलत।

२

प्रेम के जीत

एगो गांव में युवती मैथिली आ युवक रार के घर रहे। मैथिली देखें में खुब सुन्नर रहे।५फीट ३इंच के कद रहे।दूधिया रंग ,नागीन सन केश,चान सन् मुखरा,बिलरी सन आंखि,केरा के थम्भ सन जांघ, शेरनी संन कमर,अप्रस्फुटित कमल सन उरोज,आम के नयका ललका पात सन पैर, हथनी जैसन चलनाई आ कोयल जैसन बोली।जे देखे से देखते रह जाय।लोग कहे कि भगवान फुरसत के समय में मैथिली के बनैले हए

मैथिली के बाप मैथिल लटगेना के दोकान कैलै रहे।वो भांग पीस के भी बेचैत रहे।

तहिना रार ५फीट ५इंच के बांका जमान। सांवला रंग,औठिया काला केश,राजीव सन नयन,हलका मोछ,सिंह जैसन छाती। कोनो युवती के आकर्षित करे , लेल समर्थ।रार सम्पन्न किसान के बेटा रहे।रार कभी कभी सौख में भांग भी खायत रहे।

एकटा दिन रार भांग खरीदे के लेल मैथिल के दूकान पर गेल। परंच दोकान पर मैथिल के बदले वोकर बेटी मैथिली बैठल रहें। मैथिली बोललक " बाबू जी एक महिना के लेल बाहर गेल छथिन ।तैला हम बैठल छी।बोला तोरा की चाही। रार कहलक-हम थोड़ा सा भांग लेब।सौकिया कभी कभी खा लेइ छी। मैथिली भांग रार के दे देलक।रार भी दाम ०२रुपया दे देलक।

अब रार रोज भांग खरीदे आबे लागल।वोकरा मन में मैथिली से प्रेम होय लागल।भांग आ दाम के लेन देन में दूनू के हाथक छूअन से प्रेमक तरंग एक दोसर के हृदय से प्रवाहित होय लागल। कुछ ही दिन में प्रेम अपन रंग दिखाबे लागल।अपन हाल रार अपन खास दोस्त से बतैलक ।दोस्त-तू मैथिली के लेके भाग जा।तू अपन नेपाल के कुटुंब इहां चल जा। मैथिली के बाप मैथिल तोरा न छोड़ तो।

इ सभ बात रार मैथिली के बतैलक। मैथिली बोलल-अंहा के हम प्रेम करै छी।आइए हम दूनू गोरे घर छोड़ दू। अंहा जंहा ले चलव,हम चले लेल तैयार छी।

हम दूनू गोरे मंदिर में शादी क लेव।

दो प्रेमी मैथिली आ रार जनकपुर के मंदिर में पहुच गेल। भगवान आ पुजारी के सामने रार मैथिली के मांग में सिंदूर भर देलक। अब रार मैथिली के स्वामी आ मैथिली रार के स्वामिनी बन गेल।

रार आब मैथिली के लेके अपन कुटुंब के इंहा हरिऔन (नेपाल)चल गेल। पहाड़ी जगह पर मैथिली आ रार के खूब मन लागे। पहाड़ पर घूमे। कहियो नदी में नहाय त कहियो झरना में नहाय।घंटो पहाड़ पर बैठ के प्रेम के बात करे। उन्मुक्त वातावरण में उन्मुक्त प्यार करे।अइ बीच में मैथिली गर्भवती भे गेल। एगो सुन्दर लैइका के जनम देलक। दूनू गोरे मिलके नाम रखलक अंगराज।

मैथिली के बाप अदालत में अपहरण के केस क देलक। लेकिन मैथिली आ रार लापता रहे।साल भर बाद रार आ मैथिली नवजात शिशु अंगराज संग अदालत में हाजिर भेलन। मैथिली अदालत में कहलन-जज साहब।हम आ हमर स्वामी रार बालिग छी।हम दूनू गोरे एक दोसर के प्रेम करै छी। हम दूनू गोरे पूरे होश हवास में मंदिर में शादी क लैले छी। हमरा दूनू गोरे के इ नवजात शिशु हैय। हम दूनू गोरे आब जीयब मरब साथे साथे।

जज साहब-अंहा दूनू गोरे रार आ मैथिली के विआह कानूनी रूप से जायज हए।

रार, मैथिली आ अप्पन बच्चा के लेके घर आ गेल।रार के माइ अपना बहु बेटा के आरती उतार लैन। पोता सहित घर में शुभ प्रवेश करैलन।आइ मैथिली के बाप मैथिल भी खुश हए। मैथिल कहै छथिन-बालिग बेटा-बेटी के प्रेम में माइ बाप के बाधा न बनै के चाही।आइ मैथिली के परिवार आ रार के परिवार खुश आ खुशहाल हए। प्रेम के जीत भे गेल।

-आचार्य रामानंद मंडल सामाजिक चिंतक सीतामढ़ी,*सेवानिवृत्त प्रधानाध्यापक, माता-चन्द्र देवी, पिता-स्व०राजेश्वर मंडल, पत्नी-प्रमिला देवी, जन्म तिथि-०१ जनवरी १९६० योग्यता- एम-एससी (रसायन शास्त्र), एम ए (हिन्दी)। रूचि- साहित्यिक, मैथिली-हिन्दी कविता -*

कहानी लेखन आ आलेख। प्रकाशित पोथी - मैथिली कविता संग्रह भासा के न बांटियो। २०२२ प्रकाशित रचना - सझिया कविता संग्रह पोथी - जनक नंदिनी जानकी आ शौर्य गान। २०२२ पत्रिका -मिथिला समाज, घर -बाहर आ अपूर्वा (मैसाम)। अखबार -दैनिक मैथिल पुनर्जागरण प्रकाश। सामाजिक-सामाजिक चिंतन, दायित्व- पूर्व जिला प्रतिनिधि, प्राथमिक शिक्षक संघ, डुमरा, सीतामढ़ी। स्थायी पत्ता- ग्राम- पिपरा विशनपुर थाना-परिहार जिला-सीतामढी। वर्तमान पता-पिपरा सदन,मुरलियाचक वार्ड-04 सीतामढ़ी पोस्ट-चकमहिला जिला- सीतामढी राज्य-बिहार पिन-843302 मो नं-9973641075 ईमेल- ramanandmandal001@gmail.com

ऐ रचनापर अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

२.४.आशीष अनचिन्हार-तीनू कथा- सपना आ भ्रम, घर, काटल कथा

आशीष अनचिन्हार-संपर्क-8876162759

तीनू कथा- सपना आ भ्रम, घर, काटल कथा

(मैथिली कथामे हमर योगदान अतबे अछि जतेक कि रमानाथ झाजीक योगदान मैथिली गजलमे छनि। एखन धरि कुल मिला कऽ हमर तीन गोट कथा प्रकाशित भेल अछि जे कि विभिन्न माध्यमसँ प्रकाशितो भेल अछि। एहिठाम हम तीनू कथाकेँ एकट्ठा दऽ रहल छी जाहिसँ पाठककेँ सहूलियत हेतनि। आ संगे-संग विदेहक पाटक सेहो एकरा पढ़ि सकथि- आशीष अनचिन्हार)

१

सपना आ भ्रम

घटनासँ पूर्वक गप्प :

सपना देखैत लोक सावधान भऽ जाउ। बड्ड दिन धरि अहाँ सभ सपना देखलहुँ, किछु दिन बिनु स्वपन देखने रहू।

"की कहलहुँ ? सपना देखबाक हिस्सक लागि गेल अछि हमरा सभकेँ। हँ से त' सत्ते कहलहुँ - अहाँ, आ से हमहूँ बूझि रहल छी।"

"फेर की कहलहुँ। सपना देखब आवश्यक छैक जिनगीक लेल। ई के कहलक अहाँकेँ? बेस मानलहुँ हम जे सपना देखब आवश्यक छैक, मुदा कनेक ई अहाँ फरिछाउ -जे की केवल सपने देखब आवश्यक छैक ओकर क्रियान्व्यन किछु नहि।"

"की भेल औ, चुप्प छी किएक किछु बाजू ने।"

"ओह बुझाइत अछि जे फेर अहाँ सभ सूति रहलहुँ घोर निन्नमे सपना देखबाक लेल, खाली आ खाली सपना देखबाक लेल।"

सूतब एक रंगक गप्प भेल। सपना देखब दोसर रंगक आ सपना देखि ओकरा क्रियान्व्यन करब तेसर रंगक गप्प भेल। मुदा ई तीनू एक दोसरसँ संबंधित अछि प्रजातंत्रक नेता जकाँ। एह कड़ी महँक जँ कोनो कड़ी टूटि गेल तँ सभटा खेल खतम आ पैसा हजम ।

"आ भ्रम की छैक।"

"अच्छा, अच्छा उठि गेलहुँ की ?"

"हँ कनेक आँखि लागि गेल छल"

"हँ से तँ लगबे करत हिस्सक अछि ने। मुदा हम एहि प्रसंगकेँ छोड़ि अहाँक प्रश्नपर आबी से उत्तम। ओना अहाँक प्रश्नक उत्तर जतेक कठिन ततबे सरल। आब अहाँ ई उदाहरण नहि देब जे संसारे भ्रम थिक। ई गप्प हमरो बूझल अछि। मुदा एहि बाटे जाएब हमरा अभीष्ट नहि।"

"हँ तँ अहाँ हमरासँ की पुछने छलहुँ, इएह ने जे भ्रम की थिक। अच्छा एकटा गप्प कहूँ, अहाँ सभ त निश्चित रूपँ मैथिली साहित्यक प्रेमी हएब। हएबे करब। जकरा पाबि कऽ अनेरे पुरस्कार ओ सम्मान भेटैत हो ओकरासँ प्रेम नहि करक तँ करबैक केकरासँ। हँ तँ जखन अहाँ लोकनि

साहित्यक प्रेमी छी तँ किछु ने किछु कहबी जनिते हएबैक। आब अहाँ सभ मोने-मोन

कहब जे ईहो कोनो पुछबाक गप्प छैक। मुदा हम जनैत छिऐक जे गप्प छैक। आब जखन गप्प कहबीपर एलैक अछि तखन अहाँ सभकेँ तँ एकटा कहबी मोने हएत ने औ? कोन, जनैत छियैक ? वएह जाहिमे कहल गेल छैक जे अपने सूतल छी आ विआह होइत अछि।" आब अहाँ सभ किछु-किछु बुझए लागल हएबैक।

"की कहलहुँ, एखनो धरि नहि बुझलिअइ। ठीक छैक तखन हमरा दोसरो कहबी कहए पड़त।"

"जेना"

"जेना की ओ कहबी छैक-अपने नहाइत छी आ कीदन दहाइत अछि।" आबो बुझलिअइ यौ? की बजलहुँ, एखनो धरि बुझाएल ई गप्प। अरौ बाप रौ बाप। आब हम कोना बुझाएब अहाँ सभकेँ। अच्छा, कोनो गप्प नहि, एहि बेर हम तेरहम विद्याक प्रयोग कए रहल छी।"

"अर्थात्।"

"अर्थात् जे आब हम सोझे-सोझ गप्पकेँ खोलि कऽ कहब।"

"कहू"

"हँ, सुनल जाए। मनुख जा धरि सपना देखैत अछि ता धरि तँ ठीक आ आवश्यको छैक, मुदा जहाँसँ मनुख सपनामे क्रियान्वित काज के वास्तविक जीवनमे सत्त बूझि लैत छथिन्ह ओही ठामसँ भ्रम शुरू भए जाइत छैक। एकरे जँ दोसर तरहें एना कही जे-सपना देखब जरूरी छैक मुदा सपनामे भेल काज के वास्तविक जीवनमे बिनु हाथ-पएर डोलेने सत्त मानब भ्रम थिक। आब तँ बुझिए गेल हेएबैक जे सपना कि थिक आ भ्रम की।"

"आबो बुझलिअइ औ"

"की भेल औ"

"ओह फेर सूति रहलिअइ की ? जाउ, सूतू ग।"

घटनाक गप्प :

पुरबा बहैए

मच्छर कटैए निन्न नहि अबैए

कनियाँ मोन पड़ैए...

टेपसँ मधुर गीत बहार भए रहल छल आ एम्हर बाबू साहेब अपन मित्र दिलीपकेँ रातुक सपनाक संबंधमे सुना रहल छलाह। बाबू साहेब दिलीप के कहलखिन्ह-"बुझलह रातुक सपनामे तों हमरासँ प्रश्नपर प्रश्न करैत चल गेलह आ हम जबाबपर जबाब दैत।"

दिलीप अविश्वासक भावसँ साहेब दिस तकलक आ पुछि देलकै-"कहक तँ जे हम तोरासँ की-की पुछलिअह आ तो हमरा की-की जबाब देलह। बाबू साहेब जाँघपर हाथ मारैत बजलाह-"एहीठाम तँ मारि खा गेलहुँ। एखन धरि मोन नहि पड़ल अछि। भोरेसँ मोन पाड़ि रहल छी। दिलीप हँसि देलथि। बाबू साहेब थोड़ेक रुष्ट होइत पुछलखिन्ह-की विश्वास नहि होइत छह ? दिलीप पूर्ववत भावसँ उत्तर देलखिन्ह "सपनों सभ कोनो विश्वास करबाक वस्तु होइत छैक। प्रत्येक दिन-रातिमे प्रत्येक मनुष्य नहि जानि कतेक सपना देखैत हेतैक। के गनती राखता हँ जँ ओ वास्तविक जीवनमे सत्त हुअए तखन ने ओकरा सत्त मानल जाए।" बाबू साहेबक मुँह अप्पन सन भए गेलन्हि, मदा कनेकबे देर धरि। किछु देर घरि ओ किछु बिचारत दिलीपसँ जिज्ञासा केलखिन्ह अच्छा मीत एकटा गप्प कहअ जे वस्तु सच का आकर छाँह?

आ दिलीप अकबका गेलाह अनचोकेमे एहन प्रश्न सुनि कऽ। किछु ने फुरेलन्हि उत्तरमे। सोचमे डूबि गेलाह। मुदा कतेक देर धरि, किछु ने किछु त उत्तर देबहे पड़तनि। किछु विचारैत ओ गंभीर स्वरमे बजलाह-"दुनू सत्त।"

बाबू साहेब फेर पुछलखिन्ह "कोना"

दिलीप फरिछबैत कहलखिन्ह- "ई गप्प तँ निश्चित छैक जे वस्तु सच थिक आ वस्तुएसँ त छाँह होइत छैक, तँइ वस्तुक संगे-संग छाँहो सत्त।"

बस आब की छल बाबू साहेब खुश होइत पुछि देलखिन्ह "अच्छा मुदा ई कहह जे वस्तु सत्त छैक तँइ ओकरासँ उत्पन्न छाँह सेहो सत्त भए गेल। मुदा तोरे कथनानुसार सपना फूसि आ ओकर सकार रूप सत्त, एहन दोहरा भाव किएक जखन की मूल प्रश्न एकै छैक। जेना वस्तु ओ ओकर छाँह एक दोसरसँ संबंधित छैक तेनाहिते संपना आ ओकर सकार रूप एक दोसरसँ संबंधित छैक।" दिलीपपर ई दोसर बेर बज्जर खसलैन्ह। ओ बिनु पपनी खसेने बाबू साहेब दिस देखए लगलाह आ बाबू साहेब दिलीपक आँखिमे।

घटनाक पछातिक गप्प :

एहि कथामे ने किछु सार छैक ने रस से हम मानैत छी। मुदा कनेक काल लेल हम अथवा अहीं जँ दिलीप भऽ जाइ तँ बाबू साहेब के हेताह ? के जोखिम उठा सकैत छथि बाबू साहेब

बनबाक लेल ? ई प्रश्न जतबे अनिर्णायक छल ततबे एखनो अछि आ आँगा रहत की नहि रहत से हम नहि कहि सकी, कारण हम कोनो भविष्यवक्ता नहि छी।

मुदा प्रश्न तँ सोझामे ठाढ़ अछि। जे व्यक्ति केकरो एक पक्ष के सत्त मानैत छथिन्ह त ओकर दोसर पक्ष के फूसि किएक ? जखन की दूनू पक्ष एक दोसरसँ संबंधित छैक। अविभाज्य छैक। प्रश्न तँ उठबे करतैक, आखिर किनको लेल ब्रह्म किएक सत्त आ माया किएक फूसि ? प्रश्न बहुत रास

आबि सकैत अछि। बड़ जोरसँ रोकलाक पछातिओ। आ जे मायाकेँ सत्त मानत छथिन्ह से ब्रम्हकेँ फूसि किएक ?

प्रश्नक काज छैक बढ़नाइ बढ़बे करतैक, खाली हम अहाँ एक दोसरक मुँह देखैत रहबैक। अच्छा ई कहू जे - प्रकृतिक उद्दीपन सत्त की आत्माक द्वन्द सत्त की इन्द्रियक दमन सत्त। सत्त की छैक।

प्रश्न बढ़ले जा रहल अछि।

राम सत्त की रावण ? केओ कहताह राम केओ रावण। मुदा की रामक बिनु रावणक आ रावणक बिनु रामक अस्तित्व संभव छैक। ई प्रश्न सभ भूतकालक थिक से अहाँ कहि सकैत छियै संगहि-संग अहाँ हमरा भूतजीवीक उपमा सेहो दए देब, तँइ आब हम वर्तमान कालमे प्रवेश करब।

आब अहीं कहू जे एहि मेंसँ सत्त की छैक अमेरिकाक दादागीरी, पाकिस्तानक आतंकवादी, इरानक स्वाभिमान, चीनक कूटनीति की भारतक शान्ति। सत्त की छैक एहिमेसँ। अहाँ कहबे करब जे अमेरिकाक दादागिरी आ पाकिस्तानक आतंकवादी फूसि आ भारतक शान्ति सत्त। मुदा ई भावना भने अहाँक देश-प्रेमक परिचायक हुअए। मुदा एकरा निरपेक्ष नहि कहल जा सकैए। अंततः शान्ति की छै। आतंक एवं दादागिरीक दमनक पश्चात् जे आनंद बुझाइत छैक ओकरे नाम हम अहाँ शान्ति देने छियै ने। आब अहीं सभ सोचिऔ कनेक जे जँ आतंक नहि हेतैक तँ शान्तिक उत्स हेतैक कतएसँ आ जँ कहींसँ उत्स भइओ गेलैक तँ, हेतैक केकरा लेल। तँइ आतंको सत्त आ शान्तियो सत्त।

"अपनेक कहक अभिप्राय ?"

"अच्छा उठि गेलहुँ। बड्ड देरक पछाति निन्न टूटल अहाँक ?"

"हँ, फेर कनेक आँखि लागि गेल छल!"

"अच्छा "

"हँ त हम अपनेक अभिप्राय पुछैत छलहुँ"

"अभिप्राय ? हँ तँ हमर कहक अभिप्राय जे संसारमे सभ सत्त थिक"

"अच्छा मानू जे सभ सत्त थिक तँ फूसि की थिक। की पृथ्वी फूसि विहीन अछि"

"नहि-नहि, इहो कहब निरपेक्ष नहि हएत जे पृथ्वीविहीन अछि"

"अँए की बजलहुँ, एखने कहैत छलियै जे पृथ्वीपर सभ सत्ते अछि आ एखने कहलिअइ जे पृथ्वी फूसिविहीन नहि छैक। एना दुचित्तापन किएक ?"

"सरकार ई दुचित्तापन नहि थिक। हम जे पहिने कहलहुँ सेहो सत्त आ एखन जे कहलहुँ सेहो सत्त"

"फेर अहाँ गप्पकेँ घुरछिया देलियै" "नहि सरकार गप्प तँ एकदम सोझ छैक, खाली हमर अहाँक मोन बौआ रहल अछि"

"ई अहाँ की सभ बाजि रहल छी से नहि जानि"

"जानए के प्रयासो तँ करियौ"

"तखन अहीं कहू".

"की"

"इएह जे अहाँक दूनू गप्प कोना सत्त"

"हम कहैत छलहुँ जे शान्तियो सत्त आ आतंको सत्त सएह ने"

"हँ"

"अच्छा आब एकटा गप्प सूनू मानू जे एकटा आतंकवादी आतंकक प्रसार कएलक आ नुका गेल। तकरा पछाति शासक ओकरा ताकि-हेरि कऽ समुचित दंड देलक। आब एहि गप्पकेँ नीक जकाँ बुझियौ आतंकवादी जे आतंक प्रसार कएलक ई भेल आतंकवादीक सत्त आ शासन ओकरा दंड देलक। ई भेल शासनक सत्त। मुदा की देखैत छिऐक हम-अहाँ सभ। आतंकवादी अपन सत्त देखा चल जाइत अछि आ शासन चुप्प रहैत अछि। इएह चुप्पी तँ फूसि थिक, भ्रम थिक। रावण सीताहरण कए लैत अछि आ आबक राम रामेश्वरक स्थापना कए घूरि अबैत छथि, इएह घूरि जेनाइ तँ फूसि थिक, भ्रम थिक। शासनक सत्त तखने रहतैक जखन की ओ आतंकीकेँ दंड देत। रामक सत्त तखने जखन की ओ रावण के परास्त कए सकथि। मुदा से नहि भए रहल आ ई जे नहि भए रहल सएह तँ फूसि आ भ्रम भेल। आ इएह फूसि इएह भ्रम चारू दिस पसरि रहल अछि। इएह आँगन, दुआरि, चौकठि, बड़ेरी, मोन, आत्मा सन के गछारने अछि। आ हम-अहाँ इएह फूसि इएह भ्रमक दुनियाँमे बौआ रहल छी, एहि छोड़सँ ओहि छोड़, एहि आरसँ ओहि पार धरि हाथमे एकटा टूटल छौकी लेने।

(ई कथा हमर पहिल प्रकाशित कथा अछि जे कि २००७ मे विद्यापति सेवा संस्थानक स्मारिकामे प्रकाशित भेल छल।)

२

घर

घर तीन प्रकारक होइत छैक। उच्च, मध्यम आ निम्न। एकर आरो भेद उपभेद भए सकैत छैक मुदा ताहिसँ हमरा कोनो बहस नहि। ओहिठाम हम जाहि घरक खेरहा कहब से भेल मध्यम। तँ आगा सुनू खेरहा मध्यम घरक। घरक मतलब मध्यम घर बुझल जाए।

प्रत्येक घर ओ जीव होइत छैक जे मनमानी कए सकए। तुच्छ आर्दशक संग। तानाशाहीक बिना कोनो घर, घर नहि होइत छैक, चाहे ओ हमर घर हो वा कि अहाँक। सत्त इएह थिक। घर काठ अथवा ईंटासँ नहि, हुक्मसँ बनैत छैक। घर भूकंप अथवा तोड़लासँ नहि, हुक्म तोड़लापर टुटैत छैक। घर ओ नहि जाहिमे केओ फरमाइश कए सकल। घर ओ छैक जाहिमे हाथ उठा कए दए दिऔक। जकरा भागमे जे होएतैक से भेटतैक।

घर अपना मोने किछु नहि होइत छैक। होइत छैक सभक मर्जीसँ मुदा ई घरे थिक जे अपन मर्जी के सभहक मर्जी बुझए लगैत अछि। ओकरा ईहो मोन नहि रहैत छैक जे हमर अस्तित्व कतएसँ अछि। ई घरे थिक जे जानि बुझि कए कोतबालक पदवी लैए प्रचुर योग्यता आ संभावनाक अछैतो प्रत्येक समय ओ कोतवालीक रुतबा देखबैत छैक अनेरो। ई घरे थिक जे कोतवाल बनि सूति रहैत अछि आ निन्नमे गबैत रहैए-'जगले रहिअह हो भाए। आ चोर चुप्पचाप माल निकालि लैत अछि ।घरकेँ दसटा आँखि होइत छैक दसटा दिशाक रूपें जे सदिखन लाल टरेस रहैत छैक। आ ई आँखि देखिते दोसरक आँखि झुकि जाइत छैक अनायास। घरक एकटा गरदनिमे एक लाख हाथीक आवाज रहैत छैक। कनिकतो खखसलापर लोकक पएर थकमका जाइत छैक। कान फाटि जाइत छैक। माथ दुखाए लगैत छैक अपने मने। लगही-नदी बंद भए जाइत छैक।

प्रारंभिक वाक्य-: घर हिटलर अछि वा हिटलरे घर अछि एकर खोज करब आवश्यक।

घर ओ जगह थिक जाहि ठामक घैलमे नोर भरल रहैत छैक आ चूल्हापर चढ़ाओल रहैत छैक हँसी। पिआस लगलापर लोक नोर पिबैत छैक आ भूख लगलापर हँसी चिबबैत छैक से अहाँ सभ बिनु लिखने बूझि गेल होएबैक। घरक लोक जखन लगही करैत होएतैक तखन नोर निकलेत होएतैक पोखरि दिस जाए कालमे हँसी। आ लोक जतए लगही करैत छैक ओहिठाम फुटि जाइत छैक मोनि। दिसा फिरलाहा जगहपर जनमि

जाइत छैक गाछ। कथीक से सोचि लिअ। आ मोनि जतेक गहींर भेल चल जाइत छैक ओहि महक पानि ततबे सुखाएल जाइत छैक। गाछ जतेक नमहर होइत छैक, मनहूसी ओतबे नमहर भए जाइत छैक। गाछक डारि -पात नमरि जाइत छैक, सांसारिक समस्या जकाँ।

हँ, एकटा गप्प आरो होइत छैक। पाहुन-परक अएलापर घैलक नोर नहि देल जाइत छैक। रान्हल हँसी जरूर भेटैत छैक। पाहुनक जखन लगही करैत छथि तखन मोनि नहि फुटैत छैक। हँ, दिसा फिरलापर गाछ जरूर जनमि जाइत छैक। आ सहयोग देबए लगैत छैक पहिनेसँ जनमल गाछकें। मोनि फुटैत अछि, गाछ जनमि जाइत अछि घरो-चलैत रहैए।

भरत वाक्य - : नोर आ हँसीक माँझ घरक स्थान छैक।

घर ओ जगह थिक, जाहि ठामसँ दू टा बाट फुटैत छैक। एकटा आगू दने आ दोसर पाछू दने। बाम दहिनक प्रश्ने नहि। आगू महँक बाट पकड़ब तँ घंटा भरि लागत चौटिआपर पहुँचबामे। आ चौबटिओ तेहने। केन्द्र बिन्दुसँ चारि टा बाट निकलल आ फेर ओहि एक-एक बाटक शुरूआते में चौबटिआ फुटि गेल छैक आ क्रमश: प्रत्येक बाटमे एहनाहिते चौबटिआ फुटल छैक। आ अहाँ चौबटिआपर पहुँचि, थकमका जाएब। अथ-उथमे पड़ि जाएब। किछु नहि काज देत। कखनो सोचब जे ओहि बाटपर चलल जाए तँ कखने ओहिपर। घनचक्कर। किछु ने फुराएत। आ एहन समयमे बात अहाँ थाकि कए ओहि ठाम बैसि जाएब वा कोनो बाटपर चलि बिला जाएब वा पुनः घर घुरि जाए जहाजक चिड़ै जकाँ। आ जँ पाछूक बाट पकड़ब तँ पाँचो मिनटसँ बेसी नहि लागत चौबटिआपर पहुँचएमे। मुदा ओही चारि मिनटमे पाँच जुगक अनुभव भए जाएत। गोठुल्लासँ आगू बढ़ि पाएब जँ ओहि महँक निकलल बत्तीसँ आँखि माथ सही-सलामत बचि गेल तँ। आगू बढ़लापर दूगो घर बीचक एकटा गली भेटैत छैक। देहोसँ कम्म चौड़ा। कहिओ देबालमे लागि छिला जाएत। कहिओ किछु...। अगत्या पार कए जेबैक अहाँ कोनाहुतो ओहि गलीकें। आबि जएब चौबटिआपर। मुदा चौबटिआपर पाछूक बाटसँ पहुँचबाक पछातिओ अहाँक आगू में ओएह सनातन प्रश्न आबि ठाढ़ भए जाएत।

कोन बाटपर बढ़ल जाए। निर्णय नहि कए सकब से हमरा बुझल अछि। आओर अंत में ओएह तीनटा उपाय-थाकि कए बैसि रहब वा अनचिन्हार बाटपर पएर बढ़ा देब वा घर घुरि आएब।

ई घरे थिक जे दू-दूटा बाट राखिओ कए ककरो आँगा नहि बढ़ए दैत छैक। बृहस्पतिओ ग्रहसँ बेसी आकर्षण शक्ति छैक एकरामे। जतेक प्रबल शक्तिसँ अहाँ बाटपर बढ़बाक प्रयास करब एकर शक्ति ओतबे बढ़ल जाइत छैक। रामक समकालीन बालि जकाँ। आ अंतमे नुकाइए लेत ओ अपना पेटमे। घोर अन्हरियामे। पटकैत रहू माथ एहि देबालसँ ओहि देबालपर। टूटत नहि। फूटत नहि।

निष्कर्ष वाक्य-: घर दू मूँहा अजगर थिक।

घर ओएह थिक जे युग-युगसँ दुर्गा बनबाक देखैत देखैत मरि जाइत अछि। घर कहिओ ने बनि पबैत अछि दुर्गा। दुर्गाक दसटा हाथ आ एकटा मूँह देखि घर सोचैत रहि जाइत अछि जे दुर्गे जकाँ हमरो दसटा हाथसँ अबितै आ एकटा मूँहमे जाइत से कतेक नीक होइतैक। मुदा ई सपना देखिते-देखिते ओ भए जाइत छैक रावण। अबैत छैक दूटा हाथसँ मुदा जाइत छैक दस टा मूँहमे। कखनो कऽ घर ब्रम्हा आ रावणक रक्तसंबंधक प्रसंगमे सोचए लगैत अछि। सत्ते चतुर्मुखीक संतान दसमुखी केना ने हो।

कहिओ-कहिओ घर सोचैत अछि जे दुर्गा नहि सही गणेश किएक नहि भए जाइत छी। पेट रहत मनुखक मूँह रहत जानवरक। जानवरक मूँहसँ दूभि-पात चिबाइए सकैत छी। सोहारी ओ भात तँ खएबामे कोनो दिक्कत नहि। मुदा घरक ईहो मनोकामना पूरा नहि भए पबैत छैक। आ रहि जाइत छैक ओ पहिनेहे जकाँ। कहिओ कए अधरतिआमे घर बिसुनाए लगैत अछि आ ओही कालमे ओकर बड़बड़ेनाइ चालू भए जाइत छैक। बड़बडेनाइमे ईहो मिलल रहैत छैक प्रार्थनाक रूपमे-हे भगवान वा तँ हमर मूँहे गाएब कए दिआ वा पेटे। ई दूनू बड़का गुंडा अछि। खास कए ई पेट। आ अंतमे ई प्रलाप सेहो बन्न भऽ जाइत छैक आँखिक संगे-संग।

निष्पति वाक्य -: घर बड्ड किछु सोचैत छैक मुदा ओ पूरा नहि भए पबैत छैक।

घरे एकटा एहन जीव होइत अछि जे अपना भीतर बाजल गेल हरेक शब्दकेँ रोकबाक लेल छोटोसँ छोट भुरकी बन्द कए दैत अछि। ई जनितो जे शब्दक दूत बसात होइत छैक। आ घरे तँ छैक जे दोसर ठामक गप्प सुनबाक लेल टाट की चारोकेँ हटा दैत छैक चाहे ओहिमे रहए बलापर पाथर खसौक वा पानि पड़ौक वा रौद लगौक। कोनो असरि नहि घरपर। आ एहन सामर्थ्य तँ घरे के हो जे घर में रहएबाला सभ पाथर, पानि रौदसँ भरि जाइत छैक मुदा ओ अपन काज कइएक निचैन होइए।

छोट वाक्य -: घर मने ओ व्यापारी भेल जे कनेक लाभ लेल बड़का हानि के मोजर नहि दैछ आ बुझैछ जे हमरा पौ बारह अछि।

कहिओ अहाँ सभ सोचलहुँ अछि जे आङनक घर आ दरबज्जाक घरमे की अंतर होइत छैक। नहि ने। प्रयासो नहि कएने होएबैक। ओना दरबाजापरक घरकेँ घर कहले. नहि जाइत छैक। तइओ...। आङनक घर मने घरबैआ केबाड़ लगा लेताह तँ चारू दिससँ सुरक्षित। दरबज्जाक घरमे अहाँ सुरक्षित भइओ .सकैत छी आ नहिओ भए सकैत छी। कतेको गोटाक घर आ दरबज्जामे मात्र एकटा टाटक अस्तित्व रहैत छैक। टाट हटा दिऔक कोन घर रहत कोन दरबज्जा से बुझि नहि पड़त। मुदा तैओ आङनक घर आ दरबज्जाक घरमे अंतर होइत छैक।

आङनक घरमे अहाँ ककरोपर खिसिआ कए हाथ छोड़ि देबैक मुदा दरबज्जाक घरमे चुप रहबाक अतिरिक्त आन कोनो उपाय नहि। कारण जे होइक। आङनक घरमे केओ नोर बहा कए टाटकेँ अपन कथा कहि सकैत छथि। मुदा दरबज्जाक घरमे नोर की बेसी हँसिओ नहि सकैत छी। बेसी हँसब तँ लोक बताहे बूझत। आङनक घरक कोनो कोनमे एकटा कापी आ एकटा कलम रहैत छैक जाहिसँ लिखाइत छैक करेजक गप्प। दरबज्जाक घर महँक काँपीपर लिखाइत छैक नून-तरकारीक हिसाब।

नमहर वाक्य-: आङनक घरमे सहजता होइत छैक। दरबज्जाक घरमे कृत्रिमता।

घर मने एकटा ओहन मंच जाहिपर होइत रहैत छैक हर समय रंग-बिरंगी चौकी तोड़ नाच। एही चौकी-तोड़ नाचकेँ लोक गँड़िघुम्मा नाच कहैत जाइ छथि। आ नाचमे नटुआक जे घूमै घरक मूँह जरूर घूमि जाइत छैक। नाच खत्म भेलापर चौकी टूटल ककरो भेटतै की नहि भेटतै। मुदा टूटल मंच, टूटल घर जरूर भेटैत छैक। नाच शुरू होइत छैक चौकीतोड़क नामे मुदा अंतमे ओकर नाम रखबाक इच्छा भए जाइत छैक घरतोड़। मुदा ईहो एकरा अजगुते गप्प छैक जे एहि नाचक नाम हरेक बेर शुरू में चौकीतोड़ आ अंतमे घरतोड़ रहिते छैक। लोककेँ दूनू नाम पसिन्न छैक। एकैटा नामसँ गुजर नहि चलतै। आ ई घरे अछि जे एहि नाचमे ओ स्वयं भूमिका लैए आ दोसरो घरकेँ भूमिका दैए। आ सभ मीलि कए खेलैए चौकीतोड़ उर्फ घरतोड़ नाच।

आप्त वाक्य - : घर एकटा मंच छैक जाहिपर नाच होइत छैक। सभ मीलि नाचैए आ खुश होइए। साँझ होइए, भोर होइए। इजोरिआ जाइए अन्हरिआ अबैए। देबाल ढहैए, चार टुटैए। नेओं पडैए, पीलर गड़ाइए। एस्वेस्टस किनाइए वा छत ठोकाए। सभ किछु होइए। एक घरसँ एकैस घर होइए। होइत जाइए। होइत जएबाक लेल बाध्य होइए।

अन्तिम वाक्य - : घर ओ घर नहि अछि जे पहिने छल। घर ओ घर नहि रहत जे एखन अछि।

(ई कथा अक्टूबर-दिसम्बर २००८ मे पटनासँ प्रकाशित घर-बाहर नामक पत्रिकामे प्रकाशित भेल छल)

३

काटल कथा

10 जनवरी (समय भोरक 5.39 मिनट)--- आइ भोरे गंगासागर ट्रेनसँ दड़िभंगा रेलवे स्टेशन उतरलहुँ। किछु डेग चललाक पछाति बुझाएल जेना डाँड़सँ निच्चा पानि झहरैत हो। डाँड़सँ उपर नै, किएक तँ गंजीपरसँ अंगा, अंगापरसँ अधकट्टी सुइटर आ तकरा उपर पूरा बाँहिक जैकेट छल। पूरा माथ गुलबंद महाराजक शरणमे। तँए डाँड़सँ उपर किछु नै बुझना गेल। मुदा डाँड़सँ निच्चा छल मात्र खौरकी हाफ जँघिया आ ताहिपरसँ फूल पैन्ट। तखन पानि की पाथरो बुझेतैक।

आब अहाँ सभ हमरा किछु कहब से हमरा बुझा रहल अछि। अहाँ सभ कश्मीरक पानिकेँ बर्फमे बदलनाइ विश्वास कए सकैत छिऐ मुदा एहि गप्पकेँ नै। कारण--------------- ओना कारण एकर बड्ड सोंझ छै आ अहाँ तँ बुझिते हेबै जे सोंझ गप्प मगजमे बड्ड देरीसँ घुसैत छै। ओना जे होइक एकर कारण, छै मुदा स्वाभाविके। मनुख जाहि वस्तु आ ओकर परिवर्तनकेँ आँखिसँ देखैत छै ओकरेपर ओ विश्वास करैत छै। बिनु आँखिक देखने केओ विश्वास करत ताहि लेल माथक पसेना एड़ीसँ पोछए पड़ैत छै। ओना एहि गप्पक बीचमे हम अपन टाँग अड़ाएब जे किछु गप्प देखबाक नै विश्वास करबाक होइत छै, ओनाहिते जेना की कन्यागत कहै छथिन्ह जे हमर कन्या पवित्र छथि आ वरागतकेँ विश्वास करहे पड़ैत छै। ओना वरागतक विश्वास कोन जौड़सँ बन्हालए रहैत छै से हम नै कहब। अस्तु कोनाहुतो जाँघ-टाँगसँ पानि झहरबैत वेटिंग रूम एलहुँ, किछु खन बैसलहुँ आ फेर उठि कए चाह बला लग एलहुँ। आब अहाँ सभ अनुमान कए सकैत छिऐ जे ओहि ठाम हम निश्चित रूपेँ चाह पीने हएब आ से स्वाभाविके छै। व्यर्थमे केकरो दोकानपर जा कए ठाढ़ भए जेबै तँ गमजन होइत देरी नै लागत।

गिलासक चाह आधा खत्म भए गेल छल, आधा बाँचले छल (कृप्या अहाँ लोकनि एकरा दर्शनक विषय नै बूझब) तखने एकटा विचित्र प्राणीक आगमन भेल। ओना एक गोट विद्वान कहने छथि जे मनुख अपना आपमे एकटा विचित्र प्राणी अछि। आब ओ विद्वान विचित्र प्राणीकेँ देखने होथिन्ह की नै मुदा आइ हम देखि लेलिऐ। आगंतुक प्राणी अहाँकेँ ने पूर्ण रूपेँ पुरुष बुझेताह आ ने स्त्री। जँ गँहिकी नजरिसँ देखबै

तँ ओ अहाँकेँ हिजड़ो नै बुझेताह। आब ओ अहाँकेँ जे बुझाथि से बुझैत रहू, मुदा हमरा ऐ प्रसंगसँ उतरि हुनक वयसपर एबाक चाही। ओना ओ देखलासँ साठिक सेहो बुझेताह आ सत्तरिक सेहो, मुदा हुनक वयस चालीससँ उपर नै। आब अहाँ सभ ई नै कहब जे अहाँ कोनो हुनकर टिप्पनि बनेने छिएन्हि ? सत्ते, हम तँ हुनकर टिप्पनि नहिए बनेने छिऐ मुदा जे हम कहलहुँ से सत्य जँ गड़बड़िओ हेतै तँ एकै-दू बर्खक। आब अहाँ सभ चाह बलाक वयस पूछू। अहाँ पूछब तँ हम उत्तर देब जे हुनकर वयस हमरासँ बीस होइन्हि की उन्नीस छलाह हमरे बराबर।

आब अहाँ सभ बोर भए गेल हएब। हफिआइत हएब आ केखनो खिसिआ कए पूछब जे ई इतिहास सुनौलासँ कोन लाभ। हँ बाबू ओना इतिहास सुनेलासँ तँ कोनो लाभ नै छै मुदा इतिहास तँ इतिहासे होइत छै। फेर हम कहाँ भसिया गेलहुँ। केखनो काल कए हम ओनाहिते भसिआ जाइत छी जेना की मुद्रास्फीतिक बाढ़िमे घर आ घरक बजट।

हँ तँ आब सुनू- ओ विचित्र प्राणी चाह बलासँ चाह मगँलकै। चाह बला चाह छानि ओकरा हाथमे देबएसँ पहिने पाइ मँगलकै आब तँ बाबू कहबीए छै " घर कहाँ दरभंगा, झोड़ामे की छौ अंगा, टिकट कहाँ बाबू भिखमंगा " । आब तँ अहूँ सभ बुझिए गेल हेबै, अबूझ तँ नहिए छी। चाह बला बमकि उठल---------- भाग सार--------मादर--------------- फादर--------बहान-------------------सभ विशेषण उझीलि देलकै। बमकैत बाजल--- हम जुआनकेँ भीख नै दैत छिऐ। जो साला बुढ़बा होता है... उसीकेँ माइ को ओही छिन्नी साँड़ को भीख देता हूँ। विचित्र प्राणी पाँच डेग पाँछा हट गेल। चाहो बला पाँच डेग पाँछा हटि गेल। हमरो चाह खत्म भए गेल छल, पाइ देलिऐ आ विदा भए गेलहुँ बस स्टेन्डक लेल।

10 जनवरी (समय भोरक 6.38 मिनट)--- रेलवे स्टेशनसँ निकलि बाटपर एलहुँ टेम्पू पकड़बाक लेल। किछु खन प्रतीक्षा करए पड़ल। टेम्पूक नै, टेम्पूकेँ आदमीसँ भरबाक लेल। टेम्पू आब चालू भेल। कन-कन बसात आ जर्किनसँ देह परमहंसीय अवस्थामे पहुँचि गेल। ने स्वस्थ जकाँ फुर्तिगर आ ने लकवाग्रस्त जकाँ निष्क्रिय। कहुना बस स्टेन्ड

पहुँचलहुँ आ पहुँचिते सूपक भाँटा भए गेलहुँ। बाम-दहिन होइत-होइत पता लागल जे बसक लेल प्रतीक्षा करए पड़त सेहो कतेक तँ पौने एक घंटा। बेस कएले जा सकैए। आब अहाँ सभ कहबे करब जे अहाँक प्रतीक्षा लेल हम किएक प्रतीक्षा करू। बेस अहाँ प्रतीक्षा किएक करब हम कहिए दैत छी। हँ, ओहि पौन घंटामेसँ जखन शुद्ध कए बिस मिनट बीति गेल तखन एगो कूटक बक्सामे किछु हिन्दी पत्रिका लेने एकटा बच्चा आएल आ सुटसँ आँखिक आगाँमे एगो सरस-सलिल चमका कए बाजल--------

" लिजिएगा हो "

हम प्रतिप्रश्न करैत पुछलिऐ-----

" मैथिली पत्रिका रखैत छहक "

हमर प्रतिप्रश्नक उत्तरमे ओहो प्रतिप्रश्न करैत पुछलक---

" माने का "

हम कहलिऐ-----

" जेना हाल-चाल छै "

ऐ बेर ओ मूड़ी डोलबैत दीर्घ " ओ " केर उच्चारण केलक आ बकसासँ एकटा पोथी निकालि देखबैत बाजल------

" इहे ह"

आ अनचोकेमे भोरे-भोर एकटा जुआन छौंडीक नाङट फोटो आँखिक सोंझा आबि गेल आ संगमे गरमी थोड़ेक सेहो सनसनी आ तनतनीक अतिरिक्त। हम ओकरा फेर पुछलिऐ----

" ई नै हो, ओ जे मणिकांत झा निकालै छथिन्ह से "

ओ छौड़ा चट्ट पोथीकेँ भीतर राखैत बाजल----

" न ऊ सभ हमरे पास नहीं होगा"

आ सरसराइत ओ चल गेल। आ हम ओही ठाम ठंडीमे गरमीक अनुभव करैत रहि गेलहुँ मात्र एकट बसक प्रतीक्षामे।

10 जनवरी (समय भोरक 7.50 मिनट)--- बस अपना नियत समयसँ लेट भए गेल संगहि-संग कच्छमच्छी सेहो ढूकए लागल। एहने समयमे पता लागल जे हमरा गामक तँ नै मुदा हमर गामसँ तीन गाम पाँछाक बस फल्लाँ ठाम लगतै। मोनमे कच्छमच्छीकेँ लेने ओहिठाम पहुँचलहुँ मुदा बस नै आएल छल। ओना ओकर एबाक समयों नै भेल छलै। जे-से फेर हम लगीचक चाहक दोकानमे बैसलहुँ आ चाह पीबाक लेल बाध्य भेलहुँ। चाह खत्म भेल। नियत समय सेहो पूरल। आशचर्य, बस अपना स्थानपर आबि गेल छल। पाइ दैत फुर्तीसँ हम उठलहुँ आ बसमे चढ़ि आगूक सीट दफानलहुँ। आब जँ अहाँ सभ साकांक्ष हएब तँ हमरासँ पूछि सकैत छी जे आगुएक सीट किएक अहाँ बीचोमे तँ बैसि सकै छलहुँ। बंधु ई सत्य जे हम बीचोमे बैसि सकैत छलहुँ मुदा जा धरि कोनो बाध्यता नै हो हमरा अगुअइते नीक लगैए की पछुअइते। अस्तु बसमे लोक मतलब रंग बिरही माल-जाल भरलाक पछाति कंडक्टर ड्राइवरकेँ प्रस्थान करबाक इशारा केलकै। बस तँ प्रस्थान करबे करतै मुदा अहाँ सभ नै प्रस्थान करू। आब हम फेर मतलाबक गप्पपर अबैत छी। बस बाघ मोड़सँ होइत बेला मोड़ आ तकरा बाद दड़िभंगा-जयनगर नेशनल हाइवे पकड़लक आ हनहनाइत चलए लागल। हनहनाइत माने ओतेक तेजी जे की रोडक कंडीशन देकैत क्षम्य छै। हँ तँ लिअ एतबे देरमे बस खिरमा चौक पहुँचि गेल आ अपन गनतव्यसँ मात्र आध घंटाक दूरीपर अछि। एहि चौकपर एकटा जनानी बसमे चढ़लीह आ हुनक संगमे एकटा बच्चा आ मर्द सेहो। आब जनानी, बच्चा आ मर्दक बीच की संबंध छै से हमरा नै पता। भए सकैत अछि जे ओ दूनू पति-पत्नी होथि वा भाए-बहीनि वा अन्य कोनो--। किछु भए सकैत छै। एखनो एहन समय छै जँ कोनो युवक-युवती एक संगे देखा गेल तँ लोक ओकर संबंधक व्याख्या प्रेमेक स्तरपर करैत छै।

एहि छोड़ि आरो कोनो संबंध भए सकैत छै ई सोचबाक फुरसति केकरो लग नै छै।

ओह, हम फेर भसिआएल जाइत छी। हँ, तँ जखन बस खिरमा चौकसँ आगू बढ़ल तखन बच्चा अपन स्वभावक अनुरूपेँ चारू कात मूँह घुमेनाइ चालू केलक। आ जखन कोनो बच्चा कौतुक करए लागए तँ ओकर आगू-पाछू बलाक मोन सेहो कौतुक करए लागैत छै। चाहे बूढ़ हो की जुआन। आ एकर कारण जे होइक। तँ बच्चाक देखाँउस एकटा अन्य युवक सेहो करए लागल जे पाछूक सीटपर बैसल छल। बच्चा किछु देर धरि देखैत रहल आ एकै बेर भभा कए हँसए लागल। हमर बगलमे बैसल एकटा युवक ऐ क्रियाकलापकेँ देखि बाजल- देखिऔ घाघकेँ। बच्चाकेँ हँसा ओकर माएकेँ लोभेतै।

हम किछु नै बजलहुँ। जरूरते की छल। मुदा सोचबाक लेल बाध्य छलहुँ। की हँसी खाली स्त्रीकेँ फँसेबाक लेल होइत छै अथवा हँसबाक लेल कोनो विशेषे कारण वा समय होइत छै। हमर मोन नै मानैत छल। मुदा प्रमाण तँ युवक सद्यः देने छलाह जे हँसीक उपयोग मात्र एही सभहँक लेल करैए लोक।अहाँ सभ हमर सोच हमर विचारक खंडन करब जे एहन गप्प नै छै। आ हमहूँ मानैत छी जे एहन गप्प नै छै, मुदा जखन कोनो शोधकर्ता कहलकै जे हँसी जरूरी छै स्वास्थ्यक लेल आ तकरा बाद जे लाफ्टर कल्ब, शो इत्यादि चलल छै तकरा देखि मानए पड़ल जे हँसीक मात्र एकै-दूटा उपयोग छै।

मनुख लग आब स्वाभाविक हँसी नै छै। स्त्री फँसेबाक नामपर वा नीक स्वास्थ्यक नामपर हदसँ बेसी हँसैत लोककेँ देखि ई विश्वास करब कठिन छै जे ऐ ठाम केओ कनितो हेतै। अमीरसँ गरीब सभ हँसि रहल लाफ्टर शोकेँ सहारे मुदा स्वाभाविक नै। एहि मामिलामे पाइ कोनो विभाजक नै। दूध पिबैत लोक आ माँड़ पिबैत लोक दूनू एकै लाफ्टर शो के देखि हँसैत अछि आ कामना करैत अछि जे भरि दिन भरि राति एहने सुखद हुअए। मुदा से की संभव छै-------।

आ एकै झटकामे बस रूकल संगहि-संग हमर विचार सेहो। बसक गंतव्य आबि गेल छल मुदा हमर नै। हमरा एखन तीन गाम आरो पार कारबाक अछि। मुदा जा धरि हम ऐ तीन गामकेँ पार करैत अपन गाम पहुँची, अहाँ सभ कोनो ने कोनो लाफ्टर शोकेँ देखू, बलजोरीसँ हँसू आ ऐ भ्रममे रहू जे हमर स्वास्थ्य सुधरल जा रहल अछि।

[ई कथा रहुआ-संग्राममे आयोजित "सगर राति दीप जरए" मे पढ़ए लेल रहए मुदा ओतए किछु लेखक सभ सूति रहल रहथि (ओहि सत्रक अध्यक्ष जागल रहथि) आ तकर विरोध करैत हम ई कथा नै पढ़ने रही।]

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

२.५.डा. योगानन्द झा- श्री राज किशोर मिश्र ओ हुनक 'प्रलय-पाश'

डा. योगानन्द झा

श्री राज किशोर मिश्र ओ हुनक 'प्रलय-पाश'

मैथिली साहित्य ओ संस्कृतिक विकास मे प्रवासी मैथिल लोकनिक योगदानक इतिहास अत्यन्त गौरवमय रहल अछि। एकरे प्रतिफल थिक जे मैथिली पत्रकारिताक आरम्भिक केन्द्र मिथिला सँ सुदूर भारतक गुलाबी शहर जयपुर, आधुनिक मैथिली नाटकक सूत्रपातक केन्द्र विश्वनाथक नगरी काशी आ मैथिली आन्दोलनक विशिष्ट केन्द्र बिन्दु कोलकाता कहल जाइत रहल अछि। मैथिल लोकनि आजीविका किंवा आन कोनो लाथें जखन मिथिलाक धरती केॅं छोड़बाक हेतु बाध्य भेलाह तँ अपना संग मातृभाषा ओ मातृभूमिक प्रति अजस्र प्रेमानुबन्ध कँ जोगौने रहलाह आ तकर अभिव्यक्ति सांस्कृतिक अनुष्ठान ओ भाषिक सक्रियताक रूप मे होइत रहल, जकर प्रभाव मिथिला कँ सेहो सुगबुगबैत रहलैक। आइयो प्रवासी मैथिलक भाषिक सक्रियताक दृष्टिञे

प्रो.उदय नारायण सिंह 'नचिकेता ',नवीन चौधरी, अशोक कुमार झा, शैल झा, लक्ष्मण झा 'सागर ', शेफालिका वर्मा, डा. गंगेश गुञ्जन, मन्त्रेश्वर झा, देवशंकर नवीन, अनल कान्त, प्रकाश झा, विजय चन्द्र झा, पंकज पराशर, प्रेम कान्त चौधरी, महेन्द्र मलंगिया, विद्यानन्द झा, रवीन्द्र कुमार चौधरी, अशोक अविचल, दीपक कुमार झा, सिया राम झा'सरस', गजेन्द्र ठाकुर, सुशील, डा. महेन्द्र ,राजकुमार मिश्र, मनीष कुमार झा, वीरेन्द्र मल्लिक, विनोद कुमार झा, चन्द्रमोहन कर्ण आदिक नाम अत्यन्त आदरक संग लेल जाइत छनि। तथापि किछु एहनो छपकल मैथिल लोकनि छथि जे सर्वथा अनासक्त भावें मिथिला -मैथिलक अर्चा -चर्चा मे दत्तचित्त छथि। एहने एकटा स्थितप्रज्ञ मैथिली कर्मयोगी थिकाह श्री राज किशोर मिश्र। मूलतः अड़ेरडीह, मधुबनी निवासी श्री मिश्र (जन्म तिथिः 27.01.1960) सम्प्रति दिल्लीये मे बसि गेल छथि आ मुख्य महाप्रबन्धक (विद्युत), भारत संचार निगम लिमिटेडक' गरिमामय पद सँ अवकाश ग्रहण कयलाक बाद सँ जेना पूर्णतः काव्यशास्त्र विनोदहिक ब्रह्मानन्द सहोदरक अवगाहन मे निमग्न रहऽ चाहैत होथि, तहिना निरन्तर लेखन -प्रकाशन सँ आबद्ध भऽ चुकल छथि। गद्य आ पद्य लेखन मे समान रूपेँ निष्णात एहि मनीषीक एगारह गोट काव्य पुस्तक राष्ट्रभाषा मे तथा सात गोट कविता संग्रह,एक गोट गल्प संग्रह आ एक गोट आलेख संग्रह मातृभाषा मे प्रकाशित भऽ चुकल छनि। राष्ट्रीय ओ अन्तःराष्ट्रीय स्तर पर चर्चित ओ सम्मानित हिनक पोथी सभक सामान्य लक्ष्य भने लोकरंजन होइनि मुदा विशिष्ट लक्ष्य रहलनि अछि लोकशिक्षण, जाहि मे लोक कल्याणक भावना प्रक्षेपित भेलनि अछि आ सैह सत्साहित्यक लक्षणो थिक। ई साहित्य केँ वैज्ञानिकता सँ ओत-प्रोत देखऽ चाहैत छथि जकर सविशेष लक्षण डा. गणपति मिश्रक 'हमहूँ कविता लिखि सकैत छी 'आ योगेन्द्र पाठक 'वियोगी'जीक 'उड़न छू गोला ' आदि किछुए पोथी मे परिलक्षित होइत अछि। स्वभावतः हिनक रचनावली सभ मैथिली काव्यक क्षेत्र मे एकटा अभिनव ओ सुचिन्तित पदक्षेप थिकनि। मैथिली मे श्रीमिश्रक जे पोथी सभ हमरा दृष्टिपथ पर आयल अछि से सब थिक क्रमशः चाननि, मंथन, अष्टदल; नव पात नव बात ; उपायन ,सप्तपर्ण ; नव घर उठय , पुरान घर खसय ; एवं प्रलय -पाश। एहि सब मे प्रथम छओ गोट 2022ई.मे तथा तथा अन्तिम दुनू वर्तमानहि वर्ष मे

प्रकाशित भेलनि अछि। मूलतः कवि होइतो ई रचनाकार गद्यो विधा मे अपन स्वर्ण लेखनीक चमत्कार प्रदर्शित करबाक प्रयास कयलनि अछि। एहि विधा मे 'मंथन ' हिनक समसामयिक विषय परक दस गोट निबन्धक संग्रह थिकनि आ 'अष्टदल 'आठ गोट गल्पक संग्रह। शेष सबटा पोथी कविता संग्रह थिकनि जाहि सब मे परम्परानुमोदित छन्दबद्धता केँ यथासंभव मर्यादित रखबाक प्रयास भेल अछि। नयनाभिराम जिल्द ओ आकर्षक छपाइ-सफाइ सँ युक्त हिनक पोथी सभ सहजे सहृदय पाठककेँ दरस -परस, अवगाहन ओ चिन्तनक हेतु प्रेरित करैत अछि। तथापि पृष्ठ-निर्मिति मे बेसी सँ बेसी कागत छेकबाक प्रवृत्ति राष्ट्रकल्याणक दृष्टि मे पुनश्चिन्तनक आहवान करैत अछि ,तँ तुकान्तक पाँती सभक व्यवस्थापन अनेक स्थल पर साज -सज्जा पर कशाघात करैत बुझना जाइत अछि। व्ययाधिक्यक प्रति अन्यमनस्कता लेखकीय -प्रकाशकीय औदात्य केँ प्रतिष्ठापित कयने अछि।
श्रीमिश्रक कवित्व-शक्तिक आभा-मंडल वैज्ञानिकता सँ संपुटित छनि जकर श्रेष्ठतम प्रस्तुति थिकनि सद्यः प्रकाशित 'प्रलय -पाश 'कविता संग्रह। एहि मे हिनक एक कोड़ी कविता संगृहीत भेलनि अछि जाहि मे समसामयिक विषय -वस्तुक चयनकऽ शृङ्खलाबद्ध ज्ञान केँ यथार्थपरक, लौकिक ओ प्रायोगिक स्वरूप मे प्रस्तुत करैत विचार -मीमांसा कयल गेल अछि।
ई सब मानव -मस्तिष्क केँ झकझोरि देबाक सामर्थ्य तँ रखितहिँ अछि संगहि विशुद्ध रूपेँ आधुनिक परिवेशक विश्व -मानवताक समस्या ओ तकर समाधानक उपायक रूप मे कान्तासम्मिततयोपदेशक नियोजन करैत अछि ।वस्तु चयनक दृष्टि मे हिनक ई कविता सब अभिनव चिन्तन परक ओ मार्गदर्शक प्रकृतिक थिक।
आधुनिक युग वैज्ञानिक प्रगतिक युग थिक। सम्प्रति मानव विज्ञानक बल पर सुख -समृद्धिक समस्त संसाधन केँ जुटयबा मे सफल सिद्ध भेल अछि। निरन्तर वैज्ञानिक आविष्कार ओ यांत्रिक क्षमताक वर्द्धिष्णुताक कारणे भूगोल -खगोल पर मानवक साम्राज्य स्थापित भऽ गेल अछि। आइ नहि केवल विश्व ग्रामक परिकल्पना साकार सिद्ध भऽ गेल अछि अपितु चन्द्र, मंगलादि ग्रहो पर बसबाक हेतु मानव उताहुल अछि। भोजन, वस्त्र, आवास, शिक्षा ओ मनोरंजनक नित्य नूतन साधन पर

मानवक अधिकार स्थापित भऽ गेलैक अछि । आगि सलाइ मे बन्द भऽ गेल अछि तँ वर्षा, बाढ़ि आ समुद्र धरि पर मानवक नियंत्रण स्थापित भऽ गेल अछि। रोग, वार्धक्य, जंगली जीव, शीत, उष्णता आदि सेहो मानवक नियंत्रण मे आबि गेल अछि। एतऽ धरि जे प्रकृति प्रदत्त लिंग -भेदहु पर मानवक सत्ता स्थापित भऽ गेल अछि। मुदा प्राकृतिक व्यवस्थाक विपरीत चलबाक हेतु मानव कैँ प्रकृतिक विपुल शोषण करबाक बाध्यता रहलैक अछि, जकर परिणाम ई भेल अछि जे बगदल प्रकृति अनेक समस्या लऽ कऽ उपस्थित भऽ गेल अछि यथा माटि मे उर्वरा शक्तिक अभाव, गलैत हिमनद जन्य प्रलय -प्रवाह, जल प्रदूषण, वायु प्रदूषण, असामयिक ऋतु चक्र, फूटैत ओजोन परत जन्य असाध्य उष्णता, वनक विनाश जन्य बाढ़िक प्रकोप, पृथ्वीक गर्भस्थ जल -तलक निम्नगामिता, मरुभूमिकरण, जैव विविधताक विनाश,अंतरिक्षीय उत्पात,ध्वनि प्रदूषण

,

प्रकाशक रेडियोधर्मिता, प्राकृतिक शीतलताक अभाव, कंक्रीटीकरण, सांस्कृतिक विकृति, पर्यावरण प्रदूषण, अगिला पीढ़ीक हेतु जपाल अन्धकारमय भविष्य आदि। श्रीमिश्र 'प्रलय-पाश' कविता संग्रहक कविता सभक माध्यमे एहने समस्या सभ पर गहन चिन्तन कय समाधानक उपाय सभ दिस इंगित कयलनि अछि। स्वभावतः हिनक कविता सभ मे विज्ञान ओ साहित्यक गठजोड़ भेटैत अछि, असन्तुलित विकास पर प्रहारपूर्वक प्रकृतिक संग तालमेल बैसयबाक शिक्षण -प्रशिक्षण भेटैत अछि, मुदा से भेटैत अछि उपदेशात्मक थोपल स्वरूप मे नहि, अपितु श्रृङ्खलाबद्ध जीवन -मीमांसाक माध्यमे, जे सहजे ग्राह्य भऽ जाइत अछि, खास कऽ संवेदनशील सहृदय कैँ। एतावता ई संग्रह मैथिली कविता विधा कैँ कविक समसामयिक ओ प्रगतिवादी दृष्टिकोण सम्पन्न अतुलनीय देन थिकनि। अपेक्षा कयल जा सकैछ जे ई संग्रह मैथिलीक कवि-समुदाय कैँ नित्य नव चिन्तन दिस प्रेरित करतनि।
प्रलय-पाशक कविता सब प्रसाद गुण सम्पन्न अछि तँ अर्थक निर्वचन मे कतहु बाधा नहि अबैत अछि। कवि एक दिस जँ गाम -घरक बोली -बाणीक सहजता कैँ अपनाबैत तद्भव ओ देशज शब्दावलीक प्रयोग करैत देखि पड़ैत छथि, तँ तत्समो शब्दक प्रयोग मे ओहिना निष्णात बुझना जाइत छथि। से हिनक अध्ययनशीलता ओ विद्वत्ताक परिचायक थिक।

झहरल, हहरल, टघरल, हुलसल, फुलसल, सदृश शब्दावलीक संगहि रश्मि, जलनिधि, अपशिष्ट, कोकिल, शिशिर सदृश शब्दावलीक प्रयोग सोहाओन अछि। यत्र -तत्र विदेशज शब्दोक प्रयोग मे कवि कोताही नहि कयलनि अछि।

एकटा कविता 'नव जीवन -संस्कृति 'मे संस्कृतिक क्षरणक प्रति कविक जुगुप्सा भाव एहि शब्दैँ प्रकट भेलनि अछि -

पानिक बदला मे कोका कोला ।
मसल्ला -तेल सँ लथपथ छोला।।
मुर्गा, मासु, बर्गर ,मोमोज।
एकरे मतलब भेलै भोज।।
बगिआ, पिड़ुकिया, टिकड़ी, गुड़पुरी ।
एहि पकमान सँ उठैछ सुड़सुड़ी।।
नवतुरिया मे हँसी -ठट्ठा।
छोटो बात पर लट्ठम -लट्ठा।।
के उठाओत ठठरी पर, मुर्दा के भार।
शववाहन भेल जा रहल ,अंतिम कहार (पृ. 84,86)

एहिना हिनक एहि संग्रहक सबटा कविता पाठकक मनोमस्तिष्क मे चिन्तनक पथार लगबैत चलैत अछि, मानव -कल्याणक मार्ग दिस अग्रेषित करैत रहैत अछि। अन्त मे कविक उपसंहृति छनि -

प्रदूषण रहित होअय विकास।
तखने जीवन ,तखने प्रकाश।। (पृ. 128)

स्वभावतः हिनक रचनावली आधुनिक मैथिली काव्यधाराक अन्यतम निधि प्रमाणित होएत, से अपेक्षा कयल जा सकैछ।

ओना राष्ट्रभाषा हिन्दीअहु मे श्रीमिश्रक एगारह गोट पोथीक प्रकाशनक सूचना अछि जाहि मे सात गोट कविता संग्रह विधाक तथा चारि गोट खण्ड काव्य विधाक अछि। कविता संग्रह सभक नामावली अछि क्रमशः प्रवाहिनी, पुष्परेणु, शतभिषा, जल -लता, वेणुपत्र, कृतांजलि तथा त्विषा ओ खण्ड काव्य सभक शीर्ष अछि क्रमशः ऊर्जा -वर्णन, संवेग, प्रदूषण तथा जल -संकट। एहि मे ऊर्जा -वर्णन कैँ 'इंडिया बुक ऑफ रेकर्ड्स',

'एशिया बुक ऑॅफ रेकॉर्ड्स' तथा 'वर्ल्ड बुक आफ रेकॉर्ड्स' द्वारा ऊर्जा विषयक प्रथम हिन्दी काव्य तथा प्रदूषण कैँ 'इंडिया बुक ऑफ रेकॉर्ड्स'द्वारा 'कम्प्रीहेन्सिव डिटेल्स आफ पाॅल्युशन 'पर प्रथम हिन्दी काव्य घोषित कऽ समलंकृत कयल गेलनि अछि। वृत्तियेॅं विद्युत अभियन्ता एहि मैथिल सपूतक जीवनोपलब्धि पर सहजहिँ गौरवान्वित भेल जा सकैत अछि।वर्द्धस्व राष्ट्रं विमली कुरुष्व।

-योगानन्द झा, भगवतीस्थान मार्ग, कबिलपुर, पो. -लहेरियासराय, जि.-दरभंगा -846001(बिहार), M : 9334493330

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

२.६.डॉ किशन कारीगर-.मैथिली मे रचना चोरी के विकट समस्या आ समाधान

डाॅ. किशन कारीगर

मैथिली मे रचना चोरी के विकट समस्या आ समाधान

मिथिला मैथिली स जुड़ल लोक सब एक नम्बर धूर्त,दलाल आ रचना चोर प्रवृति के होइए. इ कटु सत्य स्वीकारह पड़त. कुकृत्य क अहाँ सब कते दिन चोरनुकबा खेला खेलैत अप्पन कुकृत्यक झांप तोप करैत रहब?
जसौती कमेबा दुआरे अहाँ मिथिला मैथिली के आयोजक प्रकाशक सलाहकार आदी बनल साहित्य अकादमी वला पुरूस्कारी आयोजनी

वेबिनार मलाई खा ढेकरैत फिरै जाई छी से कते दिन छजत? पब्लिक अहाँ के कुकृत्य बुझि गेल यै आ कतेको बेर अोई साहित्यिक दलाल सबहक देखार चिन्हार भेल. तइयो लाजे कथिक निरलज्ज भेल चुपेचाप रचना चोरी क जसौती कमाई लै सबटा अपकर्म कुकर्म करैत रहै जाउ. धूर छिया.

रचना चोरी समस्या के कारण:-

1. मैथिली के अधिकांश पत्र पत्रिका साहित्यिक गिरोहक अधिन त्रैमासिक छमाही द्वैमासिक रूपे बहराइत रहलै. जेकर पब्लिक तक कोनो पहुँच नै रहलै.

2. कोनो नीक रचना के चोरा के अपना नामे प्रकाशित क लेब. रचना पठौनिहार वा पब्लिक तक नै पत्रिका पहुँचै देबै आ नै रचना चोरी के दोख लागत.

3. रचना पठौनिहार के कोनो माध्यम स सूचित नै करब जे ओक्कर रचना प्राप्त भेलै प्रकाशित अप्रकाशित? आखिर की भेलै?

4. कोनो अपरिचित वा आन गिरोहक वा स्वतंत्र लेखक के मौलिक रचना के सद्य: वा की पैरोडी तोइड़ मरोईड़ के अपना नामे प्रकाशित करबाक ठकहर प्रवृति.

5. रचना चोर के देखार भेला पर ओकर सामूहिक प्रयास नै क ओई चोरबा चोरनी के गैंगवार बचेबाक प्रयास आ कुकृत्यक झांप तोप क मैथिली मे अहिना होइत एलैए वला राग अलापब.

6. काॅपीराईट अधिनियम के जानकारी नै राखब वा संपदाकीय मनमाना फार्मूला पर चलब. जे के की हमरा कए लेत?

7. रचना चोरी सिद्ध भेलाक बादो ओई रचना चोर सबके मंच देब आ

अप्पन गिरोहबादी ठेकदारी के फिराक मे रहब.

समाधान:-

1. रचना चोरी करनिहार पुरूष स्त्री जे कोई होऊ तेकर साहित्यिक बहिष्कार आ कॉपीराईट अधिनियम के दुआरा ठोस जुर्माना लगेबाक चाही.

2. रचनाकार के अहि बात के सूचना मेल वा लिखित वाट्सएप माध्यमे सूचना अबस्से दी जे ओकर रचना प्राप्त भेलै तकरा बाद प्रकाशित अप्रकाशित की भेलै.

3. कॉपीराईट अधिनियम के मानब आ जानकारी राखि निष्पक्ष प्रकाशक संपादक व्यवस्था के मजबूती स लागू करब.

4. अहाँ संपादक प्रकाशक के धर्म निरवाह करैत रचना मौलिकता के जाँच वा मौलिक रचना संग छेड़छाड़ करबाक प्रयास अबस्से करी.

5. मौलिक रचना प्रकाशन लेखन प्रोत्साहन दिस सामूहिक प्रयास मे भागिदार बनि रचना चोरी के रोकै मे सहयोग अबस्से करी.

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

२.७.लालदेव कामत- १ टा लघुकथा आ ६ टा बिहैन कथा

लालदेव कामत- १ टा लघुकथा आ ६ टा बिहैन कथा

१

१ टा लघुकथा

अपन हारल बहुक मारल कियो-कियो बजैछ!

कन्यागत १२ वजे रातिमे अपन बिछौटा ५०गोटेक आकस्मिक बैसार केलनि।एकगोट समर्थक पुछलखिन कतय करब बैठक।ताहिपर कन्यागत बाजल चलू लड़का कैं दियादेक दुआरि पर।बेटी धी बाली बात थीकैक, की करब?जातिगत खाप बैसारमे कन्यागत उगललनि"यौ गोतिया लोकनि!"लागल रहलौंह अपने सबदिन "बेटी बचाओ-बेटी पढ़ाओ "मैं।परंच दूनू बड़कि दूदिश बेर गेल य।काल्हिखन पता चलिते खूब मारपीटधरि केने रहियैक।अपन चीरचोली एक हप्ता सँ दूनू छौंरी अन्तय राखि आयल अछि।धरि कोर्टमैरेजक उमेर तँ तीन शाल कमे, दूनू छौरोक नँय पूरल छैक उमेर ,से की कयल जाय?

एक नव पक्षधर अपेक्षित टोनि देलकनि-अपन हारल आ बहुक मारल थरि कियो - कियो सुनाबैछ!बिनु निर्णय के बैसार खत्म होइते बेटी बाला हारल नटुआ सदृश ......झमान भ' पंचायत भरिमे गिरल।

२

६ टा बिहैन कथा

१

उम्मीदवारी आकर्षण

लाल बाबू पंचायती राज चुनाव मेँ ठाढ भेलाह ,तँ हुनक विरोधी प्रत्याशी एकगोट बलुआबाला मंडिलपर दस गोटेक सामने बाजैत अपन चुनावी आकर्षण लेल बाजि उठलैक जौं अहाँ सँ एक भोट कम हमरा भेटत तँ सदा लेल भोंटभांट सँ संन्यास ल'लेब।देखा चाही आगू की होईछ।

२

तुष्टिकरण

बुमब्ईमे आर एस एस० सँ प्रशिक्षण पाबि गाममे एकटा जुबक खुब हिन्नूके बीच अपन प्रशंसा अपने बघारैत रहय।ताबीच सरपंच पदक इलेक्शन केँ डुगडुगी बाजि गेलैक।ओकर परोसी एक मोहम्मद खां साहेब रहैक जे बुझेलकै -रौ बौआ तोरा वाडक चारिगो तोहर जाति जे सरपंच बनय चललखुन से तोहर परीक्षा धरि ऐबेर लेतौक।तोँ की करबिही।ओ जुबक बाजल-हौ रौतो सँ रौत चतुर सुजान बाला बिहैन कथा सुनने छहक नै।सयह करब ,हमर जे मुखिया उम्मेदवार छथि ने, हुनके कहल सँ अपना कुटूमो केँ नँय आ हुनके मिलानीके जे तोहर जाति सरपंचमे ठाढ छह;तकरे पोलींग एजेंट बनि तुष्टिकरण नीति अपनायब, ओहो तँ गौंवाँ समाजे छथि।ककरो की दबौटमे छियै?अपने तरेतर अकारण हँसयधरि लागल।

३

नमालत

जोखना पासंग मारिकय नौबेर लत कयकेँ तौललक।दशम धरि ठौसगर पड़िते ठाकुरजी बाजल,बस-बस भ'गेल संतोषजनक।जोखना तरजू रखैत कहलक हौ समांग!वोटे जकाँ हम बुतातो जोखैत छी,तैँ ने हमरा लोक जोखना नामे परोपट्टामे जनैत अछि।आगू गप्प बढबैत इहो बाजल-हौ हमरा टोलक नेताजी आठकाठ पर सँ उतरलाह एहिबैरक सरपंचक भोंटमे ,से ठीके कहल गेल छैक-नमालत भ 'जेना सुस्त पैर गेल हो।हे

हौ,से एना कियेक बुझैत छह,जानिलैह बुढहो शेरकेँ कतौह मौसक बदला घास खाइत देखलहक हय।फेर कोनू चुनाव लगिचाय दहक नै,देखमे अपने आबि जेतह।ओहन उम्मीदवार तँ नौ दिनक प्रवास पर सब मास गाम सँ बाहर सामाजिक राजनीतिक जतरा करैते रहैत छैक,तेँ की नमालत कोनो दिनदुरागमन केर वादक पहिल नौरोजी विदागरी थीकैक?

४

नहला पर दहला

एक गाममे एकटा दरबार कहबै बाला मरड़ रहथि।हुनका नाँगर बेटाक बियाह समय सँ नहिँ होइत रहनि।से एकटा मजबिकनीके किछ पाई केर लालच द' बोर पाथलनि।दोसर एकटा गाममे एक बेटीक बाप झखैथ रहथि ,अपन आन्हरि समर्थ बेटीक वियाह ले।से ओहि घटक केँ टेबि जोरा सांचि धोती आ किछु कैंचा थम्हाबैत शुभ लग्नमे बेटी बियाहैक भार देलखिन।मध्यस्थ बजलाह-मान्यजन संग ८बरातिक संग अमुक गामक दक्षिणबारि टोलमे बेटा बियाहैले चलल जाय।भलदिन भल,मंगलदिन चल....।घरदुआरिक बाद लड़िकाक बाबूजी खुशीमने राग प्रलाप करय लगलाह-"अबाह बेटा कोहबर गेल,राउतक मोन बढ हर्खित भेल.....।। समैध सुनितहिँ प्रतित्तर दैत उत्साहमे गाबय लगलाह- "रौतो सँ राउत चतुर सुजान,दूनू आँखि निरपट देखब बिहान......!गहनमरु कन्यादानमे गीतहारिके सुपारी धैर खूब जेथगर सँ बेन भेटलनि।

५

सौसक दिएमान

मन्शी रामू जी अपना द्वितीय सासुराइर मैनही गाम आयल रहय।ओतय दूपहरका कलौमे छ: तरकारी,न अँचार सजल रहैक।खाइकमे तीन तरहक चटनी सेहो परसल गेल छलैक।सासुमाय बढ अह्लाद सँ जमायके रूचि सुनि-बुझि घौकाक साग सेहो बनौने रहथिन।तीमन तरकारी क' लेल थारीमे परसल भात झँपाधरि गेल रहैक।बाटीमे गिलगर खाइक सुआद कने तीत रहनि।से पहुनाईमे एतेक व्युतपन अपूर्व सागक झोर सहित बाटिभरि एकेनिशामे गटागट पी लेलक।कारण बेर-बेर कौर खाइत काल जे जीत लगतैन से एकेबेर नै किया तीत सूआद बुझता।सासुमाय जेना बेटी मुहेँ पहिले सुनने छलीह,से स्वंय दृश्य देखि पतिएलीह।हुनका

नीक लगैत देखि आओर बाटी दर बाटी भरि परशन हरियर डग-डग सागपत्ताक झोर परसलीह।आब तँ अपन जान अबग्रहमे देखि रामूजी बरबड़ेलाह-"एतेक जे प्रलय करबाक छन्हि तँ बरु घेंटे मोइक दौथ नै! अश-बीश करैत रामूजी बिनु दुध-दही,अमौट खयने थारिपर सँ उठै सँ पहिले ऐँठहाथ लोटाक जलमे घोंइक लेने छलाह।

६

हकरा

एकटा अत्यंत महत्वपूर्ण भोज जाहि चिन्हित नोतहारी लेल भेल रहैक,ताही मेँ किछ बिनु सिदहासमर कैँ हकरा भोजक पाँतिमे खायले ठेसी सँ बैसल।परोक्ष रुपे तकरा ठेलियाके किछ तमशगीर लोक जे पठेने रहैक,से सबसँ अहगरकैँ व्युतपन रुपे दत्तचित भ'खेलक।जिनका लेल भोजन तैयार रहैक से अपनाकैँ वंचित बुझलक।कारण भेलै जे ताधरि भोजक वस्तु सैधि गेलैक।तेहने न स्थिति चुनावों मौसम में पारखि लोक परैखैत अछि।तेँ कहल गेल छैक "विनु नौतहि जाईछ जे हकरा।"

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

२.८.लालदेव कामत- पोथी समीक्षा एक विमर्श- १.विद्यापति आत्मकथा केर दृष्टिबोध २.पुस्तक समीक्षा: लालू-लीला ३.जगदीश प्रसाद मंडल- उपन्यास "पंगू"

लालदेव कामत

पोथी समीक्षा एक विमर्श- १.विद्यापति आत्मकथा केर दृष्टिबोध २.पुस्तक समीक्षा: लालू-लीला ३.जगदीश प्रसाद मंडल- उपन्यास "पंगू"

१

विद्यापति आत्मकथा केर दृष्टिबोध

विद्यापति'क आत्मकथा 'उपन्यास' गोविंद झा कृत १९९३में बहरायल रहय।शेखर प्रकाशन पटना'क एहि मैथिली पोथीक दाम ५०टंका सस्त संस्करण ३०टाका धरि राखल गेल छैक।एहिमे१२६पृष्टांकित अछि।४५अध्यायक पाठ केर अतिरिक्त आखरि पन्ना पर भनितामे बहुत किछ वयोवृद्ध लेखक महोदय कहि चुकल छथि।लेखकक विषयमे संक्षिप्त जनतब दूनू भीतरक कोभर पर स्पष्ट देल गेल य। तैयो पाठक वर्गके मिथिला'क इतिहास आ प्राचिन मैथिली साहित्यमे रुचि रखने उपन्यासक कथ्यशैली पर विवेचना करब आवश्यक बुझायत। विद्यापति'क युग आ हुनक वांग्मयक विशेषज्ञ प्रो०कृष्णचन्द झा"मयंक"

जी सँ हमरा मिथिला विभूति स्मृति समारोह हटनी में बहुतराश गप्प भेल रहय। ताहि प्रसंग किछ प्रश्न मोनमे औनाइते रहि गेल ,तेँ अपन दृष्टिकोण राखब परम आवश्यक सन बुझना गेल हन्। विद्यापतिक आत्मकथा हिनक सर्जनात्मक कृर्ति थिकैन।एखनो सयसालक उमेरमे लिखल एकटा नव पोथी मैथिली भाषीक बीच अधिक चर्चामे अछि।हिनक पूर्वमे सामाक पौती कथा संग्रह आ अंतिम एकन्नी रचना जगतमे विशेष रूपे मैथिली साहित्यक अक्षय भंडारकेँ भरने य।प्राय: कथाकार सँ रचनाकार लोकनि उपन्यासकार होय दिश बढैत य,से हिनको पर उतरैत छैक। समकालीन मैथिली भाषामे संवेदनात्मक गद्य लेखन कार्यमे कथा बेसी आ उपन्यास कम लिखाएल य।ताहिमे हिनक भुमिका नीके कहक चाही;परंच मिथिला समाजक जनसंख्या आधारित अभिज्ञान तँ हुनका पकठोस रहबा सँ बंचित कैने छैक; एहि उपन्यासके अभिजात वर्गक समर्थन बेशी भेटल अछि।परंच वैदेहीक अंकमे रमेश चन्द्र झा सद्यप्रकाशित उपन्यास बावत धज्जी उड़बैत छथि।

"विद्यापतिक आत्मकथाक" आरम्भ विद्यापति द्वारा अपन जिंदगीनामा केँ घुरमे सुड्डाह करैत भेल य। परंच पौत्र नोने द्वारा महाकवि क'आत्मकथाकेँ आगि सँ सुरक्षित निकालि देल गेल अछि।तदुपरांत , विद्यापति अपन जीवनक अमूर्त भावक चीरफार आरंभ करैत छथि।"हम झप्पा खोलल।ओहिमे सँ किछ पोथी बाहर कय कातमे राखल । शेष पोथीक बन्हना खोलि-फोलि आ काठक पटरी हटा-हटाय ओकर तड़ित सभ पर दोसर कात थकियाओल। तखन बन्हलाहा पोथी सबके फेर ओहि झपामे दय लेल आ नोनेके अज्ञा देलिऐक ,आब ई झप्पा जतय छलैक ततहि राखि आबह।पृष्ट-१ एहि तरहेँ उपन्यासक हिंदी जेकाँ शुरू भेल छैक। उपन्यासक कथावस्तु नान्यवंशक अंतिम अकर राजा हरिसिंह देवक नेपाल पलायन सँ शुरू होइत अछि। दरवारक प्रधान पंडित आइनवार वंशक संस्थापक पुरुष कामेश्वर ठाकुर द्वारा शासन करब,फिरोजशाह तुगलक द्वारा हिनका सकर राजा घोषित करब,कामैश्वर ठाकुरक तीनगोट कुमारमे राजगद्दी क' हेतु राजकीय दावपेंच चलायब ,असलान द्वारा गणेश्वरक हत्या,राय अर्जून एवं शिवसिंहमे जनमी दुशमनि ओइनवारवंशक ड्योढिक चारि खण्डमे विभाजित होयव,कृर्तिसिंह द्वारा हाजीपुरक तुर्कके पराजित करब,

देवीसिंह द्वारा वागमतिक किनारमे देवकुली गाममे अपन राजधानी बनायब, शिवसिंह द्वारा राजधानीक स्थानमे परिवर्तन कए गजरथपुर किलाघाटमे नव वास्तुकलाक नींवदेव आदि मिथिलाक मध्यकालक इतिहास कथोपकथन शैलीमे एहि उपन्यासमे भेटैत अछि।एहि प्रसंग संध्या गायत्रीक जप,माटिक महादेवक पूजा,सोहरक स्वरलहरी ,विशिष्ट मूल गोत्र सोदरपूरिए ,खौआरए एंव माण्डर कुलक विशेष चर्च,विसयबारक उपेक्षा ,मूलक आधार पर एक-दोसराके छोट-पैघ बूझब ,चौपाड़ि शिक्षाक केन्द्र ,दर्शन् न्याय -नव्य न्यायक अध्ययन,दियादि कलह,वार्ता लेव,स्त्री एवं दास बिक्रय असहनीय कर भार अधिक उल्लेख एहि साहित्यिक कृतिमे कयल गेल अछि। रेणुकादेवीक मुसलमान आक्रान्ता द्वारा बलात्कारक परियास आ मिथिलाक धर्मशास्त्री द्वारा ओकरा अजाति बुझब,परंच विद्यापति द्वारा ओहि भागल जनिजात रेणुकाकेँ अपना घर में राखि मौसी बनाएब नीक वर्णन अछि।१४म् शताब्दिमे विद्यापति प्रगतिशील देखेलाह य।तैयो ई विद्यापति 'क आत्मकथा नय भ'केँ शिवसिंह 'क आत्मकथा मानल जायत। विद्यापति क' जीवन चरितमे ई कतुहुँ लिखल नय य जे वो संस्कृत शिक्षा ग्रहण करबाक हेतु सरिसबपाही अयलाह।से बात इतिहास सम्मत नहिं रहैत गोविन्द झा वर्णन धरि कयलन्हि,एकरा सांच नय मानल जा सकैत य।लेखक स्वंय माण्डरवंश सँ संबंध रखैत छथि तेँ तत्कालीन मिथिलाक मात्र पाँजिबाला ब्राह्मण एवं शिक्षितकर्ण कायस्थक चर्च कयने छथि। मिथिला'क अस्मिता किसान चेतना सँ जुड़ल ऐ जेकरा यात्रीजी उजागर कयलैन। विद्यापति'क आत्मकथामे मिथिलाक किसानक साक्षात्कार,ओकर सामाजिक-आर्थिक दशाक चर्च भुलहुँ सँ नय भेल य।एतौका संस्कृति,धरोहर आ माटि पानिक दिग्दर्शन नहि कराबैत य।तेँ ई मथिलाक उपन्यास नय ओईनवार वंशक विरूदावली वा शाहनामा कहल जा सकैछ।एहिवंशक पदाधिकारी द्वारा सर्वहारा आ किसान रुपन मड़र सँ पूर्ण लगान नहिं अदाय केने मंत्रीवर चन्द्राकर ओकरा हरीमे ठोकि पिठपर छौंकियबैत छैक।एकदिवसीय स्त्रीपूजा होइत अछि तँ दोसर दिस स्त्रीदासी केँ बेचबाक परम्परा देखमे अबैछ।तेँ ई ऐतिहासिक उपन्यास नहिँ वरण ओइनवार शासकक ईतिवृति मात्र थीक। एहि पोथीके सुविज्ञ पाठक विद्यापतिक पाँति रचनावली बूझत।

२

पुस्तक समीक्षा: लालू-लीला

लालू-लीला: लेखक-सुशील कुमार मोदी प्रकाशक-प्रभात पेपरबैक्स 4/19 आसफअली रोड - नई दिल्ली 02 फौन नंबर - 23289777 पृष्ठ-198 (बृहट् आकार) मूल्य ₹ 200

छात्र आन्दोलनक उपज, बिहारक दूबेर सँ उपमुख्यमंत्री उपमुख्यमंत्री सुशील कुमार मोदीक "क्या बिहार भी असम बनेगा ", चारा चोर-खजाना चोर, आरक्षण, विभेद मूलक न्याय तथा बीच समर में केरबाद आब सद्य: प्रकाशित पुस्तक'लालू- लीला"लालूजी परीबारक भ्रष्टाचार केर अंतहीन दस्तानक जीवंत दस्तावेज थीक अधिकतर एहि पोथीमे जे तथ्य देखल गेलैक,से सुमो० 40सँ बेसीये बेर प्रेस कॉन्फ्रेंस करैत उजागर करने छथि।बिहारेटा नहिँ अपितु देशविदेशक सुधि पाठक केँ लगैत रहैत छैक जे अखबार मेँ लालू जीक मादे आगू की बताओल जायत। हुनकर सार्वजनिक जीवनकेँ पोल फोलैत चहटगर रूपेँ सुशील कुमार मोदीजी परसैत छथि, तथ्यक आंकड़ा जानबाक हरदम मनमे जिज्ञासा बनल रहैत छैक। तेहन मेँ सम्पूर्ण खोराक भड़ि सामग्री प्रस्तुत पोथी मेँ अवलोकन करय लायक भेटत। पोथीमे पाठ आरम्भ होयसँ पहिलुके पृष्ट पर दू गोट केन्द्रीय मंत्री मा०अरुण जेटली (वित्त आओर कारपोरेट मामला) आ मा० नितिन गडकरी (पोत एवं परिवहन, सड़क एवं संसाधन , नदीविकास आ गंगा संरक्षण) केर उद्गार एहि अवसर पर छापल अछि। एहि लालू-लीला केँ प्रसिद्ध प्रभात प्रकाशन निर्भिकतापूर्वक छापि पोथी (हिंदी) निर्माण कार्यमे लागल अपन 60 वर्ष पूरेलनि अछि। हिनकर प्रकाशित प्रमुख पोथीक नि: शुल्क सूचि प्राप्ति लेल अपन नाम-पता 78270-07777 पर एस एम एस वा मिस्डकॉल देबालेल आखरि कभर पर विज्ञापन लागल पायब । एहिक संग 65 वर्षीय लेखक सुशील मोदीक रंगील फोटोयुक्त हुनक संक्षिप्त जीवन परिचय पर अपनेक नजेर सेहो जायत। सुशील कुमार मोदी जीक लेखकीय पन्ना शुरुआत सँ पहिले प्राक्कथनमे भारत सरकारक माननीय मंत्री रविशंकर प्रसाद (कानून व न्याय, इलेक्ट्रॉनिक एवं आई०टी) केर सारगर्भित व लेखककेँ हार्दिक बधाई दैत, हुनक राजनीतिक संगी सभक

जिक्र सेहो पढ़वाक भेटत।
एहि हिंदी किताबमे अंग्रेजी डेटा केर सेहो जगह-जगह समावेश करैत पोथीके आकर्षित बनाओल गेल अछि। तैयो हिंदी साक्षरता सँ कम पढ़ल-लिखल व्याक्तिके पोथीक सारांश जानयमे दोसर शिक्षित लोकक सहारा लिअ पड़तैक। पोथीमें कतौ खामी नहिं, परंच खुवी आ खाशियत दृष्टिगोचर होयत। प्राय: युवा पीढ़ीक पाठक (ग्राहक) पोथी किनैतकाल बुकस्टाॅल पर पोथीके उनटावैत पुनटाबैत समेय चित्रांकनक एक झलक पावय आ नेत्रतृप्तिक आनन्द उठावैत छैक, से एहि पोथीमें सचित्र भेटत। मोदीजी बढ़ सौष्टव अन्जादमे एहि पोथीमे विषय वस्तुके अनुक्रममे सजौने छथि। प्रमुखरूपे एहिमे खोखा कम्पनी, दान वसियत, पावर ऑफ एटॉर्नी आ हरेक काजक बदलामे जमीन- मकान हथियेवाक लालू परिबारक नायव फंडा दरसौने अछि। अधिक जनतब लेल आवश्वक रूपे पढ़ू आ एहि पोथीके घरेलू पुस्तकालय मेँ संगग्रहित करबाक मोन मानिजायत । लारा'क अर्थ व बेटा- बेटी मोहमे पैसल लालू- राबड़ीजीके सेहो ई पोथी हाहुति सँ बँचबाक सबक दैत फरिच्छ रूपे देखायत छैक। परस्पर विरोधी राजनितिक गलियारामे एहन पोथी छूहक्का उड़िजेबाक संभावना बनल रहैत छैक।

३

<u>जगदीश प्रसाद मंडल-उपन्यास "पंगू"</u>

एहिबेरक मैथिली भाषा मेँ मूल पुरस्कारक विजेता चर्चित साहित्यकार श्री जगदीश प्रसाद मंडल,हिनक उपन्यास "पंगू" साहित्य अकादमी द्वारा पुरस्कृत भेल अछि।१०वर्षपूर्व हिनक पोथी "गामक ज़िन्दगी"केँ सेहो रविन्द्र एवार्ड "नेशनल "भेटल रहनि।हालहिमे हिनक नवपोथी "संचरण" केँ लोकार्पण 'सगर राति दीप जरय'बैनर तर सर्वहारा मंच, मैथिली कथा गोष्ठीमे भेल अछि।सयह कथा पोथी पल्लवि प्रकाशन सँ सद्यप्रकाशित' संचरण 'हमरो भेटल रहय,ताहि पर मधुरामे बाजक मौका नहिँ हाथ लागल छल।एक पाठ पढ़ियो नहिँ पेने रही।ओहीक कथा सत्तैरमे- टुटि क' खसि पड़लैन,मृत्यु सजियापर पड़ल विवेक बाबा, संचरण, ज़िन्दगी सँ प्रेम,परिवारे बगैद गेल, ज़िन्दगी पिछैर गेल आ श्रमहीन कथा मैटर जे उपलब्ध भेल छल,पढि लेने रही।बड नीक लागल

रहय।श्री मंडल जीक प्रस्तुत पोथीक आखरिपाठ समुद्रलंघन एहिबीच पढबाक सौभाग्य प्राप्त भेल।मानव आर्ट सँ छपल "संचरण " कैँ सरकार सँ ISBN (978-93-93135-16-2) प्राप्त छन्हि।101 पृष्टक एहि पोथीक दाम भारू 0250टाका निर्धारित छैक।2022मेँ बहरायल ई पोथी मातृभाषा मैथिलीक अक्षय भंडार कैँ भरयमे एक डेग आरो आगू बढल।ख्यातिलव्ध जगदीश प्रसाद जीक लेखनशैली वा रचनाधर्मिता तेहन ने होइछ जे कथाक पात्र केर कथ्य प्रदर्शन घुमाकय सोझगर रुपे समेटल बुझाइछ,से नव पाठक कैँ सेहो बोधगम्य भाषा शैलीकैँ फरिच्छसन तथ्य समझि-बुझि जायबामे कोनू भांगठ नहिँ रहतैन।सैकड़ों मैथिली पोथीक लेखक एहि 10शालमे गतिमान रचनाकार मंडल जी निठाहे कतेको विधामे कलम चलेने छथि।आखरी पाठ क्र०8 समुद्रलंघनमे जानि सकलौंह से किछ एहि तरहेँ छैक,जे आन कथाकार सँ हिनक पहिचान अलग करैत अछि।

निर्धारित समय पर पंचायती राज चुनाव आबि गेल छैक,5-6खेप जे पहिलो चुनाव भेल रहैक से समय केर बान्हके मजबुत केलकै।पुरना रूतबामे सुधारों भेलैक।जीवानन्द काका आ बड़बरिया भायमे तिनू स्तरक पंचायतक प्रखंडक आ जिला परिषद केर चुनावक निहितार्थ सब तरहक गप्प करय छैक।ओना आब लेखक अपनाकैँ एहि भोंटभाट सँ अलग रखै छथि।परंच राज्य आ केन्द्रीय सरकार जे हरिजन,अधिक पिछरल तबका आ जनिजाइतक वर्ल्ड ले आरक्षण सीट सीमा नीक ढंगे नहिँ निमाहैत छैक,ताही पर अधिकार सँ बंचित तदसंबंधीत गप्प सेहो विमर्शक हिस्सा बनैछ। मतदान सँ तीन दिन पहिले कहैत छैक रंगत तँ भोट बितला पर समाजमे लागत। कानून तँ निशन 99 चोट देनहारके कहाँ पकरै छैक,ओ तँ सौवां चोट देनहार जे एके बेर उपर सँ समधाईन चोट दैत अधोगति करैछ, कैँ अपराधी मानैत अछि;जे हत्यारोपी धरि होइछ।गुलटेन कैँ आबि गेला सँ तहधरिक बातक चर्चा होइत रहैछ। चानीसन झलक साफ देखाईत पाठ मेँ गहींरगर चर्चा भेलैक अछि।जुगे बदैल गेने ने जीनगी जीयत लोक,नहिँ तँ समुन्दरके पानिक फेन जेकाँ फेंका जायत हिलकोरमेँ।सत्ताधारी जमात समुन्दर जेकाँ अपना पेट सँ लहरि उठा बसात बनि आकाशमण्डल कैँ प्रभावित करैत छैक। दुनियांमे लोक खेलारी-मदारी सँ भरल छैक। जौं परेखने-बुझने नहिँ रहै जायत तँ

भांजे नँय लगतैक।बरबरी केँ बरबराइत देख ईहो सुझाव अबैत छैक जे डाक्टरों तँ बेशी बाजब केँ बताहक अबैत लक्षण कहैत, अधिक बाजब पर रोक करै छैक।अपन जीवन धारण लोक अपने बाँहिबल सँ केने ने छैक आ बिनु खगताक बिचार अपना मुहेँ कियाक निकालत। बुद्धिजीवी लोक तँ एहन अतिरिक्त बाजब केँ बुरिपन्नाक दर्जाधरि दैत छैक।मजबिकनी दुआरे -दुआरिए बोटर लगधरि पाई पहुँचाय अपना पक्षमे करब नितांत आवश्यकता -चतुराय कथा मेँ देखायल गेल अछि।किछु वोटर तँ मानसीक रुपेँ समर्थक रहैछ,किछु पार्टीक कैडर भेल,जाहि में खर्च नहिँ लगैत अछि।ओना अपवाद मानूं तँ बँटैक ढौआमे अदहा -छिदहा अपने नुका लेने रहैछ।किछु प्रवन्धनमे सँ सेहो कपैच हथिया लैत छैक।बहती गंगामे कियाक ने हाथ धुअल जाइ।नैतिकता पर प्रश्न ठाढ करबामे आरो बेशीखुलै सँ कथाकार चुकलाह अछि।धरि पाठ में ई आबि गेलैक अछि -" गामक सब किरदानी सब कियो आँखिये देखे रहल छी,विसबासू लोकक मुहेँ सुनैतो छी;पोखैर,धार आकि महासमुन्द्र मेँ जलोदीप दिश कियो खतरा देख कोना बढ़त,नै जाइ छैक।"मात्र कथाकार कथामे वृन्दावनके गोपीकेँ हंटै- दबारै बला द्वापर युगक दूर्वासा बाबा,त्रेता युगक हनुमानजी समुद्रकुदि लंकाक चरचित लैत पुन:आबि रामक संग लक्ष्मण सहित बानर भौलक सेना धरिक बीच ईमानपुर्वक सब कथा पर अंशत: व्याख्यान देवा सँ धार्मिक वातावरण बनेबामे समर्थ भेलाह अछि। ई सब अनर्थ:उपकथा सोन्हियेने छथि।आब अवस्था दुवारे कथाकार क' नव पोथी लिखबाक रफ्तार कमतर होयत जेबाक अशंका होइछ।जखनकि पाठक केँ हिनके लिखल आरो पोथी उपाय बेबाक बेगरता बुझाएत।एखन एतबे।

-लालदेव कामत, स्वतंत्र पत्रकार एवं लेखक, पूर्व मंत्री जिला उपाध्यक्ष - अति पिछड़ा मौर्चा भाजपा, झंझारपुर

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

२.९.निर्मला कर्ण- अग्नि शिखा (खेप-२१)

निर्मला कर्ण (१९६०-), शिक्षा - एम् ए, नैहर - खराजपुर,दरभङ्गा, सासुर - गोढ़ियारी (बलहा), वर्त्तमान निवास - राँची,झारखण्ड, झारखंड सरकार महिला एवं बाल विकास सामाजिक सुरक्षा विभाग मे बाल विकास परियोजना पदाधिकारी पद सँऽ सेवानिवृत्ति उपरान्त स्वतंत्र लेखन।

मूल हिन्दी- स्वर्गीय जितेन्द्र कुमार कर्ण, मैथिली अनुवाद- निर्मला कर्ण

अग्नि शिखा (भाग- २१)

पूर्व कथा:

राजा पुरूरवा स्वर्गक अर्धासन के त्यागि,उर्वशी सँ विदाई लऽ कऽ पृथ्वीक लेल प्रस्थान कएल।

आब आगू:

"स्वामी, अहाँ राजा पुरूरवा केँ नाराज कय नीक नहि केलहुँ। एहि सँ स्वर्ग केँ कोनो लाभ नहि भऽ सकैत अछि।"

वैजयंत प्रासाद मे इन्द्रक कपार आ केश केँ आँगुर सँ सोहराबैत बजलीह हुनक अर्धांगिनी शची।

हम नीक वा बेजाय केलौं,अहाँ एहि बातक चिंता किएक कऽ रहल छी?

अहाँ एहि पर ध्यान नहि दिय। ई हमर काजक क्षेत्र अछि। हमरा स्वयं देखऽ पड़त - हमरा केकरा सँ कोना निपटारा करऽ के अछि । हमर काजक क्षेत्र मे आहाँ के हस्तक्षेप करबाक कोनो आवश्यकता नहि"।
"पत्नी के कर्तव्य छै ओ अपन पति के कुकर्म सऽ विमुख होयवाक लेल चेतावनी देथिन" - शची बहुत विनम्रता स बजलीह।
"ओ हमर शासन में सदिखन हस्तक्षेप करैत छलाह, जे हमर सहनशीलता सँऽ सीमा पार भऽ गेल छल। आब हम हुनका सहन नहि कऽ सकलहुँ" - इन्द्र तमसाइत बजलाह।
"स्वामी, अधलाह काज मे टोकब आ मना करब कोनो हस्तक्षेप नहि कहाईत अछि" - शची इन्द्र कैँ बुझाबय चाहैत छलीह।
"अहाँ ई सब नहि बुझब,ई सब राजनीति के बात छै। अहाँ बस भीतर अपन कर्तव्य के निर्वहन करु,हमर काज नहि देखू। जाउ हमरा लेल सोमरस पठाउ" - गप्प समाप्त करैत इन्द्र बजलाह।
"नीक बात छै,हम जाइत छी,मुदा अहाँक ई ईर्ष्यालु आ घमंडी व्यवहार हमरा एकदम सभ्य नहि लगैत अछि। देवताक प्रतिकूल राक्षस सनक व्यवहार अछि ई" - शची कोठली सँ कहैत आगू बढ़लीह।
"ओह शची,अहाँ हमर मोन कैँ दग्ध कऽ देलहुँ"। पत्नी शचीक नीतिपरक बात सँऽ इन्द्र के मुख पर क्रोधक भाव आबि गेलनि। ओहि क्रोध में कक्ष में ओ इम्हर ओम्हर चहलकदमी करैत बाजि उठलाह " अहाँ राजनीति नहि बुझब शची। एकरा राजनीति कहल जाइत छैक।आब हम जे किछु जेना चाहब से तहिना करब । पुरूरवा हमर आधा अधिकार ग्रहण कएने छल। ओकरा नामक जे डंका बाजैत छलैक, तेकरा नष्ट केनाई अत्यंत आवश्यक छल। देखु आहाँक पति कतेक बुद्धिमान छथि।ओकरा सँऽ सहायता सेहो लेलनि,आ दूधक माछी जकाँ स्वर्ग सँऽ सेहो भगा देलखिन। ई राजनीति थिक,आ हम थिकहुँ कुशल राजनीतिज्ञ । हमरा सऽ राजनीति के ज्ञान सबके प्राप्त करबाक चाही,राजनीति मे कूटनीति आवश्यक अछि ।

उर्वशी मणि खचित सोनाक पर्यंक पर कतेको दिन सँऽ विरह-व्यथा भोगि रहल छलीह,कानैत-कानैत हुनकर आँखि प्रातः कालीन आकाश जकाँ लाल भ' गेल छलनि,हुनका अपन देह केर बोध तक नहि छलनि।
हुनक सखी चित्रलेखा हुनका सान्त्वना देबाक बहुत प्रयास केलकनि,मुदा सब किछु व्यर्थ साबित भेल। कतेको अप्सरा उर्वशीक बीमारीक बात जानि हुनकर कोठली मे आबि गेलीह आ हुनकर बीमारीक कोनो कारण नहि जनैत वापस चलि गेलीह, सूचनाक अभाव मे हुनका लोकनिक लेल निदान संभव नहि छलनि।
चित्ररथ, विश्ववसु आदि गंधर्व सेहो दुखी छलाह।उपचार करवा में व्यस्त सखी रम्भा कतेको बेर उर्वशीक हृदयक स्थिति जानबाक प्रयास केलनि,मुदा ओहो किछु नहि बूझि सकलीह । मिश्रित औषधिक लेप आ पारिजात फूलक बिछान सेहो हुनक शरीर कैँ शीतलता प्रदान करबा मे असमर्थ छल।.
एहि डर सँऽ जे कतहु रहस्य नहि खुलि जाय,उर्वशी दू दिनक बाद उठि गेलीह,मुदा हुनका कोनो काज मे कोनो रुचि नहि छलनि। जहिया सँ पुरूरवा हुनकर आँखि सँ ओझल भऽ गेल छलाह,तहिया सँऽ ओ अपना के अत्यंत नि:सहाय शक्तिहीन अनुभव करऽ लागल छलीह। ओ ककरो अपन दर्द के विषय मे कहि तक नहि सकलीह। ओ अपन हृदय के पहिने कठोर कऽ स्वयं पीड़ा के अनुभूति सहन करवाक प्रयास करैत छलीह,आ सहन करवा में असमर्थ भेलापर हुनक चेतना विलुप्त भऽ जाइत छलनि। ई हालत कतेको दिन धरि चलैत रहल।अंत मे ओ अपन ह्रदय के दृढ़ कऽ निर्णय लेलनि। अपन प्रेम के संपूर्ण जानकारी दैत ओ अपन हृदय केर स्थिति चित्रलेखा आ रम्भा कैँ कहलनि। भविष्य के विषय में अपन संपूर्ण योजना हुनका दुनू के बतेला के बाद एकटा वचन लेलनि दुनू गोटेसँ " 'ई योजना ककरो सोझाँ प्रगट नहि होमय देबाक लेल। दुनू गोटे उर्वशीक मानसिक स्थिति,हुनक करुणा आ विरहक पीड़ाकैँ सेहो बूझि एहि बातक वचन देलखिन। ओ सभ हुनकर तड़प,विरहजन्य पीड़ा में हुनका तिल-तिल घुलैत,नहि देखि सकैत छलीह। कारण!"ओ सभ हुनक प्रिय मित्र (सखी)छलीह।आ एहि कारणेँ हुनका ई वचन देमऽ के कारण स्वर्ग सऽ छल करवाक अपराधी बनय पड़लनि। ओ सभ अपन प्रिय सखी के

तड़पैत नहि देखि सकैत छलीह,ताहि सऽ ई दोष सहर्ष स्वीकार केलनि।

उर्वशी केर लेखनी स्वर्ण पत्र पर तीव्र गति सऽ चलि रहल छल। ओ अपन लेखन के माध्यम सँऽ अपन दिल के स्थिति प्रेम-संदेश के रूप में स्वर्ण पत्र पर उझलि रहल छलीह। किछु घड़ी के प्रयासक बाद प्रेम पत्र तैयार भऽ गेल छल।
ओ अपन प्रिय सखी चित्रलेखा कैँ संकेत सँऽ अपना निकट बजौलथि। तदुपरांत को प्रेम पत्र हुनका देलनि,आ कहलखिन -
"प्रिय सखी चित्रलेखा!ई प्रेम पत्र लऽ कऽ आँहा गुप्त रूप सऽ पृथ्वी पर जाऊ ! पत्र गुप्त रूप सँऽ पृथ्वी पर राजा पुरूरवा कैँ दऽ कऽ ज तुरन्त घुरि आउ"।
चित्रलेखा सहमति मे मुड़ी डोला देलथि ।
"एतुका आँहा चिन्ता जूनि करू। हम ककरो सँ अहाँक अनुपस्थिति पर चर्चा नहि करब। जौं कोनो चर्चा होयत आँहा के संबंध में अथवा केओ आँहा के विषय में पूछत तऽ हम हम बात बदलि देब। देवेन्द्र कैँ तऽ सपनहुँ में ज्ञात नहि हेतनि जे अहाँ स्वर्ग सँऽ अनुपस्थित छी। ई काज हम स्वयं करितहुँ,मुदा हम कतेको दिन सँऽ राजप्रासाद नहि गेल छी। हमरा लेल इन्द्रक मोन मे संदेह अंकुरित नहि हेबाक चाही। तैँ आइ ओतय गेनाइ आवश्यक अछि।
चित्रलेखा आश्वस्त भऽ गेलीह आ भूलोक जेबाक लेल तैयार भऽ गेलीह। तिष्करीणी विद्याक कारणेँ ओ क्षणहि मे गायब भ' गेलीह,नहि जानि ओतय सँऽ चित्रलेखा कखनि विदा भ' गेल छलीह।

"आब अहाँ ठीक छी ने? अहाँ के की भेल छल ? " इन्द्र प्रसन्न मुद्रा में उर्वशी सँऽ पुछलखिन।
"देवराज,बेसी व्यस्तताक कारणेँ थकान सऽ हम अस्वस्थ भऽ गेल छलहुँ,

मुदा आब हम स्वस्थ छी" - उर्वशी बजलीह। तत्पश्चात इन्द्रक अनुमति सँऽ ओ अपन आसन पर जा कऽ अप्सरा सभक मध्य बैसि हँसैत गप्प करऽ लगलीह। एखनि हुनक मोन कनि हल्लुक छलनि कारण ओ अपन ह्रदय के व्यथा प्रेम-संदेश के रूप में सखी के माध्यम सऽ प्रियतम तक पहुंचा चुकल छलथि । तखन ओ भावना नुकाबऽ के सेहो आवश्यक छलैक,तेँ ओ नाटक कऽ रहल छलीह जे किछु नहि भेल छैक।
सिंहासन पर बैसल इन्द्र अपन काज में व्यस्त छलाह । किछु क्षणक बाद इन्द्रक सारथी मातलि प्रवेश कएल।ओ स्वर्गाधिपति के अभिवादन केलनि। इन्द्र अभिवादन के प्रत्युत्तर दऽ पुन: अपन कार्य में व्यस्त भऽ गेलाह। किछु काल धरि मातलि ठाढ़ भऽ प्रतीक्षा केलथि,तत्पश्चात देवराज के ध्यान अपना दिस आकर्षित करवा हेतु बजलाह -
"देवेन्द्र, अहाँक काज मे क्षणिक व्यवधान लेल हम क्षमा चाहैत छी। हमरा किछु महत्वपूर्ण सलाह करबाक छल अहाँक संग"।
"ओह! मातलि कहु की बात करवाक अछि "?
"देवेन्द्र, हम अहाँक आदेश सँऽ वायु देवक संग स्वर्गक निरीक्षण करय लेल गेल छलहुँ। वायु देव चित्रलेखा केँ अदृश्य रूप सँ स्वर्गक सीमा केँ अतिक्रमण करैत देखलथि । "वायु देव" जिनका सोझाँ तिष्करिणी विद्याक कोनो प्रभाव नहि छैक तत्काल ओ चित्रलेखा केँ अदृश्य रूप मे सेहो चीन्ह गेलथि । एक तऽ चित्रलेखा स्वर्गक सीमा के अतिक्रमण करैत छलथि,ताहि के अतिरिक्त हुनका हाथ मे एकटा गुप्त संदेश छलनि। वायु देव हमरा गुप्त संदेश जे स्वर्ण पत्र पर लिखल छल दऽ कऽ चित्रलेखाक संग अहाँ के देमय हेतु पठा देने छथि। ओ स्वयं एखनो ओतहि निरीक्षणक काज में व्यस्त छथि"।
इन्द्रक आँखि क्रोध सँ जरय लागल,चित्रलेखा केँ देव-सभा मे उपस्थित हेबाक आदेश देलनि आ मातलि सँऽ स्वर्ण पत्र लऽ कऽ पुनः वायु देवक संग रहबाक अनुमति दऽ हुनका विदा कऽ देलनि।

उर्वशी आब भय सँ काँपि रहल छलीह।क्षण भरि मे हुनकर आशा बुझि गेल छलनि।आगामी परिणाम देखि ओ त्रस्त भऽ गेलीह।इन्द्र चित्रलेखा आ उर्वशी कँ सभा कक्ष में सभासद के मध्य उपस्थित होयवाक हेतु आदेश केलथि। ओ स्वर्ण पत्र पर अंकित संदेश पढ़लाक बाद पूरा स्थिति बुझि गेलाह।ओ क्रोध सऽ आवेशित भऽ गेल छलाह। क्रोधावेश सँऽ कंपित अपन आवाज के एक सीमा तक नियंत्रित केलथि, मुदा हुनक मुख मंडल के भाव क्रोध के स्पष्ट कऽ रहल छलैक।उर्वशी हुनक भाव देखि त्रस्त भऽ गेल छलथि । इन्द्र अपन दृष्टि उर्वशी पर टिकौलथि । मुख मंडल पर ध्यान केंद्रित करैत बजलथि -
"हँऽऽऽ! तऽ अहाँ पुरूरवा सँऽ प्रेम करऽ लागल छी ! उर्वशी! एक अमर प्राणी के नश्वर प्राणी सऽ प्रेम करबाक चाही! ई हास्यास्पद बात अछि!की अहाँ ई बात नहि बुझैत छी! मुदा संभवत:प्रेम एहन तत्व अछि जे ई सब नहि देखैत अछि। ओ आन्हर होइत अछि !अहाँ के सेहो ई बीमारी भऽ गेल अछि। किएक! हमर ई बात ठीक अछि?हमरा अहाँ पर बहुत तामस अछि, कारण हमर अनुमति के बिना स्वर्ग सऽ बाहर संवाद भेजब बहुत पैघ अपराध अछि। ई दंडनीय अपराध होइत अछि।आ अहाँ स्वर्ग के नियम तोड़ि देलहुं।एक तऽ अहाँ नश्वर संसार के एकटा प्राणी सँग प्रेम केलौं! आ तखन अहाँ ओकरा संदेश सेहो पठा रहल छी? आ एहि लेल अहाँ स्वर्गलोकक अप्सराक प्रयोग केलहुँ?"
आब एकर पश्चात चित्रलेखा दिस घुमि गेलाह।
"आ अहाँ सेहो हमरा सँ अनुमति लेब वा हमरा एहि विषय मे सूचना देब उचित नहि बुझलहुँ? अहाँ दुनू गोटे अपराधी छी,एहि लेल अहाँ कँ दण्ड अवश्य भेटत। तेँ हम अहाँ दुनू गोटे कँ एहन दण्ड देबय चाहैत छी जे भविष्य में स्वर्ग के नियम के विरुद्ध केयो किछु काज करवा सऽ पहिले अपराधक दण्ड स्मरण कय नियम भंग करवाक प्रयास नहि कऽ सकैथ। नियम विरुद्ध प्रथम डेग उठबै सऽ पहिने एहि दण्ड के स्मरण कऽ साहस नष्ट भऽ जाए के चाही।आ एतय के नियम के विरुद्ध कोनो काज नै करबाक चाही। आहाँ के कठोरतम दण्ड देमय चाहैत छी मुदा--"
बुझायल जेना इन्द्र बहुत कठिनाई सँऽ अपन क्रोध पर काबू करबाक प्रयास कऽ रहल होथि। किछु काल रुकलाक बाद फेर बजलाह -

"उर्वशी,अहाँ कैँ महान नर-नारायण द्वारा बनाओल गेल अछि आ स्वर्ग कैँ उपहार मे देल गेल अछि,तहिया सऽ अहाँ विश्वसनीय रहलहुँ। प्रारंभ सऽ एखनि धरि अहाँ अपन संपूर्ण निष्ठा सँऽ स्वर्गक सेवा करैत एलहुँ । एतेक दिन सँ महान नर-नारायणक सम्मान आ अहाँक निष्ठापूर्वक सेवा देखि हम अहाँ कैँ स्वर्गक समय-सारणीक अनुसार पाँच वर्ष स्वर्ग सऽ निष्कासन के दण्ड दैत छी।अहाँ कैँ निष्कासित कयल गेल अछि स्वर्ग सऽ। चित्रलेखा!अहाँ जे अपराध केलहुँ ताहि लेल हम अहाँ कैँ एक मास धरि स्वर्ग सँ वंचित कऽ रहल छी |
"स्वर्गाधिप! अहाँ हमरा जे कठोर दण्ड देब से हम स्वीकार करब,मुदा हमर मित्र चित्रलेखा कैँ ओहि अपराधक दण्ड नहि दियौक जे ओ नहि केने छथि। हम दोषी छी,ओ सम्पूर्ण निर्दोष छथि"।
"ठीक छै,हम हुनका क्षमा क दैत छी,कियेक त ओ अहाँक कहब पर आ अहाँक प्रेम में नियम तोड़ि देलथि,ताहि लेल एकर स्थान में अहाँ के हुनकर दण्ड सहय पड़त।मुदा अहाँ लेल ई अवधि 5 साल के होयत।
उर्वशी चुपचाप ओहि दण्ड कैँ स्वीकार कयलनि।अप्सरा लोकनिक बीच फुसफुसाहटि भऽ रहल छल। सब - देव, किन्नर, गंधर्व, अप्सरा आदि कैँ उर्वशीक प्रेमक ज्ञान भऽ गेल छलनि।

क्रमशः

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

२.१०.कुन्दन कर्ण- लघुकथा रीढ आ बीहनि कथा हॉट

कुन्दन कर्ण

लघुकथा रीढ आ बीहनि कथा हॉट
१
लघुकथा- रीढ़

कनॉट प्लेस में आगू चलैत एकटा चनैल (गंजा) व्यक्ति के हरिश्चन्द्र बाबू पाछू स' पजिया क' पकड़लखिन
"यओ जनार्दन बाबू, कहाँ गायब भय गेल छलहुँ अहाँ !!"
ओ चनैल आदमी देह झटकैत कहलकैन , "पागल हो क्या, कौन हो तुम ?"
तखन हरिश्चंद्र बाबू के अखियास भेलैन्ह जे कोनो अनजान आदमी के जनार्दन बाबू बुझि पकैड़नेने छलाह, ओहि अनभुआर आदमी सँ क्षमा माँगि आगू बढ़लाह।

जहियासँ दिल्ली के साहित्यकार सब हरिश्चंद्र बाबू के बाइर (प्रतिबंधित) देलकैन अछि तहियासँ ओ विक्षिप्त भय गेलाह अछि।

कोनो चनैल आदमी हुनका जनार्दन बाबू बुझाइ छथिन, त कोनो भुट्ट आदमी हुनका शिवचंद्र जी बुझाइत छथिन, साड़ीवाली महिला हुनका

कवियित्री कामिनी जी बुझाइत छथिन।

कोनो बियाह-दानक मंच हुनका कविगोष्ठी के मंच देखाइ पड़ैत छन्हि।

जखन मंच पर हुनका पाग डोपटा पहिरायल जाइत छलैन त हुनका नैसर्गिक सुख भेटैत छलनि।

एकदिन मंचसँ ओ सरकार के प्रशंसा में कविता पढ़ि देलखिन, मंचेपरसँ सब साहित्यकार हुनका दुरदुरा देलकैन्ह।

सब साहित्यकार के कहब छलै, साहित्यकार में सरकारक आलोचना करबाक साहस हेबाक चाही, हरिश्चंद्र बाबू सरकारी पुरस्कार लेबाक फ़िराक में सरकारक गुणगान केलाह अछि ताएँ हिनका सब साहित्यिक मंचसँ बारल जाय !!

हरिश्चंद्र बाबू हाथ जोड़ि सब मठाधीश लोकैन के सफाई देलखिन, हम सभदिनसँ अहि पार्टी के पक्षधर रहल छी , हम एकर विचारधारा आ निर्णयसँ सहमति रहैत छी ताएँ प्रशंसामे कविता पाठ कएलहुँ , जँ कोनो न्यूनता देखाइ पड़त त ओहो कहब।

मुदा सब मठाधीश एक स्वर में कहलखिन "साहित्यकार वएह जे सरकारक आलोचना करबाक बुत्ता राखय , अहाँक शरीरमे रीढ़क हड्डी नहि अछि!!"

तहियासँ हरिश्चंद्र बाबूके आब कोनो मंच पर नओत नहि भेटैत छन्हि।

सबदिन अपन कनिया के पाग डोपटाद' कहैत छथिन, हमर स्वागत करू। घ'र आयल पाहुन परख के गंजी उठाक' देखबैत छथिन, देखियौत' हमरा देहमें रीढ़ के हड्डी छै ??

२

बीहनि कथा- हॉट

गुणाकर बाबू बड़का ठड़की छलाह। गामक बेटी पुतोहु होउ कि ज'न-मजुरनी स'ब पर नज़रि गड़ौने रहैत छलाह। हुनके घ'र में काज लेल आयल फुलकी के असगर पाबि कान्ह पर हाथ राखि देलखिन।
"हाथ हटाउ नहि त थाना पुलिस देखा देब।" फुलकी बाजि उठल!

"थाना के काज पड़ैत छौक त तोहर टोलक लोक हमरा लग अबैत छौ आ तों हमरे थाना सिखबैत छएं ?"
"नबका कानून SC/ST के नाम सुनलियैक अछि कि नहि जे थाना वला रिपोर्ट लिखैसँ छीह कटतै तकरो नोकरी जेतै!"
गुणाकर बाबू के लगलैन जे कोनो धिप्पल चीज छुआ गेलैन अछि, तुरत फुलकी के कान्ह परसँ हाथ हटा लेलाह, आइ पहिल बेर हुनका "हॉट" के अर्थ बुझि में एलैन !
(स्वतंत्रताक अमृत महोत्सव पर विशेष)

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com पर पठाउ।

२.११.नन्द विलास राय-वैष्णवे छी

नन्द विलास राय
वैष्णवे छी

विनयजीक बेटाक बिआह छिऐन। आइ भोरमे चौकपर चाहक दोकानपर विनयजी भेँट भेला। कुशल-समाचारक बाद कहलैन-
“नन्द भायजी, बरियाती जाए पड़त। से तैयार रहब। कपड़ा-लत्ता धोइ कऽ ओइपर लोहा करबा लेब।“
आगाँ बजला-
“माछ खाइ छी किने आकि वैष्णव छी? “
हम कहलयैन-
“वैष्णवे बुझू।“
हमर बात सुनि विनयजी बजला- “बुझू..! बुझूक की मतलब? “
हम कहलयैन-
“यौ विनयजी, माछ तेतेक ने महग भऽ गेल हेन जे कीनले नहि होइए, तखन खाएब केतएसँ, तँए कहलौं वैष्णवे बुझू।“
विनयजी बजला-
“अच्छा तँ से बात छै।“
विनयजी हँसए लगला। मुदा अपना मुहसँ हँसी नहि निकैल सकल।

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

२.१२.जगदीश प्रसाद मण्डल- सुचिता (धारावाहिक उपन्यास)

जगदीश प्रसाद मण्डल

सुचिता (धारावाहिक उपन्यास)

'सुचिता' धारावाहिक रूपेँ छपब प्रारम्भ भेल 'मिथिला दर्शन'मे, जे पहिने प्रिंटमे छपब बन्द भेल आ मात्र पी.डी.एफ. मे ई-प्रकाशित हुअय लागल आ फेर सेहो बन्द भऽ गेल। आ तेँ 'सुचिता'क सेहो छपब/ ई-प्रकाशित हएब बन्द भऽ गेल। अही आलोकमे ई उपन्यास धारावाहिक रूपेँ ई-प्रकाशित कएल जा रहल अछि।- सम्पादक।

चारिम पड़ाव

तेसर साँझ। राधारमण अपन कोठरीमे बैस अपना जीवन दिस देखि रहल छला। आजुक जे क्रिया-कलाप रहल माने हिम्मतलाल ऐठामक जे सम्बन्ध रहल ओ जीवनक एक अभिनव अमूल्य उपलब्धि रहल। ऐ उपलब्धिकेँ केना जीवित रखैत प्रगाढ़ बनाएब, ई तँ अपने केने हएत। दुनियाँमे सात अरबसँ बेसी लोक अछि, सभ मनुखकेँ हाथ-पएर, मुँह-आँखिक संग बुधि, विचार-विवेक अछि मुदा सभ किछु एक रहितो एक-दोसरसँ अपरिचित केना अछि..?

राधारमणक मनमे विराट प्रश्न उठि कऽ ठाढ़ तँ भऽ गेलैन मुदा जवाब किछु भेटिये ने रहल छेलैन। तैबीच खेलैत-खेलैत सुचिता लगमे एलैन। सुचिताकेँ देखिते राधारमण बजला-
"बुच्ची, हिम्मत चाचा ऐठाम की सभ देखलहक?"
पतिक बोली अकानि सुवासिनी सेहो राधारमण लग पहुँच बजली-
"धोखा-धोखीमे चाह बनाएबे बिसैर गेलौं। भानसक बेर भऽ गेल। की चाह बना कऽ नेने आएब?"
चाहक इच्छा जेते राधारमणकेँ प्रभावित नहि केलकैन तइसँ बेसी प्रभावित केलकैन सुवासिनीक अपन भूलक कबूल। स्त्रीगणक बीच कोनो काज नहि करैक बहन्ना जे घर केने अछि, ओ सुवासिनीमे सेहो छेलैन्हे, मुदा सुवासिनीक अखनुक रूप तइसँ भिन्न बुझि पड़लैन। किए तँ कोनो काज नइ केलाक पछाइत जखन सुवासिनीकेँ राधारमण नइ करैक कारण पुछै छेलखिन तँ सुवासिनी अपन गलती कबूल नहि करैत बहन्नाक बीच बहन्ना ताधैर ठाढ़ करैत रहै छेली जाधैर खगल काज देखि राधारमण बिगैड़ कऽ नहि बजैथ। से आइ अपना मुहेँ अपन भूलक कबूल करैत सुवासिनीकेँ देखि राधारमणक मनमे प्रीतक एक नव रीति उदित भेलैन। बजला-
"ओना, हिम्मतलाल ऐठाम तेते खा नेने छेलौं आ तैपर सँ चाहो पीलौं से मन गदगरले अछि। अखन चाह पीबैक मन नइ होइए।"
हिम्मतलालक चर्च सुनिते सुवासिनी बजली-
"जहिना हिम्मतलालक सोभाव छै तहिना घरोवाली आ माइयोक छै। बाल-बच्चा तँ सहजे पशुधन जकाँ दूधमुहेँ अछि।"
ओना, सुवासिनीक बात सुनि राधारमणक मनक विचार गहराए लगलैन, मुदा तइ गहराइकेँ उत्थर बनबैत बजला-
"एकटा चीज गौर केलिऐ?"
सुवासिनी-
"की?"
राधारमण-
"अपना सभ जकाँ हजार चिन्तामे हिम्मतलालक परिवार नइ अछि।"
पतिक बात सुनि सुवासिनी ठमकली। मोन पड़लैन, जेतेकाल हम सभ दरबज्जापर छेलौं तेतेकाल हिम्मतलाल सबतूर अपना-अपनीकेँ आदर-

सत्कारमे लगल छल। आन कोनो काजक भूत सवार नइ छेलै...।
पत्नीकेँ ठकमकाएल देखि राधारमण पुन: बजला-
"हिम्मतलालक परिवार एकाकी अछि। अपन जेतेटा जीवन छै तइमे सभ तूर जुटल रहैए जइसँ ने बाहरी कोनो दबाव पड़ै छै आ ने अपन समटल जिनगीमे केतौ कोनो बाधा उपस्थित होइ छै। परिवारक सभ अपन-अपन जिम्माक काज बुझैए आ तइ हिसाबे अपनाकेँ लगौने रहैए।"
पतिक बात सुनि जहिना कपड़ामे लागल कोनो दागकेँ पानिमे लोक साफ करैए तहिना सुवासिनी सेहो मने-मन अपन विचारकेँ धुअ लगली। मुदा परिवारमे जे जीवन स्तर बनि जाइए ओहो तँ साधारण रोग नहियेँ छी जे लगले धुआ जाएत। ओना, मनुक्ख अद्भुत जीव छी। असीम शक्ति मनुखक भीतर छिपल अछि। जँ ओ अपन छिपल शक्तिकेँ जगा अपनाकेँ जागरितक प्रणपन करैत दृढ़ संकल्पक संग समर्पित भऽ जाए, तँ जीवनक कोनौं संकट असानीसँ अपने दूर भऽ सकैत अछि। मुदा से निर्भर करैए ओकर जीवनक दिशापर।
सुवासिनीक मन जेना विचारसँ भरि रहल छेलैन जइसँ रंग-रंगक विचारमे मन औनाए लगलैन। बजली-
"अखन भानसक बेर भऽ गेल अछि, जाए दिअ।"
व्यंग्यवाण छोड़ैत राधारमण बजला-
"हम कोनो कि अहाँकेँ पकड़ने छी। पकड़ैबलाकेँ चिन्हबे-देखबे ने करै छी आ जे नइ पकड़ने अछि तेकरा कहै छिऐ..!"
ओना, पतिक विचार सुवासिनी नीक जकाँ नहि बुझि पेली मुदा हिम्मतलाल-ऐठामक आदरपूर्ण बेवहार मनमे नाचिये रहल छेलैन। आह्लादित होइत बजली-
"सुर्जमे सात रंग अछि, सबहक चमक-दमक एक-दोसरसँ सटलो आ हटलो तँ अछिए।"
सुवासिनीक विचारक प्रवाहमे तेज गतिये प्रवाहित होइत राधारमण बजला-
"हँ, से तँ अछिए।"
सुवासिनीक विचारक धार दोसर दिस मोड़ा गेलैन। आगू बढ़िते सुवासिनी बजली- हमरो माए ओहिना अछि जहिना हिम्मतलालक माए अछि। पिताजीक एवजपर जहिना हमरा माएकेँ नोकरी भेल तहिना

हिम्मतलालकेँ सेहो भेल, मुदा दुनू परानीक लगन जे परिवारक प्रति अछि ओ अद्वितीय अछि। कहाँ अपन परिवार ओहन अछि..?

लगले सुवासिनीक नजैर आगू बढ़ि पतिपर आबि अँटैक गेलैन। अपन घरक काज माने पिताक एवजमे माइक नोकरीमे राधारमणकेँ विवाहसँ पूर्व ओहिना ने भेल हेतैन जेना हिम्मतलालकेँ भेल। हमहूँ कौलेजमे पढ़ै छेलौं, कहाँ किछु बुझि पेलौं। जहिना हिम्मतलालक मन पजेबाक घर बनबैपर छल, जइ हिसाबसँ रूपैआ भेटल छेलै, पिताक क्षतिपूर्तिसँ घरक अदहो काज नहि भेलै आ पाइ चल गेल खर्च-बर्चमे, तहिना तँ राधारमणकेँ सेहो भेल हेतैन, भऽ सकैए केतौ-केतौ नहियोँ भेल होइन। कोन तरहक सम्बन्ध दुनू गोरेक परिवारमे छल। कनी-मनी पिताजीक पढ़ौल छेलैन, से सम्बन्ध छेलैन, तहूमे राधारमण तँ अपन पढ़ैक फीस तँ दइते छल, जइ बदलामे पढ़लैन। आखिर कोन एहेन शक्तिक आकर्षण छल जे राधारमणकेँ एते आकर्षित केलकैन? समाजक जे परिवेश नारी जगतक प्रति बनि गेल अछि ओ दर्दनीय अछिए, मुदा निवरबाक जे दिशा अछि वएह भकुआएल-मन्हुआएल अछि जइसँ दर्द-पीड़ा घटैक जगह बढ़िये जाइए। समाजोक आ पितोक पढ़ल-लिखल बेटी तँ अपनो छी, अपनो परिवारक भार उठबैक दम अपनामे कहाँ अछि। कहियो मनमे उठल जे समाजमे विधवाक फँसरी अखनो किए जीवित अछि, जँ अपने भऽ जाए तँ समाजक अंग नहि कलंक बनि जीवित रहैक अछि। कहाँ अखन तक मनमे उठल जे अपन दुखक रातिसँ नमहर केना सुखक दिनकेँ बढ़ाबी माने श्रमहीनतासँ श्रमशीलता दिस केना बढ़ी..? एकाएक सिनेहासिक्त भऽ सुवासिनी लजहँसी हँसि बजली-

"की खाइक इच्छा होइए?"

गहिंराएल मन राधारमणक छेलैन, तँए सुवासिनीक विचारपर पलोभरि ले नहि एलैन। जेकरा बक-बकी बुझि राधारमण बजला-

"जोगीकेँ कुत्ता बलाए। अनेरे...।"

पतिक विचारकेँ महत्वहीन बनबैत सुवासिनी बजली-

"बीरबलक, अकबरक दरबारसँ पहिलुका जीवन की अछि?"

जान छोड़बैक परियास करैत राधारमण बजला-

"खा-पीकऽ जखन निचेन हएब तखन जेते मन हुअए से सभटा जीवन अकबर-बीरवलक सुना देब।"

पत्नीक बरहबटिया गीत सुनि राधारमणक मन अकैछ गेलैन। मनमे उठलैन कुत्ता भागे तँ भागे नहि तँ अपने भागि। पेशाबक बहन्ना बनबैत राधारमण पेशाब-घर दिस बढ़ि गेला। पेशाब करैमे तेना देरी लगा देलैन जे सुवासिनीकेँ बुझि पड़लैन जे भरिसक पैखाना चल गेला। ओना, देरी लगौने पैछला विचार सेहो राधारमणक अगुआइत आगू आबि गेलैन। सीतोनाथ आ गीतोनाथसँ आइ गप-सप्प करबे करब।

सुवासिनी आ राधारमणक बीच गप-सप्पक शुरूआत होइते सुचिता असगरे खेलाइले भनसा घर दिस बढ़ि गेल। जे सुवासिनीकेँ पहुँचते (भनसाघर) सुचिताकेँ पिताक पुछल बात माने "हिम्मत चाचा ऐठाम की सभ देखलक" मोन पड़लै। मोन पड़िते सुचिता निछोहे दौड़ैत कोठरीमे, जइ कोठरीमे राधारमण छला, पहुँच बाजल-

"बाबूजी, हिम्मतलाल चाचा ऐठाम फेर जाएब। रेखासँ हमरा बहिना लगि गेल।"

दू-अढ़ाइ बर्खक बेटीक बात सुनि राधारमणक मन ओहिना लड़गुजा गेलैन जेना कठोर-सँ-कठोर पातबला वृक्षक मुड़ी परक पात लड़-गुजाएल रहैए। जइसँ मनमे उपकलैन जे सुचिताकेँ आरो किए ने नव जीवनक प्रभात वेलामे बहलाबी। किए तँ चेतन हुअ कि बूढ़, चेतनावस्था वा वृद्धावस्थामे सीखल बहुत बात लोक बिसैर जाइ छैथ मुदा जन्मक पछाइत माने जीवनक शुरू होइक अवस्थामे जे "अ-आ" सीखलैन से कि मृत्युसँ पहिने कियो बिसरै छैथ, भलेँ किछु गोरे एहनो तँ होइते छैथ जिनका मुइला पछातिक जे स्वर्ग-नर्कक लोक अछि तइमे ठीकेदारक अनुशंसापर जँ कहीं मास्टरी भेलैन तँ ऐ लोकसँ ओइ लोक तक सेहो नहियेँ बिसरै छैथ। सुचिताक मनकेँ बहलबैत राधारमण बजला-

"रेखासँ जखन बहिना लागि गेल तखन तँ बहिनाबला गीतो सीखने हएब?"

"बहिनाबला गीत" सुनि सुचिताक मनमे एकटा नव शब्दक जागरण भेल। जागरण होइते सुचिताक मन लपैक कऽ ओइ शब्दकेँ पकैड़ बाजल-

"बाबूजी, बहिनेकेँ ने बहिना कहैए?"

सुचिताक मन बहलबैत-बहलबैत राधारमण अपने बहलाए लगला। बहलाइत राधारमण सुचिताकेँ कहलखिन-

"बुच्ची, मम्मी तँ कहनहि हेथुन किने, सएह हमहूँ कहै छिअ।"
मम्मीक बात सुनि सी.बी.आई. जकाँ सुचिता पिताक बात सुनि चोटे मम्मी लग माने सुवासिनी लग पहुँच बाजल-
"मम्मी, बहिना केकरा कहैए?"
बेवहारमे जे चलैन अछि तइ अनुकूल सुवासिनी सुचिताकेँ कहलखिन-
"बुच्ची, जहिना बालकमे दोस्ती होइए तहिना बालिकामे बहिना होइए।"
अपन विचारकेँ सत्यापित करैक खियालसँ पिता लग आबि सुचिता बाजल-
"बाबूजी, बालक-बालिका की भेल?"
ओना, राधारमणक मन बहिन-बहिनासँ उठैत भवजुआरमे अनेको शब्दकेँ पकैड़ विचार करए लगलैन जे ”बहीन” की भेल? ”भाए” की भेल? ”भैयारी” की भेल? ”दोस्ती” की भेल? ”भजार” की भेल आ ”भजारी” की भेल? ”मीत” की भेल? आ ”मित्रपण” की भेल? ”संगी” की भेल आ ”संगपन” की भेल? मुदा तइ बिच्चेमे पुन: बाल-बोधक प्रश्न ”बालक” की भेल आ ”बालिका” की भेल? राधारमणक मनमे आबि गेलैन। बजला-
"बुच्ची, अखन बच्चा छह, अखन अ-ओ-आ ने सीखलह हेन, तइमे बालक-बालिकाक लिंग-भेद व्याकरणक बात केना बुझबहक। हिम्मतलाल चाचा ऐठाम जे बहिना भेटलह उ की सभ कहलकह?"
माइक मुँहक सुनल बालक-बालिका शब्द मनसँ तत्काल क्षीण भऽ गेलै आ बहिनाक विचार मनमे प्रवल भऽ गेलइ। पल्लवित होइत सुचिता बाजल- "बाबूजी! बहिना कहलक अहिना आएल-जाएल करब।"
अपन गोटी फेकैत राधारमण बजला- "बुच्ची, आएब-जाएब की भेल?"
जहिना राधारमण गोटी फेकलैन तहिना सुतरबो केलैन। सुतरलैन ई जे राधारमणक मनमे गड़ि चुकल छैन जे आइ ओ सीतोनाथ आ गीतोनाथसँ गप-सप्प करबे करता मुदा समय तेना राँइ-बाँइ भऽ छिड़िया रहल छैन जे अपन काज गरपर चढ़िये ने रहल छेलैन। से चढ़लैन, चढ़लैन ई जे सुचिता आएब-जाएबक माने बुझैले माए लग बढ़ल। सुचिताकेँ आगू बढ़िते पाछूसँ राधारमण बजला-
"बुच्ची, भानसो देखि लेब। सबेरे सुतैक इच्छा अछि।"
”सबेरे सुतैक इच्छा अछि” भनसाधरसँ सुवासिनी सेहो सुनली। सुनिते

एकाएक मनमे झड़क उठलैन। झड़क उठैक कारण भेलैन जे अपने मुहेँ माने पति, बजल छला जे खेला-पीला पछाइत अकबरोक आ दाराशिकोहोक कथाक वृतान्त सुनाएब। से खाइयोसँ पहिने सुतैयेक विचार कऽ रहला अछि। ओना, सुतबाक नामपर राधारमण ओहन चिन्तनक गहराइमे जाए चाहै छला जैठामक अवस्था नीनभेर सुतल मनुख जकाँ होइत अछि, जइमे दुनियाँक सभ किछु हेरा जाइए आ बँचि जाइए स्वप्न स्वरूप चेतन।

झड़कसँ झड़कैत सुवासिनीक मनमे उठलैन जे जहिना खाइसँ पहिने, पति सुतैक ओरियान करए चाहि रहला अछि तहिना ने अपनो चाह अछि। तेँ किए ने तेहेन चाह पीआ दिऐन जे सुतले-सुतल सुतब मरि जेतैन। माने भानसेमे तेते देरी कऽ देब जे नियारल नीन अपने सुखा कऽ सुखि जेतैन। मुदा लगले जेना विवेक जगलैन, विवेक जगिते सुवासिनीक मनमे उठलैन जे भानसमे देरी करब नारीक नारीपनक कमजोरी भेल, जइ कमजोरीसँ लोक ई निर्णय नहि कऽ पबै छैथ जे समाजमे किनका मुहेँ केहेन कान कानल जाए। मुदा से तँ होइत अछि नहि, सभ तरहक मृत्युकेँ एक मानि एक्के कान सबहक मुइला पछाइत कानल जाइए वा शोक प्रकट कएल जाइए। जइसँ विवेक धोखामे पड़िये जाइए। विवेकक धोखा तँ तखन ने निधोख हएत जखन गाम-समाजक लोकक नीक जकाँ चीन-पहचीन हएत। नीक जकाँ चीन-पहचीनक माने भेल जे हर मनुक्खक चित्रांकनक चरित्रांकन नीक जकाँ भऽ जाए। जखन मनुखक चरित्रांकन भऽ जाएत तखने ने आँकि सकब जे चोरक घर चोइर भेल आकि इमानदारक घर। आकि चोइर केनिहारक गलती एक्के रंग भेल। मुदा दुनूक दूरी तँ सोझे-सोझी बनल अछि। जँ कियो चोर अछि ओ कहियो केकरो घरमे चोइर केने रहल आ कियो इमानदार अछि जे चोइर करबकेँ कोन बात जे चोरीक नामपर थूक फेकैए, ओहन लोकक घरमे जँ चोइर होइए तँ हमरा केतए केहेन वेदना हएत जइसँ अपन संवेदना व्यक्त करब।

विचारमे ओझराएल सुवासिनीक मनमे उठलैन जे जखन दुइये परानीक बीचक बात अछि तखन अनेरे किए ऐ खिड़की देने आकि ओइ खिड़की देने मुड़ियारी देब जे सुतल छैथ कि सुतैक क्रममे छैथ कि बाल-बोधकेँ अपना लग अबैसँ टाट लगबै छैथ आकि मनमे की छैन से पुछिये किए ने

लेबैन। यएह सोचि सुवासिनी पतिक कोठरीमे पहुँचली।

कोठरीमे सुवासिनीकेँ देखिते राधारमणक मनमे उठलैन जे भेल फेर पाकल जौ मे पाथर खसत। ठीके लोक कहै छै जे खगल घरमे बेसी खगलेक बास होइ छै। जेकरा हाथमे पाइ नहि रहै छै तेकर हाथ तरहत्थीसँ ससैर आँगुरमे जोड़ा जाइ छै जइसँ सैयोक कोन बात जे हजारो भूर फुटिते अछि आ फुटलो तँ अछिए। राधारमणक मन असथिर होइते रहैन कि पत्नीकेँ कोठरीमे देख, दुनू हाथ जोड़ि बजला-
"किम्हर-किम्हर, श्रीमतीजीक आगमन भेलैन अछि?"
अखन तक माने हिम्मतलाल ऐठाम जाइसँ पूर्व तक जे सुवासिनीक सुभाव छेलैन जे जहिना आन-आन स्त्रीगणकेँ ठोरेपर बरी पकैए तहिना पकै छेलैन मुदा आब तइमे कमी एलैन। नव विचारक दौड़मे एतेक चेतन क्रिया प्रवल भइये गेल छेलैन जे किए ने जखन दुनू परानियेँक बीचक कोनो समस्या छी तँ ओकरा दुनू गोरे मिलि समाधान कऽ ली। तइ ले मुँह फुलबैक कोन खगता छै। किए ने दुनू परानी पौरुकी जकाँ मेद-मेदीनक लोलक-बोलमे एकरूपता आनि ली। अचताइत-पछाइत सुवासिनीक मन थीर भेलैन। थीर होइते बजली- "मनमे केहन थकान बुझि पड़ैए जे खाइसँ पहिने सुतैक विचार कए रहल छी?"
अपन पेटक विचारकेँ छिपबैत राधारमण विचारमे विचार जोड़ैत बजला-
"दिनेसँ मन भरियाएल जकाँ बुझि पड़ैए तँए सोचै छी जे भरियाएल मनकेँ आराम देब बेसी नीक हएत।"
पतिक बात सुनि सुवासिनीकेँ सेहो गर सुतरलैन। गर सुतैरते बजली-
"जखन दिनेसँ मन भरियाएल छल तखन एते दौड़-बड़हाक कोन खगता, दोसरे-तेसरे दिन हिम्मतलाल ऐठाम जइतौं।"
जहिना कठघरामे झुट्ठा फँसि जाइए तखन जहिना ओकर गति होइ छै तहिना राधारमणोकेँ भेलैन। मुदा पानिक गैंची माछ जकाँ, जेकरा आन माछसँ जीबैक बेसी लूरि छै, पानिसँ थालमे घोंसियाइत राधारमण बजला-
"जखन हिम्मतलाल ऐठाम जेबाक मन बना लेलौं तखन नइ जाएब नीक होएत?"
बदलल जीवनक पद्धतिसँ सुवासिनीक विचार पद्धति सेहो बदलए लगल

छेलैन जइ कारणेँ मुहसँ फुटलैन-
"जहिना हिम्मतलाल ऐठाम जेबाक मन बनल तहिना ने दोसरो-ले मन बनबए पड़त।"
जइ विचारपर सँ राधारमणक मन हटि चुकल छेलैन सएह बात सुवासिनी रखि देलखिन जइसँ राधारमण समुचित ढंगसँ विचार नहि कऽ सकला, तँए बजा गेलैन-
"उचिते ने बनाएब।"
मोन पाड़ि सुवासिनी बजली-
"हमरो ने कहने छेलौं जे खेला-पीला पछाइत ओछाइनपर बीरबलो-अकबर आ अकबरो-दाराशिकोहक कथा वृतान्त कहब।"
अपनाकेँ फँसैत देखि राधारमण गौंची माछक गैंचिआह चालि पकैड़ बजला-
"अहाँ कि बुझै छिऐ जे हम बिसैर गेलौं। मुदा ई तँ दुनू गोरेक बीचक छी, जखन दुनू गोरे निचेन हएब तखन ठठैत-हँसैत कहैत-सुनैत रहब। तइ ले एते धड़फड़ी कोन अछि। एतबो ने बुझै छिऐ जे इतिहासक बात छी केना बीरबल कुत्तेकेँ सवारी बना जारैन उघै छल आ वएह कुत्ता अखन एन.एच.पर गाड़ी-सवारीक तर पड़ि मरैए। तँए एकबेर किताब उनटा देखि लेब तखन जे कहब-सुनब हएत से आ अखन जे धड़फड़ाएलमे किछु कहि देब से, अहीं कहू जे एक्केरंग हएत?"
पतिक विचारमे सुवासिनी तेना बोहिया गेली जे बजैक होशे ने रहलैन। बेहोशेमे बजली-
"हँ, से एक रंग केना हएत।"
नहलापर दहला फेकैत राधारमण बजला-
"कोन रंग-केहेन होइए से धड़फड़ेने बुझबै। अहींकेँ एते औगताइ किए अछि। आइये कि कोनो मरि जाएब। जखन जीबैक अछि तँ निचेनसँ किए ने जीब। जाउ, अहूँ भानस करू आ हमहूँ कनी देह-हाथ मोड़ि लइ छी।"

बदलल सोभाव सुवासिनीक, तँए मनमे विचार जगि गेलैन, किछु छैथ तँ पति छैथ, ओ केना झूठ बजता। घरमे जँ हमहीं हजार बेर बाजी जे ई काज नहि भेल, अहाँ झुट्ठे बजलौं, तखन दुनियाँ की कहतैन। अपनो

बुधिक मशीन ओते भङ्गठले अछि जे पतिकेँ तँ पति मानै छिऐन मुदा हुनका जीवनकेँ पनिपतसँ बेसी नहि बुझै छिऐन। विचार मगन भऽ सुवासिनी बिना किछु बजने राधारमण लगसँ निकैल गेली। नमहर साँस छोड़ैत राधारमण गुण-गुणा कऽ बजला-

"जान छुटल।"

भीतरक हवा निकैलते राधारमणक मनमे उठलैन। सीतेनाथ आकि गीतेनाथसँ सम्पर्क कऽ किए ने ओकरे समयानुसार समय बनाबी। काजक समय अनुकूले बनलासँ ने काज नीक जकाँ होइए। जैठाम सम्बन्ध गढ़ैक प्रश्न अछि तैठाम तँ ई बुझए पड़त जे मनुखकेँ माल-जाल जकाँ छान-बान्ह नइ लगैए मुदा वौधिक भेने बुइधिक छान-बान्ह नहि लगैए सेहो बात नहियेँ अछि। ओकरा छाने-बान्हटा नहि जाल-महजाल सेहो कहि सकै छिऐ।

राधारमण सीतानाथकेँ फोनसँ सम्पर्क कए बजला-

"बौआ सीतानाथ..?"

सीतानाथ बाजल-

"हँ भैया, राधारमण।"

सीतानाथक मुँहक ”भैया” सुनि राधारमणक शरीर पसीज गेलैन। भाय दोस्तियारेमे दुनू गोरे बरबरि भेलौं, तँए दुनू एक्केरंग बुधियार भेलौं। मुदा ”बौआ” आ ”भैया” तँ से नहि छी। राधारमण बजला-

"बौआ, की कहबह! जहियासँ ऐठाम एलौं तहियासँ बुझह जे मरैयोक छुट्टी नहि भेटल। मुदा काल्हि तक सभ सम्हारैत आइ निचेन भेलौं। नीक हएत जे आगूक गप करैसँ पहिने गीतोनाथकेँ बजा, चाहे ओहीठाम जा तीनू गोरे संगे गप करितह।"

सीतानाथ बाजल-

"तइमे कनी देरी हएत।"

अपन निसचिन्ती देखबैत राधारमण बजला-

"बौआ, तोरे समये हमरो समय भेल। तोहीं कहह जे कखन गप-सप्प हएत?"

सीतानाथ बाजल-

"भैया, घड़ी दिस सेहो देखै छिऐ, अहाँ शहर-बजारमे रहै छी तँए अबेर कऽ खाइ छी, हमसभ गमैया लोक नअ बजेसँ पहिने खा लइ छी। खाइते

काल पौने नअ बजेबला समाचारो सुनै छी।"
सीतानाथक मुँहक सुनल व्यस्तता माने खेबो करै छी आ रेडियोसँ समाचारो सुनै छी, सुनि राधारमण मने-मन मुस्कुरेला। मुदा बाल-बोधक बोल बुझि बजला-
"बौआ, जहियासँ गामसँ निकललौं तहियासँ बुझह जे निचेने-निचेन रहै छी। बीचमे काज बढ़ि गेने थोड़े व्यस्तता बढ़ल मुदा आब असथिर भऽ गेलौं। तँए जखुनका समय बनेबह हम तैयार छिअ।"
सीतानाथ बाजल-
"अखन हम सभ खाइ-पीबै छी, पछाइत अहाँ सभ, माने समय भेने खाएब-पीअब, तँए तेकर पछातिक समय भेल जखन सुतैक ओछाइनपर रहब।"
सीतानाथ मुँहक ”सुतैक ओछाइनपर रहब, संयोगसँ सुवासिनी सेहो सुनि गेली, किए तँ तइकाल भानसक कोठरीसँ निकैल ओसारपर आएल छेली। ”सुतैक ओछाइन” सुनि सुवासिनीक मनमे अनेको प्रश्न एक संग उठि गेलैन। उठबो केना ने करितैन, चरित्रोक तँ अपन घाट-बाट छै। एकचलिया लेल जहिना सुगम घाट अछि तहिना बहुचलिया ले दुर्गम घाट सेहो बनियेँ जाइए। किए तँ बहुचलिया लोक हुअ आकि बहुचलिया विचार, जखने बहुचलिया हएत तखने चौक-चौराहा बेसी भेने बाटो-घाट दुर्गम भइये जाइए। सुवासिनीक चरित्रक विचारानुसार जे परिवर्तित भऽ रहल छेलैन तइसँ अनेको विचार मनमे उठि गेलैन। ओना, अपनो विचार माने पतिक संग निचेनसँ गप करब छेलैन, मुदा केकरोसँ सुतबकालक समय बना रहला अछि ओ केहेन जिज्ञासु छैथ जे सुतब छोड़ि विचार-विमर्श करए चाहि रहला अछि। विचारक जिज्ञासा तेते उत्कण्ठा सुवासिनीकेँ बढ़ा देलकैन जे अपन भनसा घर बिसैर पतिक कोठरीमे पहुँच बजली-
"किनकासँ सुतली रातिक समय बनेलिऐन अछि?"
पत्नीक विचारकेँ जहिना बकरी चरौनिहार बेदरा साँझू पहरकेँ बकरीकेँ बहटारि घरपर आनैए तहिना राधारमण पत्नीकेँ बहटारैत बजला-
"की कहब, गाम-घर मोन पड़ि गेल तँए गौंआँ-घरूआसँ किछु गप-सप्प करए चाहलौं, सएह सुतली रातिक समय बनेलौं हेन?"
पतिक विचारक प्रवाहमे सुवासिनी भँसिया गेली। भँसियाइत बजली-

"हमर गाम-घर तँ उपैटिये गेल..!"
पत्नीक विचार सुनि राधारमणकेँ हँसी लगि गेलैन जइसँ तेना हँसा गेलैन जे हँसिते बजला-
"गाम-घर उपैट गेल आकि अपने उपैट गेलौं, से कहाँ कहलिऐ?"
निरुत्तर होइत सुवासिनी, पतिक विचार बुझैले केवाड़क पट्टा लग आबि ठाढ़ भऽ अकानए लगली।
राधारमण बजला-
"जहिना सभ महिला सासुर बसला पछाइत अपन माता-पिताक गाम-घर बिसैर जाइ छैथ तहिना अहूँ बिसैर जाउ। आजुक परिवेशमे नव परिस्थिति सेहो बनल अछि, जइसँ सम्बन्धक एक नव सूत्र सेहो पनपल अछि। जँ तइ सूत्रकेँ पकैड़ पुन: बसबए चाहब तँ किए उपटल रहत।"
पतिक विचारमे, जहिना निआसमे आस झँपाएल रहैए मुदा समयक गति ओकरा चेतबैत पकड़ा दइए तहिना सुवासिनीकेँ सेहो भेलैन मुदा पकड़ाएत केना से बुझिमे एबे ने केलैन। जइसँ मारि खाएल साँप जकाँ सुवासिनीक मन तँ उनटए-पुनटए लगलैन मुदा निरुत्तर भेने असथिर होइत चुपे रहली। राधारमण बजला-
"एकठाम बैसने-उठने, गप-सप्प भेने आ जिनगीक गतिक चर्च-बर्च केने लोकक मनमे लोक बसैए आ नइ भेने उपटैए।"
अपना जनैत राधारमण सभ बात बाजि गेला मुदा सुवासिनीक उदिग्न मनमे नीक जकाँ बैसबे ने केलैन। बजली-
"से केना हएत?"
तैबीच अपन समय राधारमणक मनमे नाचि उठलैन। नाचि ई उठलैन जे सीतानाथ कहलक अखन हम सभ खाइ-पीबै छी पछाइत अहाँ सभ खाएब, तेकर पछाइत ने ओछाइनपर जाएब। हमरा नइ कोनो काज अछि तँए गप-सप्प करैक इच्छा अछि, मुदा सीतानाथक कान तँ ठाढ़े हएत किने। गीतानाथसँ सम्पर्क केने हएत, तैबीच ईहो सोचैत हएत जे साढ़े नअ बजे, ओ सभ माने हम सभ खाएब, तेकर माने भेल जे दस बजे ओछाइनपर जाएबक समय भेल, तँए दस बजे ओछाइनपर पहुँच जाएब अछि। ईहो तँ उचित नहियेँ हएत जे दुनू गोरे-सीतानाथ आ गीतानाथ तैयार भऽ ”हेलो-हेलो” करए आ अपने खाएकेपर बैसल रही...।
राधारमणक मनमे अपन क्रियमान विचार जगलैन। जगिते विचार उठलैन

जे जहिना अपने खाएब टा बीचमे अछि तहिना हुनको माने पत्नियोकेँ भानस करब सेहो तइ बिच्चेमे छैन। तैबीच जँ गप-सप्प करी से बुड़िबकी हएत। गप-सप्पकेँ समटैत राधारमण बजला-

"केना हएत से कोनो हेराएल अछि जे अहाँ देखबे ने करै छी। मोबाइल अछिए, जेते सखी-बहीनपा छैथ तिनको आ अपनो परिवारक सभकेँ हकार दऽ दियौन जे जगरनाथ बाबासँ थोड़बे हटल, बिच्चे रस्तापर हम छी, किछु दिनक पछाइत ”रथ यात्रा” माने जगरनाथ बाबाक रथयात्रा चलत, ओही देखए सभ कियो अबै जाइ जाउ। ऐठाम औती, सम्बन्धक एकटा नवसूत्र पनपत। काल्हि दिन जँ बैजनाथ बाबा ऐठाम जेबाक प्रोग्राम बनत, तँ इम्हरसँ अपना सभ चलब, ओम्हरसँ माने गामसँ ओ सभ औती, अपनो पुजेगरीक माने पण्डाक धरमशाला छैन्हे, सभ कियो एकठाम रहबो करब आ गपो-सप्प करब।"

दस बाजिकऽ पाँच मिनटपर सीतानाथक मोबाइलसँ घन्टी राधारमणक मोबाइलमे भेलैन, उठबैत राधारमण बजला-

"बौआ, सीतानाथ, दुनू भाँइ छह किने?"

ओना, जखने राधारमण फोन रिसिभ केलैन कि दुनू गोरे माने सीतोनाथ आ गीतोनाथ एक्केबेर बाजल-

"गोड़ लगी छी भाय। आब तँ अपने ओहन भाय भऽ गेलिऐ जे अपनेक जँ बरदहस्त रहत तँ हम सभ निर्भये नहि अभय सेहो भऽ सकै छी।"

अपन-अपन बात सभ बजला मुदा सुननिहार किनको कियो ने। झोहैर शान्त होइते राधारमण बजला-

"गौंआँ तँ तीनू गोरे छी, तहूमे भैयारीक सम्बन्ध सेहो अछिए, गामक किछु दशा किए ने भऽ गेल होइ, मुदा जन्मक धरती तँ वएह छी, तइ ले..?"

”तइ ले” तक अबैत-अबैत राधारमणक बाक् हरण भऽ गेलैन।

गीतानाथ कौलेजमे पढ़ैत नवयुवक, तँए मनमे उत्साह जगले रहइ। तहूमे मिथिलासँ लऽ कऽ बंगालक रवीन्द्र बाबू तकक मातृभूमिक गीत सुनि आरो बेसी प्रभावित जन्मभूमिसँ रहबे करए। बाजल-

"भाय साहैब, अपने बहुत आगूक रस्ता देखि चुकल छिऐ तँए सुझेबै तँ अहीं ने।"

गीतानाथक मनमे कोनो तेहेन विचार नहि छल जे कोनो तरहक बाधा उपस्थित करैत मुदा अपनासँ आगू बढ़ल लोकक विचारमे आगू बढ़ैक

प्रेरणा छिपल रहैए, मुदा उसकबैक जे जिज्ञासा अछि ओ सजग होइत जगैबते अछि। राधारमण, अपना ऊपर आएल भारकेँ टुकड़ी-टुकड़ी करैत माने खण्ड-खण्ड करैत बजला-

"बौआ, अपन जे परिवार अछि से केकरोसँ छिपल अछि। अपने ग्लानिसँ गलल जाइ छी। अपना कि लाज नइ होइए जे जइ परिवारमे हमरा सन मेहनती अछि तइ परिवारक भैयारीक की गति अछि..!"

ओना, अधा-छिधा गीतानाथ राधारमणक विचार बुझबो केलक। मुदा केकरो (आनक) परिवारक कोनो विचारमे लगले हस्तक्षेप करबकेँ उचित नहि बुझि बाजल-

"भाय साहैब, अहाँ कोन हिसाबे बजै छी आ हम कोन हिसाबे बुझै छी से लगले केना..?"

गीतानाथक विचारकेँ राधारमणक मन मानि लेलकैन जे गीतानाथ बिल्कुल सत्य बात बाजल अछि। कोनो परिवार तीन रूपेँ ठाढ़ होइए। पहिल होइए जे पाछूसँ अबैत धारामे धड़ जोड़ि आरो तेज गतिये प्रवाहित करैए। दोसर भेल जे जही गतिये प्रवाहित होइत आबि रहल अछि ओही गतिकेँ पकैड़ आगूमुहेँ बढ़ब आ तेसर भेल जे धाराक बिल्कुल विपरीत दिशामे बढ़ैत जाएब। अपन तँ तेहने धारा परिवारक बनि गेल अछि। बाबाक अमलदारीमे परिवार श्रमशील छल, जेकर फलाफल परिवार सुभ्यस्त भेल मुदा पिताजीक अमलदारीमे एतेक ह्रास भेल अछि जइसँ आगूक पीढ़ी बिल्कुल निकम्मा-जाहिल बनि गेल अछि। अपन सोच, समझ अछि तँए ऐ बातकेँ बुझि पेब रहल छी। मुदा गीतानाथ तँ अखन बच्चा अछि, बच्चाक माने जन्मक आयुसँ नहि, अध्ययन-मननक विचारसँ, तँए नीक हएत जे ओकरे विचारमे किए ने गतिशीलतो आ भविस-रूपोक दृश्य देखबैत चली। अपने मन मानि जेतै जे की नीक की अधला अछि। एते विचार मनमे अबैत-अबैत रधारमणक विचार मोड़ लेलकैन। मोड़ ई लेलकैन जे अपन परिवारक समस्या अपन भेल, ओइ परिवारक कर्ता पुरुष अपने भेलौं। परिवारमे जे दुर्गुण प्रवेश कऽ चुकल अछि ओकरा नीक बनाएब माने सुधारब अपन दायित्व भेल। जँ अनका लग बाजब आ परिवारक लोक बुझता तँ कहबे करता जे एहने बेटा वंश उजाड़न होइए। तैसंग आन जे आनक किछु कहौ चाहता तँ अपनो परिवार सहए छैन, तैबीच अनेरे सबहक बीच रक्का-टोकी ठाढ़ हएत

मुदा ओइसँ लाभ थोड़े हएत। रक्का-टोकी विवाद बढ़बैए जखन कि सोच-विचार प्रेमक समाज गढ़ैए। अपन पूर्ण पाशा बदलैत राधारमण बजला-

"बौआ, तोंहू दुनू गोरे समाजमे किछु करए चाहै छह आ अपनो मनमे जिज्ञासा छल, मुदा अपने तँ अपन गामसँ हजारो किलोमीटर दूरपर छी। जैठाम धरती अपन अधिकार मंगैए तैठाम एते दूर हटि केना किछु कऽ सकै छी।"

जहिना सीतानाथक तहिना गीतानाथक मन गदगरले छल जे राधारमण सन आइ.ए.एस. जँ पीठपर रहता तँ कतौ कोनो भय नहि अछि। दुनूक मनकेँ कोट-कचहरीक विचार माने सरकारी सहायता समाएल छेलैन। मुदा राधारमण समाजकेँ खूब नीक जकाँ तँ नहि, मुदा नीक जकाँ जरूर बुझि रहल छैथ जे समाज की छी आ केतए बोहियाल अछि। ओइ बोहिपनकेँ सुधारि धड़पन बनबैक अछि...। तैबीच दुनू बाल-बोध, माने सीतोनाथ आ गीतोनाथ अछि, तँए अपन पूर्व संस्कारकेँ जगबैत सम्मिलित रूपेँ बाजल-

"भाय साहैब, अपने सभ तरहेँ श्रेष्ठ भेलिऐ तँए अपनेक विचार बेसी नीक हेबे करत। अपने जे विचार देबइ, से शिरोधार्य अछि।"

ओना, दुनू गोरेक विचारकेँ नीक जकाँ राधारमण सुनलैन मुदा अपने-आपकेँ सेहो जानि रहल छैथ जे परिवार एते विपरीत भऽ गेल अछि जे जँ किछु बाजब तँ आनसँ पहिने अपने परिवारक लोक मुँह नोचि लेत। तखन समाजमे आन के सुनता। सभ अपन परिवार कहि टारि देता। राधारमण बजला-

"बौआ, समाजमे जखनेसँ कोनो काज करैक संकल्प मनमे लेबह, तखनेसँ ओइमे विरोध सेहो ठाढ़ हेतह। विरोधक कोनो सीमा नहि अछि, तैठाम तूँ दुइये गोरे एक भाग भऽ जेबह आ समाज दोसर भागसँ थोपड़ा देतह। पछाइत तँ कहबे करबह ने जे राधारमण फाँटिपर चढ़ा मारि खुआ देलैन। तोहीं कहह जे एहेन दोखी बनैमे अपन की गल्ती हएत?"

राधारमणक विचार सुनि सीतानाथ बाजल-

"भैया, ओंघीसँ देह भँसियाइए। अहाँ ने दिन-रातिक दरमाहा पबै छी तँ काजक भेलौं, मुदा हमसभ तँ से नहि छी, तँए हमरा सभकेँ की भेटत। जखन विचार करए सभ बैसलौं तँ किछु विचारिये कऽ ने अन्त करब।"

राधारमण बजला-

"बौआ, आमक गाछी जखन आमक मासमे जेबहक आ आम जँ भरखैर पकैत रहतह, तँ देखबहक जे एकटा एम्हरसँ भट-दे खसल कि दोसर ओम्हरसँ। केम्हर दौड़ कऽ लेबह। तँए पहिने देखि लिअ पड़तह जे कियो दोसरो ने ते दौड़ रहल अछि। जखन नहि अछि तखन असथिरसँ ओहन काज करह जे जीवनकेँ उर्जवान बनबै।"

ओंघाएल सीतानाथ बाजल-

"भाय साहैब, आखिरी विचार अपन दियौ। नीनसँ कान बन्न भेल जा रहल अछि।"

राधारमण बजला-

"बौआ, तोहू दुनू गोरे अखन कौलेजेमे छह आ हमहूँ हालेमे छोड़लौं अछि। तँए पहिने ”गामक इतिहास” तीनू गोरे मिलि लिखह। अखन अपना सभ पढ़ै-लिखैक धारमे चलि रहल छी, तँए पहिने समाजकेँ चिन्हैक खगता अछि।"

गीतानाथ बाजल-

"भाय साहैब, नीक विचार अछि।"

(जारी---)

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

२.१३.जगदीश प्रसाद मण्डल-आब नइ जीब (लघुकथा)

जगदीश प्रसाद मण्डल

आब नइ जीब

आने दिन आ अनके सभ जकाँ चारि बजे भोरेसँ सड़कपर दौड़ लगा आएले रही कि दरबज्जापर युगिया भौजीकेँ मुँह लटकौने बैसल देखलयैन। बहुत आश्चर्य नइ भेल मुदा कहब जे आश्चर्य नहियेँ भेल, से आश्चर्य जेते हेबा चाही से भेबे कएल। बहुत आश्चर्य नइ हेबाक कारण छल जे सभ दिनक ई लीला छीहे, कहियो जगिया भौजी तँ कहियो रूसनी काकी, कहियो फुलनी दादी तँ कहियो मुसरी दीदी.. माने कियो ने कियो अप्पन बेथा-कथा नेने आबिये जाइ छैथ जे दिन-दिनक क्रिया भऽ गेल अछि तँए आश्चर्य किए हएत। मुदा जँ कहब जे युगिया भौजीकेँ मुँह लटकौने देखि आश्चर्य नहियेँ भेल सेहो बात नहि, से भेबे कएल।
बिना किछु बजने कल दिस आगू बढ़लौं कि मोन पड़ल नल, माने पानिक टंकीबला नल, नलक मनकेँ कलक विचार रोकलक। आगू बढ़ि कलपर जा हेण्डिल चलेलौं कि शुद्ध पानिक लहैर निकलल। पानि देखि मन पनियाइत पवित्र भऽ गेल। बुझल बात अछिए जे जेते गहींरक पानि रहत, माने परतदार धरतीक गहराइक पानि, तेते बेसी पवित्रो आ शुद्धो होइते अछि। कहब जे गाम-गाम आ घर-घरमे कल भइये गेल अछि। तहूमे जे

एकोबेर मुखिया कि पंचायत समिति आकि जिला परिषदक सदस्य भेला ओ अप्पन अगुआर-पछुआर लगा सत्तरह-सत्तरह टा कल गड़ाइये नेने छैथ मुदा से नहि, अप्पन कलक बात कहै छी। पिताजी जखन मरए लगला तखन कहलैन, ”बौआ, जिनगी भरि ओतबे कमेलौं जेतेसँ जिनगी चलल। जीवनमे पँच-पँचटा कन्यादान, चरि-चरिटा श्राद्ध कर्म, माने अप्पन माता-पिताक संग काका-काकीक सेहो केलौं। काका-काकीक ऐ दुआरे केलौं जे नि:सन्तान रहैथ। अप्पन जिनगी भरिक कमाइमे जे शेष बँचल अछि तइसँ एकटा कल दरबज्जापर गड़ा लएह।” आ तखने रूपैआ सेहो देलैन जइसँ पाँच साए फुट गहींरक कल गड़ेलौं, सएह कल छी। एकर माने ई नइ बुझब जे अखन जे टंकी सभ गामे-गाम भऽ रहल अछि तेकर गहराइक बात कहलौं हेन। अप्पन चापाकलक गप कहलौं अछि।

कलपर मुँह-कानमे पानि लेला पछाइत दरबज्जापर आबि युगिया भौजीकेँ कहलयैन-

"थुथुन बड़ खसल देखै छी भौजी.!"

ओना, फागुन महीना अन्तिम उतार-उतैर फगुआक करीब पहुँचिये गेल अछि जइसँ सभ उत्साहित भइये गेल छैथ मुदा तइसँ भिन्न उत्साह युगिया भौजीकेँ देखलयैन। लऽ दऽ कऽ गाममे दुइये टा भौजी बँचल छैथ, आर सभ जहिना एकतीस साए वेदक व्याख्याकारमे पनरहेटा बँचल छैथ बाँकी मरि गेला, तहिना मरि गेली।

लजकोटर रहितैथ तखन ने, से तँ सभ दिनसँ फरहर बोली युगिया भौजीक छैन्हे, बजली-

"आब हम नइ जीब।"

एक तँ भौजीक अन्ने मे छैथ युगिया भौजी आ दोसर एकउमेरिया सेहो छथिए, तँए बजै-भुकैमे सेहो आड़ि-धुर नहियेँ अछि। बजलौं-

"भौजी, जीबी वा मरी से अप्पन मनक विचार भेल, मरैबला कर्म करब तँ मरब आ जीबैबला कर्म करब तँ जीअब। मुदा, नइ जीब तेकरो तँ किछु कारण हेबे करत किने?"

युगिया भौजीकेँ जहिना हमर बात सुनैमे नीक लगलैन तहिना अप्पन बेथा-कथा सुननिहारो तँ सोझेमे भेटलैन, तँए मन मधुआ गेले छैलैन। बजली-

"बौआ, एना लोके तेहेन भवडाह भऽ गेल अछि जे कियो अप्पन पूजी लगा अनकर पोखरिक माछ नष्ट करैए, तँ कियो अप्पन ढौआ लगा केकरो घर जरबैए। तँए भगवानोसँ बेसी दोखी मनुक्ख अछिए। ओना, भगवानो दोखी छथिए, मुदा ओ कम-सम छैथ, लोक बेसी अछि। अनचोकेमे ठनका किए खसा दइ छैथ। बरखोक तँ अप्पन हिसाब राखक चाहिऐन किने, सेहो नइ रखै छैथ। जखन सभ बुझै छी जे सूर्य अपना धुरीमे नचै छैथ तहिना तँ चानो आ आनो-आन पृथ्वी सहित ग्रह अपना-अपना धुरीमे नचैए, तखन कम-बेसी किए करै छैथ? गोटे साल बेसी बरखे दऽ दइ छैथ तँ गोटे साल नहियेँ बरिस रौदी कऽ दइ छैथ।"

भूगोलक वर्णन युगिया भौजीक मुहसँ सुनि पुछि देलिऐन-

"भौजी, स्कूलो देखने छिऐ?"

भौजी बजली-

"इस्कूलक-तिस्कुलक मुँह नइ देखने छी, मुदा साले-साल जे बरहम स्थानमे भागवत कथा पनरह दिन कातिकमे होइए से तँ सब साल सुनबे करै छी। तइमे जे सुनलौं सएह बजलौं।"

निश्चल, निष्कपट भौजीक मुँहक बात सुनि, बिसवास नइ करितौं से अहीं कहू जे केहेन होइत। बजलौं-

"भौजी, छोड़ू दुनियाँदारीक गप, जानए पृथ्वी आ जानए सुरुज। कखन ग्रहसँ ग्रहण बनि जाइए तेकर कि ठेकान अछि। कखन माटिक ढेरी आकि आगिक ढेरी बनत कि कखन पार्वती आकि प्रकाशित ज्ञान बनि जाएत तेकरो कोनो ठेकान अछि। अहाँक मन किए खसल अछि, से बाजू।"

युगिया भौजी बजली-

"बौआ, जीवन मरि रहल अछि.!"

”जीवन मरि रहल अछि” युगिया भौजीक मुँहक बात कोनो भाँजेपर ने चढ़ल। भाँजोपर केना चढ़ैत, अखनो जीवन माने जीनाइ बुझै छी, चाहे जे जीवन हुअए। मुदा ई नइ बुझै छी जे जीवन वृत्ति (कर्म) पर ठाढ़ अछि। ओना, गामक लोक कियो युगिया भौजीकेँ "तरकारीवाली दादी" तँ कियो "तरकारीवाली काकी" कहिते छैन मुदा अपने परहेज केने रहलौं जे कहियो "युगिया भौजी"केँ "तरकारीवाली भौजी" नइ कहलयैन। अखनो

नइ कहै छिऐन आ मरियो जेती तैयो ने कहबैन। वृत्ति-वृत्तिक बिर्त (खेल) छीहे। कर्म आधारित मान-अपमान सेहो अछिए। कर्म-कर्म छी, जे जीवने करत, मुदा कर्मक मान कम भेने जीवनक मान कम हुअए ई केतौसँ उचित नहि अछि। कबीरदास कपड़ा बुनकर छला आ केतेको महापुरुष (साधक) आसन पकैड़ साधना करै छैथ, तँए सिद्धिमे कमी-बेसी कहल जाए सेहो तँ उचित नहियेँ अछि। हँ, एते जरूर अछि जे सिद्धि-सिद्धमे अन्तर हेबे करत। बाघ-सिंह हुअ आकि नढ़िया-गीदर, ओकरा सभकेँ एकरंग बन-जंगल भेटै छै मुदा मनुक्खमे से बात नइ ने अछि। अगुआएल-पछुआएल अनेको खाढ़ीमे मनुक्ख बाँटल अछिए।

ओना, फागुन मासक फगुआक लहैरिक जुआरि बुझियौ आकि मनक आवेग, मुहसँ बजा गेल-

"जीवन ने मरि रहल अछि भौजी, अपने नइ ने अखन मरब।"

जहिना कोनो हँसी-चौलकेँ कियो गम्भीर रूप पकैड़ अड़िकऽ ठाढ़ होइए तहिना युगिया भौजी अड़िकऽ ठाढ़ होइत बजली- "बौआ, साठिम बरख पैछले साल पूरि गेल, ऐबेर एकसैठिम छी, अखन तक जहियासँ अपना ऊपर परिवारक भार पड़ल तहियासँ माथपर तरकारीएक पथिया लऽ समाजमे अँगने-अँगने बेचबो करै छेलौं जइसँ दू पाइक कमाइयो होइ छल आ परिवारक नीक-बेजाए गप-सप्प सेहो करै छेलौं, मुदा आइ ओ सभ मरि रहल अछि। आब अहीं कहू जे केना जीब?"

युगिया भौजीक गम्भीर प्रश्न सुनि मन ठर्ड़ा गेल। शरीरक क्रियासँ मनक क्रिया धरिक विचार युगिया भौजी एक्के पाँतीमे बाजि गेली। आगू-पाछू देखए लगलौं, माने सोचए-विचारए लगलौं तँ देखि पड़ल जे समयकेँ आगू बढ़ने आइ नव-नव तरकारी बेचनिहारक जन्म भेल अछि। माथपर जैठाम एक पथिया तरकारीक लाभसँ माने दस-पनरह किलो तरकारी बेचिकऽ परिवार चलै छल, उपजौनिहार अलग भेला, हुनकर मूल्य अलग भेलैन, मुदा तइसँ युगिया भौजीक पाँच गोरेक परिवार तँ ओहीसँ चलै छेलैन, जखन कि तेहने परिवारमे ठेलाक वेपारी बनने आइ दस-पनरह किलोक लाभक जगह क्विन्टल-दू-क्विन्टलमे बढ़ि गेल अछि। दोसर दिस, युगिया भौजी दिस देखी तँ स्पष्ट देखि पड़ए जे दोसर कोनो लूरि-बुधि तँ छैन नहि। जेहो छैन से खटबसँ लऽ कऽ अप्पन हिसाब-बारी जोड़ै धरिमे समटा गेल छैन, तैठाम लगले केना दोसर जीवन ठाढ़ हएत।

मौसम दिस, माने समयक अनुकूलता दिस तकलापर देखिऐ जे लोके जकाँ समयो बँटाएल अछि। जहिना गरीब लोककेँ जीवनक आवश्यकते कम अछि, जेहो अछि ओ अभावेमे खगि जाइए आ धनीक लोककेँ बेसी सम्पदो अछि आ बेसी पुरतियो तँ होइते अछि, तहिना समयोक अछिए। कहब जे समय तँ अजन्मा छी, ओ अपन धुरीपर सालो भरि अपना गतिये चलबे करैए आ आगूओ चलिते रहत। समयक प्रभाव जीवनपर की पड़ैए, सेहो तँ सबहक सोझेमे अछि। देखिते छी जे जाड़क मासमे पानिक तृष्णा कम होइए आ अन्नक (भोजनक) बेसी होइए। जैठाम अन्नक तृष्णा बढ़त तैठाम अन्नक खगतो ने बेसी हएत। गरमी मासमे एकाध दिन लोक पानियोँ पीब जीवन चला लइए, से जाड़क मासमे थोड़े हएत। जँ पानिसँ काज चलबए चाहब तँ एक दिस अन्नक गरमी कमत, ठंढपन औत आ दोसर दिस पानिक ठंढपन सेहो शरीरकेँ ठंढे बनाएत, तैपर सँ शीतलहरीक प्रकोप भिन्न, तखन कहू जे एहेन समयमे लोकक जीवन केना चलत। तहिना वस्त्रक सेहो अछि, गरमी मौसममे कमो कपड़ासँ जीवन चलि सकैए मुदा जाड़ तँ से नहि छी। जाड़क जेते कनकनी रहत ओते वस्त्रक खगता हेबे करत। तहिना घरक सेहो अछि। जाड़क मुकाबला करैले नीक घरक खगता होइते अछि। नीक घरक माने ई नइ बुझब जे अपन जीवनक श्रमकेँ दोसराक हाथे बेचि, स्वतंत्र श्रमण जीवनसँ लाखो कोस दूर हटि, जीवन-यापन करी मुदा घर मजगूतो आ सुनरो बनाबी। जीवनक स्तरक हिसाबसँ घर जँ होइ तँ उचित भेबे कएल। जँ से नहि तँ जीवन रस्ता परक धूरा जकाँ अधूरा बनियेँ जाइए। कहब की अधूरा? जीवनक जे मूल तत्त्व अछि तइमे परिवेशक हिसाबसँ बदलाउ सेहो अबैए, तेकर सर्वांगीण स्तर एक सीमामे हेबा चाही। अपनो सभकियो जनिते छी जे जैठाम जन्म नेने छी माने जइ देश वा समाजमे, ओकर जे आमद खर्च अछि माने आय-व्यय, तेकरो तँ एक सीमा छइ। कुबेरक भण्डार जकाँ नहि ने अछि जे आमदक हिसाबे ने बुझल रहत आ मन कहत केतबो खर्च हएत तैयो ओ सठत थोड़े। एकाएक विचार मोड़ लेलक। मोड़ ई लेलक जे समयकेँ जखन अपने पकैड़ चलब तखन ने जीब। जँ समयक आशा देखैत रहब तँ केना समय ससैर कऽ ससारए लगत तेकर कोनो ठेकान अछि। एक तँ ओहुना एक घटना रहितो गरमी मौसममे जेते बोलीमे टाँस रहैए तेते जाड़क मासमे नहियेँ रहैए। ..अपने

मने-मन विचारिये रहल छेलौं आ तँए मुहोँ बन्ने छल। मुदा युगिया भौजी तँ बजन्ता लोक छथिए। हुनका अपना मनमे जे रहल हौन मुदा अपना बुझि पड़ल जे भौजी बेसी चिन्तित छैथ। चिन्ताक हाल-चाल आ कुशल-समाचार आकि बिआहे-दुरागमनक हाल-चाल चाहे कोनो पावनिये-तिहारक हाल-चालमे तँ अन्तर होइते अछि। तैबीच अपने फुरने युगिया भौजी टोकि देली-

"चुप किए छी बौआ, लोको देखत तँ की कहत.!"

बिनु विचार केनहि भौजीक प्रश्नक उत्तर देलिऐन-

"लोक की कहत.! लोक पहिने अप्पन बेथा-कथा बुझि लिअ तखन दोसरकेँ कहत।"

हमर विचार सुनि जेना भौजीक मनमे शीतलपन एलैन तहिना बजली-

"तेहेन ने जाड़ आबि गेल अछि जे केते बुढ़-पुरानक श्राद्ध हएत।"

अपना बुझि पड़ल जे भरिसक भौजीक मनसँ अप्पन बेथा मेटा अनका दिस बढ़ैत आब मृत्युपर आबि गेलैन अछि। ऐठाम मृत्युक माने ई जे जँ मनुक्ख अपन अन्तिम सीमा, मृत्युक रहस्य बुझि जाए तँ अनेरे मनसँ राग मेटा जाएत आ विराग आबि जाएत। जखने विराग तखने जीवन। बजलौं-

"भौजी, अहाँक मनमे अप्पन श्राद्धक भोज ने तँ आबि गेल अछि। अच्छा जे अछि आकि जे आबि गेल हेन, तेकरा अखन कात-के ताबे राखि पहिने एकबेर चाह पीब?"

जइ तरहक युगिया भौजीक संग अप्पन सम्बन्ध अछि तइमे आइ तक युगिया भौजी अपना लगमे बैस चाह नइ पीलैन अछि, से बिसैर गेलौं आ दरबज्जाक मान रखैत बाजल छेलौं।

युगिया भौजी बजली- "अहाँकेँ कोनो गत्तरमे लाज नइ अछि.!"

युगिया भौजीक विचार मनकेँ चौंकेलक। बुझि पड़ल जे युगिया भौजी पछारि देलैन। उन्टा दाँव लगा अपने तरसँ ऊपर अबैक गर लगबैत बजलौं-

"भौजी, दुनियाँदारीक बात छोड़ू, बड़ीटा दुनियाँ अछि, अनेरे केतए वौआइले जाएब। अप्पन जे बेथा अछि तैपर विचार करू।"

युगिया भौजीकेँ विचार नीक लगलैन, जइसँ मनमे थीरपन एलैन। बजली-

"बौआ, अखन तकक जे जीवन रहल, माने माथपर पथिया लऽ कऽ तरकारी बेचब, ओ आब जेना मेटा रहल अछि। ओही घट्टा-नफ्फामे अपने पड़िकऽ पछैड़ रहल छी।"
एक्के मुहेँ युगिया भौजी घट्टा आ नफ्फा दुनू बात बजली तँए बीचमे सोन्हि देखि गर भेटल। बजलौं-
"की घट्टा-नफ्फा, भौजी?"
युगिया भौजी तरे-तर मनसँ विचारि बजली-
"बौआ, घट्टा ई भेल अछि जे बिकरी बन्न भेने समाजमे आबा-जाही कम भऽ गेल, जइसँ जे उधारी लागल अछि ओहो डुइम जाएत। आ नफ्फा ई देखि रहल छी जे अपने दस सेरक कमाइ करै छेलौं आ आब जँ बेटा-पुतोहु वएह कारोबार करत आ ठेलाक सहारा लेत तँ बोरा-दू-बोराक कारोबार करत जइसँ परिवारक आमदनी बढ़बे करत किने।"
युगिया भौजीक विचार मनमे बंशी लागल माछ जकाँ घाव केलक। सोभाविके अछि जे कामगारकेँ जीवनक अनुकूल काम भेटने सफलताक आशा बढ़िये जाइए। जखन छेहा किसानी जीवन रहैए वा हाथक कोनो दोसरे काजक जीवन रहल, तखन स्वचालित तेज मशीन नहि, हथकरघा बेसी उपयोगी होइए। मुदा जेना-जेना जीवनमे उन्नति होइत जाइए तेना-तेना मशीनक गतिक अनुरूप अभ्यास सेहो बनैए। मुदा से बजलौं नहि। बजलौं- "भौजी, केते गोरेक परिवार अछि?"
परिवारक नाओं सुनिते, माने परिवारक जिज्ञासा सुनिते युगिया भौजीक मन खुशीसँ दहैल गेलैन। दहलाइत बजली-
"बौआ, खाइकाल भनसाघर भरि जाइए मुदा काज करैकाल सोल्होअना अपनेपर रहि जाइए।"
युगिया भौजीक बात सुनि बजलौं-
"बेटा-पुतोहु सभ किछु ने करैए?"
अप्पन बड़प्पनक मर्यादा बँचबैत युगिया भौजी बजली-
"बौआ, जाबे अपने जीबै छी ताबे बेटा-पुतोहुकेँ कमाइले केना कहबै।"
युगिया भौजीक विचार सुनि मने-मन हँसियो लगए जे ई तँ ओहने नवयुवकक पइर भऽ गेल अछि जे बैंकक लोन लइक पाछू सालक-साल वौआइए आ अप्पन पूर्वजक देल लाख-लाख रूपैआ कट्ठाक दामक पँच-पँच-दस-दस बीघा जमीन, इज्जतक नामपर ट्रान्सफर नइ करता। भाय

जखन जीवन बदैल रहल अछि, तखन सम्पैतिक स्वरूप सेहो बदलबे करत किने। जे सम्पैत किसानी जीवनमे खेबाक वस्तु उपजबै छल वएह सम्पैत मशीनी जीवनमे मशीनक रूपानुकूल जीवनक अधिकतर खगताक पूर्ति करैमे उपयोग हएत। जे पूर्वजक मान-प्रतिष्ठा बुझि, अपने बेरोजगारक रूप बना बैसल छी। ..धरतीपर ठाढ़ होइत बजलौं-
"भौजी, अखन कने दोसर काजक बेगरता भऽ गेल अछि, ने तँ नीक जकाँ कहितौं जे युग बदलने केना लोक जगैए आ केना लोक सुतैए।"
"केना लोक जगैए आ केना लोक सुतैए" से बात सुनि आकि युगिया भौजीक मनमे अपने कोनो बात उठि गेलैन, से तँ युगिया भौजी अपने जनती मुदा एतबे बजली-
"बौआ, अखन जाइ छी, अहूँ अप्पन ताक सम्हारू, मुदा पहिल साँझ तँ नइ आबि हएत, दोसरि-तेसरि साँझ धरि एबे करब। जाबे मन नइ भरिकऽ मानत ताबे थीर केना हएत।"
बहाना बनबैत बजलौं-
"बेर-मे अनतए जाएब, तँए वापस अबैक कोनो ठेकान नइ अछि। अहाँ आबी आ अपने नइ रही तखन फेर ने अहाँ गरिऐबिते घुमब।"
युगिया भौजी बजली-
"काल्हि भोरमे आएब।"
की कहितिऐन, बजलौं-
"आएब।"

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

२.१४.रबीन्द्र नारायण मिश्र-बदलि रहल अछि सभकिछु (उपन्यास)- धारावाहिक



<u>रबीन्द्र नारायण मिश्र</u>

बदलि रहल अछि सभकिछु (उपन्यास)- धारावाहिक

<u>खण्ड १-५</u>

बदलि रहल अछि सभकिछु

चारूकात अफरा-तफरीक माहौल छल । सामिआना लागल छल । मंचपर श्रीमान् लोकनिक हेतु मसलंग लगा देल गेल छल । माइकसँ बेर-बेर घोषणा कएल जा रहल छल-"माइक टेस्टींग,माइक टेस्टींग"। एकटा नवयुवक बीच-बीचमे बाजि रहल छलाह- "अपन-अपन स्थान शीघ्र ग्रहण कए लिअ । नेताजी पहुँचहि बला छथि ।" लोकक मनोरंजन हेतु रहि-रहि कए रंग-विरंगक गीतसभ बजाओल जा रहल छल । सामिआनाक गेटेपर प्रमुख-प्रमुख लोकनि गेनाक माला हाथमे लेने ठाढ़ छलाह। सभ एक-दोसरसँ उपरौज केने । हम आगू रहब तँ हम ।

मंचपर नेताजीक अतिरिक्त मात्र चारिएगोटेक बैसबाक ओरिआन छल । बीचमे नेताजी,आ हुनकर दुनूकात दू-दूगोटे । मंच आ ओकर लगपासमे इत्रक छिड़काव कएल गेल छल जाहिसँ ओहिठामक हवा सुगंधित लागि रहल छल । नीचाँमे आठ-दसटा कन्यासभ स्वागत गानक हेतु तैयार छलीह । ओ सभ स्थानीय उच्च विद्यालयक छात्रा रहथि । कैकदिनसँ ओ सभ स्वागत गानक पूर्वाभ्यास कए रहल छलीह। अधिक सँ अधिक लोक एहि कार्यक्रममे भाग लेथि ताहि हेतु कैकदिन पहिनहिसँ लाउडस्पीकरसँ गामे-गाम प्रचार कएल जा रहल छल । रिक्सापर राखल टेपरेकार्डर बजैत रहैत छल । गेलै आब ओ जमाना जखन रिक्सापर बैसल आदमी माइकपर बाजत आ लाउडस्पीकरसँ तकर विन्यास होएत। आब तँ एकबेर उद्घोषक अपन बात टेप करबा दैत छथि आ टेपरेकार्डर पर ओ बेर-बेर बजैत रहैत अछि । सएह एतहु भए रहल छल ।

"बिसरब नहि । अवश्य आएब । इलाकाक जानल मानल जननायक, हमरसभक महान शुभचिंतक, दुनिआमे मिथिलाक नाम चमकाबए बला नेताजीक आगमन भए रहल अछि। उच्च विद्यालयक प्रांगणमे आयोजित भए रहल कार्यक्रममे अवश्य आउ। संगे अपन हित-मीत, संबंधीसभकेँ लेने अबिअनु।"

बैसारक बाद भरिपोष उत्तम भोजनक प्रवंध सेहो कएल गेल छल । से बात सेहो कहल जा रहल छल । कैकदिनसँ निरंतर भए रहल प्रचारक परिणाम सकारात्मक भेल छल । मंचक लगपासमे सभटा स्थान भरि गेल छल । इसकूलक आगूक मैदानक सभटा जगह भरि गेल छल । लगेमे आमक कलम छलैक । लोकसभ खास कए युवकसभ ओकरो डारिपर अपन-अपन स्थान बना चुकल छल ।

नेताजीकेँ अएबामे देरी भए रहल छलनि । लोकसभ अगुता नहि जाए ताहि हेतु मनोरंजन तँ भइए रहल छल,बीच-बीचमे चाह-पानक वितरण सेहो कएल जा रहल छल । लोकसभ बाजए "

"बहुत बैसार देखलहुँ मुदा एहन ओरिआन बिरलैके देखल जाइत अछि ।"

नेताजीकेँ अतिथिगृहसँ अनबाक हेतु हम स्वयं गेल रही। हमरा संगे वाहन चालक आ युवानेता संदीप छल। नेताजी अतिथिगृहमे आगन्तुकसभसँ भेंट करबामे व्यस्त छलाह । मौका पाबि कए हम एकबेर हुनका नमस्कार

कए आएल रही। ओ हमरा देखितहु हँसि कए जबाब सेहो दए देलथि । हमसभ ताबे स्वागत कक्षमे चाह पीबि रहल छलहुँ । चाहक चुस्कीक संग ओतहि राखल अखबारक पन्नाकेँ उल्टा-पुल्टा रहल छलहुँ ।
नेताजीक आगमनमे देरी देखि मंच संचालक स्वयं किछु-किछु बजैत रहलाह । फेर लगपासक प्रमुख-प्रमुख लोकसभकेँ किछु-किछु कहबाक अवसर देलखिन । तखनहु नेताजी नहि अएलाह । गर्मीक मौसम छलैक । दस बजेसँ बारह बाजि गेल । लोकसभ घामे-पसीने परेसान छल । बहुत गोटे तँ उठि -उठि कए मोन हल्लुक करैत छल । एक मोन होइक जे चलि जाइ । मुदा बैसारक बाद भोजनोक जोगार छलैक ।
"आब जखन आएले छी तँ भोजन छोड़ि कए कोना जाएब ।"
ओहो कोनो मामुली भोजन नहि रहैक । तरह-तरहक पकवानसभक सुगंधसँ वातावरण मह-मह कए रहल छल । कुलमिला कए एहिसभक प्रभाव भेलैक आ लोकसभ अड़ल रहल। केओ वापस नहि गेल ।

2

आखिर नेताजीक काफिला सभास्थलपर पहुँचल । नेताजीक स्वागतमे चारूकातसँ लोकसभ मंच लगमे पहुँचि गेल ।
"इनकिलाब! जिंदाबाद !!नेताजीक जय! हमर नेता केहन हो, देबन बाबू सन हो! "
नाना प्रकारक नारासँ संपूर्ण आकाश गुंजायमान भए रहल छल । नेताजीक सुरक्षामे लागल पुलिससभक हेतु ई बहुत कठिन क्षण छलैक । ककरो रोकि नहि पाबि रहल छलैक । जे से नेताजीक गरामे माला पहिराबए हेतु उताहुल छल । नेताजी शनैः शनै मंच दिस बढ़ि रहल छलाह । करमान लागल लोक आ ओकरसभ उत्साह देखि नेताजी बहुत आनंदमे छलाह । सुरक्षामे लागल पुलिससभ कैकबेर हुनका आगू-पाछू घेरबाक प्रयास करैत छल जाहिसँ ओ सुरक्षित रहथि । मुदा नेताजीकेँ से नीक नहि लागनि । एकबेर ओ बहुत जोरसँ पुलिसकेँ डांटि देलखिन । ओहि सभ की करितए? पाछू भए गेल । नेताजी आगू बढ़ि रहल छलाह। हुनकर आगू-पाछू ओहिना करमान लागल लोक चलि रहल छल ।
आब नेताजी मंचपर चढ़बाक हेतु अग्रसर भए रहल छलाह की बड़ी

जोरसँ धमाका भेल । मंच आ ओकर आस-पासक लोकसभ कतए-कहाँ उड़िआ गेलाह । ककरो हाथ कतहु फेकाएल तँ ककरो टांग कटि कए चारि लग्गा फटकी जा कए खसि पड़ल । मंचक तँ नामो-निसान नहि रहि गेल । मंचक स्थानपर बेस पैघ खधिआ बनि गेल छल । चारूकात प्रलयक दृश्य छल। देखिते-देखिते ओहिठाम चारूकात हाकरोस करैत लोकसभ अपन-अपन परिचित,इष्ट-मित्र,संबंधीकेँ ताकि रहल छलाह । नेताजीक पाछू ठाढ़ पुलिससभ तुरंत सचेत भेल आ विद्युत गतिसँ आगू बढ़ैत हुनका उठा कए पाछू फेकलक । अपना भरि जानपर खेलि कए नेताजीक जानक रक्षा करबाक प्रयास केलक । तकर फएदो भेलैक। नेताजीक जान बँचि गेलनि । मुदा दहिना टांगमे चोट लागि गेल रहनि। पीठपर सेहो घाव भए गेल छलनि । कष्टसँ ओ कुहरि रहल छलाह । पुलिससभ तुरंत हुनका रोगी वाहनमे राखि अस्पताल बिदा होइत गेल । केओ सोचिओ नहि सकल छल जे कनीके काल एहन आनंदपूर्ण वातावरण एतेक दुखद दृश्यमे परिवर्तित भए जाएत । मुदा सएह भेल । मंचक लग-पासमे बहुत रास लोकसभ घायल बफारि तोड़ि रहल छल । किछु लास सभ छिन्न-भिन्न भेल एमहर-ओमहर पड़ल छल । गामक इसकूलक मैदान एकटा रणभूमिक भाग बनि गेल छल ।

थोड़बे कालमे पुलिस महकमामे ई समाचार ऊपर धरि पहुँचि गेल। जिलाक कलक्टर,एसपी कमिश्नर पर्यंत घटनास्थलपर पहुँचि गेलाह । दुर्घटनाक समयमे हम नेताजीक कारसँ हुनकर बैग निकालबाक हेतु वापस कार धरि गेल रही । संयोगे कहबाक चाही जे एहि कांडमे बँचि गेल रही । हमरासंगे नेताजीक अनबाक हेतु गेल युवक संदीपक कोनो अता-पता नहि छलैक । पुलिससभसँ पहिने हमरा पकड़लक,जीपपर बैसेलक आ थाना लेने चलि गेल ।

थाना पहुँचि भयावह दृश्य देखलहुँ । कैकटा घायल लोकसभ ओतए बिना कोनो प्राथमिक उपचारकेँ पड़ल छल । पुलिसबलासभ अपनामे गप्प करैत छल-

"पता नहि रोगी वाहनकेँ अएबामे एतेक देरी किएक भए रहल छैक? "

"एनामे तँ ई सभ बिना कोनो इलाजेकेँ मारल जाएत ।"

"एतेक भारी दुर्घटना आखिर भेल कोना? "

"जरूर कोनो षड़यंत्र भेल अछि ।"

एहि तरहें तरह-तरहक बातसभ पुलिससभ अपनामे कए रहल छल । कलक्टर साहेब नेताजीक संगे आगू बढ़ि गेल छलाह। हुनके संगे-संगे कमिश्नरक गाड़ी सेहो चलि रहल छल । जखन नेताजी गेलाह तँ एसपी साहेब कोना नहि जइतथि? एसपीक पाछू-पाछू डीएसपीक गाड़ी कोना नहि जाइत । जहिना बड़का अधिकारी सभ ओतए अएलाह तहिना नेताजीक कारक संगे-संगे वापस चलि गेलाह। ओमहर थानामे पड़ल घायल लोकसभक परेसानी बढ़िए रहल छल । ओहिठामसँ अस्पताल जेबाक हेतु रोगी वाहन जरूरी छल,से आबिए नहि रहल छल । हारि कए गौंवासभ अपन-अपन ओरिआन केलाह आ जेना-तेना घायल व्यक्तिसभकेँ लादि-फादि अस्पताल पहुँचलाह । हुनकासभक पाछू-पाछू पुलिसक जीप सेहो पहुँचल ।

हमरा लेने-देने पुलिस एसपी साहेब लग पहुँचि गेल । ओ बेर-बेर संदीपकेँ ताकि रहल छल । मुदा ओकर कोनो अता-पता नहि छल । ओ कतए गेल? कहीं ओ कतहु घायल पड़ल तँ नहि अछि? कहीं अपन जान तँ नहि गमा बैसल । मुदा पुलिसकेँ ओकर कोनो थाह नहि लागि रहल छल । हमही ओकरा बारेमे की कहितिऐक? सभगोटे संगे छलहुँ । मुदा क्षणेमे छनाक की-कोना भेलैक जे एहन घटना घटि गेल । पुलिसकेँ एहू बातसँ बहुत चिंता होइत छलैक जे हम कोना बँचि गेलहुँ,संदीप कतए चलि गेल? नीचाँसँ ऊपर धरि सभ परेसान छल । आखिर ई सभ भेल कोना? एकर पाछू ककर-ककर हाथ अछि ? एहि प्रश्नक जबाब किछु नहि फुरा रहल छलैक ।

3

चुनाओक मौसममे भेल एहन भारी दुर्घटनाक बहुत प्रभाव पड़ि सकैत छल । ताहि बातसँ सभ चिंतित छलाह । पक्ष-विपक्षक लोकसभ तरह-तरहसँ एकर विश्लेषण कए रहल छलाह।

लोकसभक मोनमे एकहिटा बात बेर-बेर घुमि रहल छलैक-एतेक भारी बिस्फोट भेल आ नेताजी ओतहि छलाह । तथापि हुनकका मामुली चोट लागल आ ओ बँचिओ गेलाह । जखन की लगपासमे ठाढ़ बँकिए लोकसभ भयानक रूपसँ आहत भए गेल । हम कोना बँचि गेलहुँ ?

संदीप कतए बिला गेल? प्रशासन एहन घटनाकेँ पहिने किएक नहि पता लगा सकल? सीआइडी विभाग की कए रहल छल?

चिकित्साक बाद नेताजीकेँ अस्पतालसँ छुट्टी दए देल गेल। ओ रातिमे शक्तिपुरम अपन डेरापर वापस पहुँचि गेलाह । हमरा राति भरि थानामे बंद केने रहल । भोर भेने कोनो फोन थानेदारकेँ अएलैक । तकर बाद ओ हमरा बजा कए कहलाह-

"अहाँकेँ शक्तिपुरम जाए पड़त । एहि मामिलाक तहकीकात सीआइडी विभाग करतैक । तेँ अहाँ ओतए एसपी सीआइडीसँ भेंट करिअनु । ओना अहाँक खिलाफ कोनो सबूत नहि छैक । मुदा एतेक भारी घटना घटलैक अछि आ अहाँ ओहिठाम रही, नेताजीक संगे सेहो रहिअनि तेँ अहाँसँ गप्प-सप्प करब हुनका जरूरी बुझाइत छनि ।"

"कोनो बात नहि । हमरा जेना कहब, हम सहयोग करबाक हेतु तैयार छी।"

"थोड़ेकालमे पुलिसक गाड़ीसँ अहाँ शक्तिपुरम बिदा भए जाएब । सुरक्षा कारणसँ अहाँक संगे पुलिस सेहो जाएत । आगूक निर्णय ओहीठाम कएल जाएत। कहबाक माने जे अहाँकेँ छोड़ि देल जाएत की किछु दिन पुलिसेक हिरासतमे राखल जाएत से ओतहि पता लागत।"

"सएह कहू। हमरा तँ अहाँसभ अनेरे पिरओटनमे रखने छी।"

"आब एहिसभपर गप्प-केलासँ कोनो फएदा होमए बला नहि थिक । अपने सभबात स्वयं बूझि रहल छी ।"

"ठीक छैक । हम स्नान कए लैत छी । फेर जेना-जे कहब, हम सएह करब ।"

हम स्नान-ध्यान कए लैत छी । थानेदार साहेब किछु जलखै,चाहक ओरिआन सेहो केने छथि । तकरबाद हम पुलिसक गाड़ीसँ शक्तिपुरमक हेतु बिदा होइत छी । हमरा संगे हमर रक्षार्थ किछु पुलिस सेहो छथि । शक्तिपुरम पहुँचतहि हमरा पुलिसक गाड़ी नेताजीक डेरापर लेने चलि गेल । ओहिठाम संदीप पहिनहिसँ सोफासीटपर बैसल चाह पीबि रहल छल । ओकरा देखितहि हमरा बजा गेल-

"तू एहिठाम? "

"से की? "

तोरा तँ पुलिस तकैत-तकैत परेसान भेल अछि आ तूँ एहिठाम चाह पीबि

रहल छह ।”
हमर बात सुनि कए नेताजी भभा कए हँसि दैत छथि। संदिप सेहो नेताजीक संग दैत अछि । हम बूझि नहि पाबि रहल छी जे बात की छैक? हमर परेसानी नेताजी बूझैत छथि ।
”अहाँ परेसान नहि रहू । जे भेलैक, जेना भेलैक सभ बात अपने परिछा जाएत । अखन चुनाओक मौसम छैक । तेँ अहाँकेँ किछुदिन जहल जाए पड़त जाहिसँ जनतामे गलत धारणा नहि बनए । भोटमे हम जीतबे करब । सरकार हमरे बनत । तकर बाद अहूँ बाहर आएब आ बदमाससभक इलाज तँ हेबे करतैक ।”
नेताजीक बात हम नहि बूझि सकलहुँ । ओ संदीप संगे अंदरक कोठरीमे चलि गेलाह । हम चाह पीबिते रही की पुलिसक एकटा अधिकारी हमरा बाहर अएबाक इसारा करैत छथि । हम हुनका संगे नेताजीक कोठरीसँ बाहर होइत छी । पुलिसक जीपमे बैसि जाइत छी। पुलिस हमरा लेने अज्ञात स्थान पर चलि जाइत अछि ।
तकर बाद कैकदिन धरि हम जहलमे बंद रहलहुँ । हमरा खिलाफ तरह-तरहक धाराक अधीन मोकदमा काएम कए देल छल। हम कोनो प्रतिवाद करबाक स्थितिमे नहि रही। भोर-साँझ केओ अज्ञात व्यक्ति हमरा सामनेमे आबए आ तरह-तरहक इसारा कए किछु कहि जाए । किछु नहि बाजए । चुपचाप अपन काज करए आ चलि जाए । एहि तरहें कैक दिन बीति गेल ।
4

हमर बएस सत्ताइस साल अछि । हम दूसाल पूर्व एमए पास केलहुँ । शुरुएसँ आदर्शबादी छलहुँ । असलमे विद्यार्थी सभकेँ मोनमे सामान्यतः देश,समाजक हेतु किछु करबाक भावना जागल रहैक । कालेजमे एहिसभ विषयपर वारंबार चर्चा होइत रहैत छल। देश-विदेशक जानल-मानल विद्वान,नेता,कवि ,गायक अबैत-जाइत रहैत छलाह । हम आ संदीप एकहि बएसक रही । एकहि किलासमे पढ़ैत रही । हमसभ संगे-संगे एहन बैसारसभमे अरबधि कए जाएल करी । युवावस्था,किछु करबाक उमंग आ संगी सभक संगोर सभ मिलि कए हमर मोनकेँ ततेक प्रभावित कए देलक जे एमए पास केलाक बाद नौकरी तकनाइ छोड़ि

नेताजीक पाछू-पाछू घुमए लगलहुँ । संदीप एहि मामिलामे हमरासँ आगूए छल। ओ कालेजेक समयमे नेताजीक अनुगामी भए गेल। हुनका संगे-संगे बैसारसभमे जाए लागल । परिणामस्वरूप,ओ एमए परीक्षा पास नहि कए सकल। लटकि गेल। दोसरो साल सएह हाल रहलैक। तेसर प्रयासमे ओ जेना-तेना तृतीय श्रेणींमे एमए पास कए सकल। ताबे हम एमए पास कए पुरान भए गेल रही । माता-पिताक असगर संतान रही। तेँ बहुत दुलरुआ रही। हुनका लोकनिकेँ हमरासँ बहुत उमीद रहनि। हम हुनकर सभक भावना आ इच्छाकेँ बुझैत पढ़ाइ करैत रहलहुँ। सभदिन औअल अबैत रहलहुँ। मुदा एमए पास करैत-करैत हमर बुद्धि बदलि गेल। परिवारसँ बढ़ि कए देशक चिंता होमए लागल। ओही क्रममे हमहु नेताजीक संपर्कमे अएलहुँ।

कालेजमे पढ़बाक समय हम आ संदीप कैकबेर संगे ओकर गाम सरिआ गेल रही । ओकर वयोबृद्ध पितासँ भेंट केने रही । ओकर माए बहुत पहिनहि मरि गेल रहथि । ओहि समयमे संदीप चारिए वर्षक रहए । तखनेसँ ओकर पिता माएक भार सहो सम्हारि रहल छलाह। हमरे जकाँ ओहो असगरे रहए । पढ़बामे साधारण। ओकर पिता सदिखन हमर उदाहरण दैत रहथिन। कहथिन जे तूँ अंकुरसँ ओकर गुण लेल करह। संगे रहबाक किछु फएदा उठाबह। ओ सुनि लिएह आ हँसि दैक। कखनहु काल कहिओ दैक-

”अहाँ एतेक चिंता नहि करू । हम बहुत किछु करब । अहाँक यश-प्रतिष्ठामे बृद्धि करब। अहाँ धैर्य राखू।”

बूढ़ा की बजितथि? चुप्प भए जाथि । काजसभ तँ किछु तेहन नहि देखथिन। दिन-राति नेताजीक पाछू-पाछू घुमैत रहैत छलाह। असलमे ओहि समयमे नेताजीक नाम गाम-गाम पसरल छलैक । लोकसभकेँ हुनकासँ बहुत उमीद रहैक। भाषणमे बहुत नीक-नीक गप्प-सप्प करैक। मुदा ककरो किछु फएदा होइत नहि देखाइक । तेँ किछु दिनक बाद आम जनतासभ हुनकासँ निराश होमए लागल आ एहि बेरक चुनाओमे हुनका हरेबाक मोन बना लेने छल। नेताजीकेँ एहिबातक अनुमान भए गेल रहनि । तेँ ओ कनी बेसीए सतर्क छलाह । जेना-तेना चुनाओ जीतबाक हेतु प्रयत्नशील छलाह।

नेताजीक तँ ओ धंधा छलनि। इलाकाक युवकसभकेँ झूठ आदर्शवादक

झुनझुना पकरबितथि । दिन-राति अपना-अपना पाछू घुमबैत रहितथि। ओहिमे सँ किछु चलाक-चुस्तसभ किछु फएदो उठा लैत छल । मुदा अधिकांश ओहिनाक-ओहिना रहि जाइत । नीक समय अनबाक प्रयासमे संघर्ष करैत-करैत अनिश्चित भविष्यक गर्त्तमे पड़ल रहि जाइत। नेताजीक आश्वासन भेटैत रहितैक । ओ सभ हुनकर झंडाकेँ लेने नारा बुलंद करैत रहैत । एहि तरहें बहुत समय बीति गेल । नेताजी कैक बेर चुनाओ जीतलाह । सलाहकार सेहो बनलाह । किछुगोटेक भविष्य सेहो सचमुचमे बदलि गेलैक । मुदा अधिकांश जस-के-तस रहि गेल । चुनाओक समयमे नेताजीक चुनाओ दलक सक्रिय सदस्य बनि जाइत । किछु आमदनी सेहो कए लैत । चुनाओ खतम,बात खतम । संदीपो एही तरहक छल । ने नौकरी कए सकल,ने नेता बनि सकल । तथापि,नेताजीमे ओकर अटूट विश्वास बनल रहलैक । सालक -साल हुनका पाछू-पाछू घुमैत रहल । हुनकर हुकुम बजबैत रहल।

5

असलमे ओहिबेर नेताजीक स्थिति ठीक नहि छलैक । पछिला पाँच साल हिसाब चुकता करबाक हेतु इलाकाक जनतासभ प्रतिबद्ध छल । जकरे देखू सएह एतबे गप्प करैत सुनाइत-
"आओर जे होएत से होएत मुदा एही नेताकेँ हरेबाक अछि।"
"जरूर । परिवर्तन हेबाक चाही । जनतंत्रक माने सएह ने भेल । जे जनताक नहि सुनए, अपनेमे लागल रहए तकरा हटा दिअ। दोसरकेँ आनू, ओहो जँ ठीक नहि केलक तँ तेसरकेँ आनू । मतदाताकेँ एतेक शक्ति संविधानसँ प्राप्त छैहे ।"
"बात एतेक आसान नहि छैक जतेक बूझा रहल अछि । ई सभ बदमासक खान थिक । आब ओ समय नहि रहि गेल छैक। गुंडासभ नेताक पाछू-पाछू घुमैत छैक । एकटा इसारा चाही आ साफ । तखन की करब? कोट/ कचहरी दौड़िते रहि जाएब । नेताजीक खिलाफ केओ गबाह नहि भेटि सकत ।"
लोकसभ आपसमे एहि तरहें गप्प कइए रहल छल की कारसँ किछुगोटे ओतए पहुँचल । लोकक गप्प सुनि कार रूकल । कारसँ चारि-पाँचटा

मोचंड सन लोक बाहर निकलल आ बिना किछु कहने-सुनने लोकसभकेँ पिटनाइ शुरु कए देलक । कहि नहि ओ सभ अपन चाबुक कतए नुका कए रखने छल । कहबी छैक "मारिक डरे भूत पड़ाए ।" बात सएह भेल। दू-चारि सटका लगितहि सभ यत्र-तत्र भागल । केओ किछु नहि देखलक । ककरो ई साहस नहि भेलैक जे ओकरासभक हाथ पकड़ि लिअए ,किछु पूछि सकए ? मारि खाइत-खाइत ओ सभ बस जान बँचबएमे लागि गेल । भागल..। ओकरासभकेँ एना भागैत देखि सड़कपर एमहर-ओमहर ठाढ़ लोकसभ सेहो भागल । लगपाससँ अएनहिार लोकसभ सेहो भागल । केओ किछु नहि बूझि सकल,केओ किछु नहि पूछि सकल । बस आँखि मुनि कए भागैत रहल । किछुगोटेकेँ सक भेलैक जे भूकंप भए रहल अछि । ओ सभ चिकरए लागल-

"भूकंप. भूकंप ...भागू..!भागू...! "

ओ बदमाससभ हँसैत कार पर फेरसँ सबार भए गेल। संगमे एक-दूगोटेकेँ पकड़ने गेल । कार खुजल आ फुर्तीसँ ओहिठामसँ निकलि गेल ।

बदमाससभ दुनू गोटेकेँ लेने-देने नेताजी लग पहुँचि गेल । नेताजीकेँ देखितहि ओकरसभक सीटी-पीटी गुम्म पड़ि गेलैक ।

"की बात छैक? तोरासभकेँ कथीक परेसानी छह? "

"किछु नहि सरकार! "

"तखन जे अड़बड़ बाजि रहल छह तकर की हेबाक चाही? "

"गलती भए गेल सरकार! "

"मुदा आगू फेर तूँ सभ एना नहि करबह तकर कोन ठेकान? "

"कान पकड़ैत छी, घटी मंगैत छी। आब एहन नहि होएत।"

नेताजी इसारा केलखिन । बदमासभ दुनूगोटेकेँ तहखानामे लेने गेल । धराधर चमेटा लगबैत रहल । बाहर धरि ओकर प्रतिध्वनि सुना रहल छल । तकरबाद ओकरासभकेँ ओहीठाम हाथ-पैर बान्हि कए राखि देलक । बदमासभ बाहर निकलल आ तहखानामे ताला ठोकि देलक ।

नेताजी छलाह अनुभवी लोक । कोनो पहिल बेर चुनाओ नहि लड़ए जा रहल छलाह । घाट-घाटक पानि पीने छलाह । साम-दाम दंड,भेद जेना जे काबूमे आबए तेना तकरसँ निपटए जनैत छलाह। साँझमे जखन वापस घर अएलाह तँ ओ बदमाससभक संगे चोट्टे तहखाना दिस बढ़ि गेलाह ।

"चलह ओमहर। देखिऐक ओकर सभक आखिर की कहब छैक? "
"हमहु सएह कहए बला रही ।"
सभगोटे तहखानामे पैर रखैत छथि । नेताजीकेँ देखितहि ओ दुनूगोटे बफारि तोड़ए लागल । हाथ-पैर जोड़ि माफी मांगए लागल।
"आब एहन गलती नहि होएत । हमसभ सभदिन अहीं संगे रहलहुँ, अहीं बले जीलहुँ । एकटा मौका दिअ । हमसभ अहाँकेँ जीतेबाक हेतु फेरसँ जानक बाजी लगा देब । दिन-राति एक कए देब ।"
नेताजी ओकरसभक बात सुनि बदमाससभकेँ इसारा केलखिन ।
"रे! हिनका सभकेँ एहिठाम किएक अनलहुन? ई सभ तँ अपन खासम-खास छथिन । खबरदार! आगूसँ फेर एहन गलती करबैं तँ हमरासँ बेसी खराब आदमी केओ नहि होएत।"
"जी सरकार!"
बदमाससभ दुनूगोटेकेँ खोलि देलकैक । ओसभ बाहर आएल । बाहर अबितहि ओकरासभक जान मे जान आएल । तहखानासँ बाहर आएल तँ एकगोटे पुरी-तरकारी आ लड्डू लेने ठाढ़ रहैक । ओ सभ भुखल तँ छलहें । हाँइ-हाँइ खेलक,पानि पिलक आ चुपचाप अपन घरक रस्ता पकड़ि लेलक । नेताजी कहि नहि कोन बाटे निकलि कए निपत्ता भए गेलाह ।

-रबीन्द्र नारायण मिश्र, पिताक नाम: स्वर्गीय सूर्य नारायण मिश्र, माताक नाम: स्वर्गीया दयाकाशी देवी, बएस: ६९ वर्ष, पैतृक ग्राम: अड़ेर डीह, मातृक: सिन्घिआ ड्योढ़ी, वृति: भारत सरकारक उप सचिव (सेवानिवृत्त), स्पेशल मेट्रोपोलिटन मजिस्ट्रेट, दिल्ली(सेवानिवृत्त), शिक्षा: चन्द्रधारी मिथिला महाविद्यालयसँ बी.एस-सी. भौतिक विज्ञानमे प्रतिष्ठा : दिल्ली विश्वविद्यालयसँ विधि स्नातक, प्रकाशित कृति: मैथिलीमे: प्रकाशन वर्ष:२०१७ १.भोरसँ साँझ धरि (आत्म कथा),२. प्रसंगवश (निवंध), ३.स्वर्ग एतहि अछि (यात्रा प्रसंग); प्रकाशन वर्ष:२०१८ ४. फसाद (कथा संग्रह) ५. नमस्तस्यै (उपन्यास) ६. विविध प्रसंग (निवंध) ७.महराज(उपन्यास) ८.लजकोटर(उपन्यास); प्रकाशन वर्ष:२०१९ ९.सीमाक ओहि पार(उपन्यास)१०.समाधान(निवंध संग्रह) ११.मातृभूमि(उपन्यास) १२.स्वप्नलोक(उपन्यास); प्रकाशन वर्ष:२०२०

१३.शंखनाद(उपन्यास) १४.इएह थिक जीवन(संस्मरण)१५.ढहैत देबाल(उपन्यास); प्रकाशन वर्ष:२०२१ १६.पाथेय(संस्मरण) १७.हम आबि रहल छी(उपन्यास) १८.प्रलयक परात(उपन्यास); प्रकाशन वर्ष:२०२२ १९.बीति गेल समय(उपन्यास) २०.प्रतिबिम्ब(उपन्यास) २१.बदलि रहल अछि सभकिछु(उपन्यास) २२.राष्ट्र मंदिर(उपन्यास) २३.संयोग(कथा संग्रह) २४.नाचि रहल छलि वसुधा(उपन्यास) २५.दीप जरैत रहए (उपन्यास)।

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

३.पद्य खण्ड

३.१.राज किशोर मिश्र-फेर आएल जाढ़

३.१.राज किशोर मिश्र-फेर आएल जाढ़



राज किशोर मिश्र, रिटायर्ड चीफ जेनरल मैनेजर (ई), बी.एस.एन.एल.(मुख्यालय), दिल्ली,गाम- अरेर डीह, पो. अरेर हाट, मधुबनी

फेर आएल जाढ़

फेरो गमकतै, गा छ
सि ङरहा र फूलक,
चम्पा , केओला ,किं वा
आनो एहि मूलक।

नेना -भुटका सभ गाँ ती बन्हतै,
नवका चा उरक भा त लो क रन्हतै।
भो र -साँ झ ओरि आओन घूरक ,
गप -छड़ा का बच्चा -बूढ़क।

गअओता बूढ़ा सभ, भो र परा ती ,
साँ झ, सका ले ,जरतै बा ती ।

ओढ़ना -सी रक सँ, झाँ पल देह,
जा ढ़क' ति क्तता सँ को न नेह?

शि शि रक' समर्थन मे धो न्हि आएल,
रौ दो ,ओहि मे जा कऽ सन्हि आएल।

बरखा मे ,रवि केँ झाँ पय लेल,
नभ मे मेघ सभ छल उगल,
मुदा , भेला ह मुक्त नहि , जा ढ़ो मे,
पृथ्वी क धो न्हि मे, छथि दुबकल।

रौ द कँपैत अछि जा ढ़ सँ,
का ॅं पि रहल अछि बसा त,
पा नि दुबकि क' सटल, जमल,
कँपैत अछि गा छ पर पा त।

ठंढ लगअओलक अपन जो र,
थरथरी धरो अओलक धरती के ॅं,
नि कलल अका सक' नो र , जा ढ़ सँ ,
भि जल तरु ,दूभि परती के ॅं।

धो न्हि अड़ल अछि बा ट पर,
रो कने लो कक अबरजा त,
दि न लगैछ अन्हा र सन,
बड़ी का ल बि तल ,भेला परा त।

पा नि मे नहि अछि बचल गर्मी ,
जा ढ़क डढ़ सँ ओहो जमत,
प्रकृति क सि नेह -उष्णता भेटतै,
तखन, अकड़पन ओकर कमत।

टङटुट्टा कुकुर रा ति मे कुहरै,
पड़ि रहल घूरक छा उर पर,
शी त कतेक तेज खसैत अछि ,
टप -टप खसैछ खम्हा उर पर।

साँ झे सँ नढ़ि आ भूकि रहल अछि ,
सुनैत अछि सभ ओकर गद्दह,
जा ढ़ कँपअओने छै ओकरा ,
हुआँ -हुआँ छै, ओकरे सद्यः ।

धा ह लेल ,चि ड़ै- चुनमुन सभ,
धुआँक करैछ ति रपेच्छन,
दुबकि जा इत अछि , जा ढ़क डऽढ़े,
खोँ ता मे, साँ झ पड़ैछ जखन।

नि र्धनक रा ति तऽ भेल पहा ड़,
ओढ़ना -बि स्तर, ना र -पो आर।

ओहि मे जँ सि हकल कनि को बसा त,
तऽ, तकैछ बा ट, हो उ को हुना परा त।

थरथरा इत छै ,देह गरी बक,
नि ष्ठुरे जा ढ़ संग छै मुदा जी बक'।

टि कटि कि आ सेहो भेल नि पत्ता ,
गेल ओ शय्या वि श्रा म पर,
तेआगल चलब -फि रब बेसी ,
ने देबा ल पर, ने खा म्ह पर।

थेथर जा ढ़क ,ता गति कँ,

बढ़ा रहल अछि रजनी ,
ने जा एत ता धरि , भेटतैक नहि ,
भो रहरबा सँ, मुहबजनी ।

शि शि र -रा ति आ धो न्हि कैँ ,
को नो सुरभि संधि छै सा इत,
शी तक पुरुषा र्थ बढ़ा बए लेल,
कऽ बैसा र , हो एत बति आइत।

कि ओक ने आएल अछि , मुदा
मर्त्य भुवन मे ,भऽ कऽ अमर,
जा ढ़ो जा एत, ओहो पड़ा एत,
करैत रहत ,एम्हर सँ ओम्हर।

फेर अओतैक जा ढ़ तकर,
एखने सँ कि ए, चि न्ता करू?
कँपकँपा रहल अछि ,ठंढ एखन ,
पहि ने तऽ ,ओहि सँ लड़ू।

चलि ते रहतैक एहि ना क',गरमी -बरखा -जा ढ़क क्रम,
जी तक जन्म, परा जय सँ, आ' बंधन मे , मो क्षक' जनम।

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com **पर पठाउ।**

४. अनुलग्नक (पृ. १-४३०)

१.विदेह ई-पत्रिकाक सभटा पुरान अंक Videha e journal's all old issues (पृ. १-२९)

२.मैथिली पोथी डाउनलोड Maithili Books Download (पृ. ३०-८४)

कतेक जना हरिवासर ठानलभात बहुत कै सपना /
कतेक जना मिलि जनेर बेसाहलनिरधन बैसल तकइ /
भेल धनन्तिरि दूइ फसिल जगराहड़ि आओर मकइ /
काल पड़ल तिरहुतिमे भारीतैँ ई बहि गेल हावा /
घरफाँकि मकइ केर लावा /नारी-घर मगन करै नर-
मालिक और महाजन सभकैँघर ढेरी अन्न-घर /
लोक बुझाओन ओहो तकै छथिमूँह / गरीबक सन
समै देखि बनिआँ सभ सनकलडरैँ लगौलक टट्टी /
सुन्न दोकान सहरमे परि गेलसुन्न भेल सभ चट्टी /
सूखल गात बात भौ लटपटकतेक बात अब सहना /
नर नारी सभ सान तेआगलबिकरी भेल अब गहना /
मँगटीका खूटी औ तड़कीनकमुन्नी नै नाक /
कटसरि बिछिआ औ झिमझिमिआँबाजूबन्द औ बाक /
चन्द्रहार, हैकल औ सिकड़ीऔर घमौरिक दाना /
सूति, नवग्रह औ पचखँड़ीलशुनी भेल निदाना /
तापर दर्बजात नै बचलेकरम भेल निखट्ट /

तमघैल, अढ़ैआ औ पिकदानीनै तसला औ तटू /
बाटी, बट्टा औ पनबट्टाभोजन करैक थारी /
माधव सीहि सहित सोबरनानै बचले घर झाड़ी /
धन संपति घर किछु नै बचले/ सभटा पड़ि गेल बंधक
तैओ भूख छुटल नै ककरोएहन पेट भेल खंधक /
दैब अंश अबतरल कम्पनीजा पर राम सहाए /
मिथिलापुर बूड़न जब लागयसे सुनि पहुँचल धाए /
खरिद अनाज जहाजहिँ बोझलभरती करि करि बोरा /
सदर तिलंगा ओआ पर भरतीऔर ओलाइति गोरा /
हाजीपुरमे लाख हजारमकै लाखन हइ पटना /
बाजितपुर सुलतानपुर गोलानै जानत हौँ केतना /
गाड़ी, बैल, छकड़, ऊँट बिहारेउबहत हइ सभ दाना /
मिसर कन्हैआ केँ पोखरन मेपहिलुक अड़ी ठेकाना /
श्री लक्ष्मीश्वर सिंह नृपतिमहाराज मिथिलेश /
अचल राज दड़िभंगाश्रीपति हरहिं कलेश /
गाड़ी बैल लाखन हजारनताकेँ परे घड़ेर /
पहिलुक गोला मधुबन, भौड़ाजफरा और अड़ेर /
बेनीपट्टी, औ पचमहलाकुम्हरौल औ कमतौल /
हरिहरपुर, पिड़ारुछ बरनौंकारज केतेकाँ बरिऔल /
बारि पोखरि, बिरसायर बरनौंपण्डौल को नै जान /
नवहद, सरिसो ओ भटपुरा, ता सोँ दक्षिण उजान
झंझारपुर, महरैल, कन्हौलीमधेपुर हइ खास /
बेनीपुर, कमान, नरैहिओबरनौं फूलपरास /
झमना हइ जगजानित जगमेमहथा और बछौर /
दुहबी औ महिनाथपुरऔर जैनगर तक हइ दौर /
बलदेबपुर औ ढंगा बरनौंमिरजापुर लघु हाट /
सीबीपटी औ कपसीआसदर गोला सौराठ /
गुरबाकेँ परबरसी हाकिमकर तिरहुतमे आके /
नै तो मरते कत नर नारीबाले बचे सुखा के /

कत मुरदा गरदा मै मिलतेअसंख जीव चल जाता /
सर समधी कैं संभा ने लम्भननै बचते जलदाता /
सभकैं सभ उपछै भै गेलधुर पोखर औ सड़क /
रहि गेल ब्राह्मण सोती पण्डितकायथ पछिमा ठाकुर फरक /
केओ ओरसिअर नाम लिखाओलकेओ मोहर्रिर भैंट /
धर्म्मकार्यमे लुटथि रुपैआतैँ भेल सभ केर भैंट /
केओ जमानत दैकैं बचलाहजिनका अमला नेही /
ककरो मारि कैंत पिठि तोड़ैन्हिउतरैन्हि जन्मक ठेही /
ककरहुँ गारत गात सुखाओलबहुतो होअय चलाना /
मातुपिता घर परिजन रोवयबाबू गेलाह जहलखाना /
ककरहुँ घर भेल खानातलासीभेट मोहर्रिर घोँछ /
केओ अदालतिमे डिड़िआइ छथिककरहुँ उपरैन्हि मोँछ /
एतना सुनि हाकिम रिसिआओलतैँ लागल जन ठीका /
नाक रंगौलन्हि सभै मोहर्रिरलागल चूनक टीका /
जोग, बिकौआ,लौकिक वंशककिरिआमंत सुकूल /
गाछी, बाँस, बैल औ महिसिजगह कैल भकफूल /
ताहि रुपैआ सौँ करा गजरलै कोरट सौँ रीन /
तैँ कारन बहुतो घर झगड़ाभाइ भतीजा भीन /
आए लाट बहादुर औ /दड़िभंगा धाम
बाबू औ बबुआन सहित मिलिकीन्ह कुमैटी खान /
......
......
......
एह सभ संग बैठि कैजाय कुमैटी भेल /
अजब कार सरकार केतिरहुत पहुँचल रेल /
बाजितपुरसँ सड़क निकालैआये दौड़िह दौड़ी /
हहेया गंडक पुल बन्हाएआए चौरही चौरी /
धर्म्मधीर, बलबीर, कम्पनी जानत हइ /जगदीशन
लछमी सागर के पोखरिमेताहि कीन्ह इसटीसन /

बड़ा लाट कलकत्तेवालेश्रीदुर्गा होए संग /
आगरा के छोटा लाल बहादुरबैठे सभ एकरंग /
जुटे कमिश्नर और कलट्टरबोलहिं बात नेअंट /
एह पाचो इजलास पर बैठेसंग जात ऐह जंट /
खबरि गए अखबार मौँमैथिल के एह हाल /
सुनहु फिरंगी अवण दैकैँमेटहु दुख के जाल /
हुकुम दीन्ह दोउ लाट कोसुनहु हमारे बैन /
मदति करहु रेआआनकोक्या बैठे हौ चैन /
बड़ा लाट दोउ बीर उठाएसाहेब औ जरनैल /
मेजर मजिस्टर और कलट्टरसंगजात करनैल /
देस देससौँ अन्न मंगाओलदीन्ह सभनि के दाम /
महामूँग, गहुम औ चाउरबजड़ा और बदाम /
डोली, पटना औ भटसारेदीली औ अजमेर /
आगरा और कान्हपुर ढाकाजहाँ अन्न के ढेर /
भए रमाना अन्न तिरहुतिमेलादि गाड़ी और बैल /
गज, तुरंग, गदहा औ छकड़संग सिपाही छैल /
छत्री औ पैठान मोगल सभबाँकाबीर रजपूत /
सोभा बरनि नजात हइजैसे हनुमन्त दूत /
आगे सफर ओ मैनापलटन वीर जमान /
बरछी औ तरुआरि गहैकर गहै तीर कमान /
चढ़ि तुरंग पर करै कवाइतजमादार होए संग /
सोभा बरनि न जात हइदेखि तखनुक रंग /
करत काम सभ धाममेटूट अट सभ लूट /
ढाहि भीड़ गाछी सहितबान्धै सड़क औ पूल /
जिले पटने औ भटसारेप्रगन्ना महिसौर /
तहाँ बसहिँ एक सज्जनतेहि घर जा लक्ष्मी दौड़ /
श्री द्वारिका प्रशादितधर्म्मधीर बुद्धिमान /
तहसीलदार कोरट के खासाजानहिं सकल जहान /
बाबु इसरी प्रसाद दियौटीसो मधुबनमे आए /

हुकुम दीन्ह सुपरनडेंटकैँटोले टोले होए जाए /
मन पँचा मनगर भै लिएबहुतो लिए खैरात /
धन्य धन्य अंगरेज बहादुरसभकेँ जूटल गात /
गरिब, गनी, गुरबा, करु जै, जैब्राह्मण देत असीस /
श्री रघुनाथ बढ़ै बदसाहीगदी लाख बरीस /
फतुर लाल कवि बरनत हैँएह रौदी के हाल /
गौरमिंट गौरनल बहादुरतिरहुति राखहिँ बहाल /

२

राधाकृष्ण चौधरी (मिथिलाक इतिहास) (विदेह पेटारमे उपलब्ध(

"१७७० क अकाल मिथिलाक इतिहासमे अद्वितीय छल आ मिथिलाक जनसंख्या घटिकेँ एक दम्म कम्म भऽ गेल छल। १८७३ ७४ मे पुनः एकटा-ओहने अकाल मिथिलामे भेल छल जकर विवरण हमरा फतुरी लाल कविक अकाली कवित्तसँ भेटइयै, अकाली कवित्त अप्रकाशित अछि। अकालकेँ दूर करबाक हेतु आ मजूरकेँ रोजी देबाक हेतु ताहि काल रेलगाड़ीक योजना चलाओल गेल जकरा सम्बन्धमे फतुरीलाल लिखैत छथि-

'कम्पनी अजान जान कलनको बनाय शान।
पवन को छकाय मैदानमे धरायो है॥
छोड़त है अड़ादार बड़ा बीच धाय धाय।
सभेलोग हटाजात केताजात खड़ा है॥
तारकी अपारकार खबरि देत वार वार।
चेत गयो टिकसदार रेल की उवाई है॥
करत है अनोर शोर पीछे कत लगत छोर।
जोर की धमाक से मशीन की बड़ाई है॥
कम्पूसन पहरदार कोथी सब अजबदार।
कोइला भर करल कार धूआँसे उड़ायो है॥
बाजा एक बजन लाग हाथी अस।
पिकन लाग जैसा जो चढ़नदार वैसाधर पायो है॥

गंगाकेँ भरल धार उतरि गयो फतूर पार गाड़ीकी।
अजबकार कवित्त यह बनाया है॥' "

-Gajendra Thakur, editor, Videha (be part of Videha www.videha.co.in -send your WhatsApp no to +919560960721 so that it can be added to the Videha WhatsApp Broadcast List.)

अपन मंतव्य editorial.staff.videha@gmail.com पर पठाउ।

८.विदेह मिथिलाक खोज

विदेह मिथिलाक खोज

वि दे ह विदेह Videha বিদেহ http://www.videha.co.in विदेह प्रथम मैथिली पाक्षिक ई पत्रिका Videha Ist Maithili Fortnightly ejournal विदेह प्रथम मैथिली पाक्षिक ई पत्रिका नव अंक देखबाक लेल पृष्ठ सभकेँ रिफ्रेश कए देखू। Always refresh the pages for viewing new issue of VIDEHA.

प्रस्तुत अछि विदेह, मिथिला, तीरभुक्ति आ तिरहुतक नामसँ विख्यात वर्त्तमान भारत आ नेपालमे पसरल माटिक प्राचीन आ नव स्थापत्य, चित्रांकित अभिलेख आ मूर्त्तिकलाक एकटा छोट संग्रह। ऐ संग्रहकेँ पूर्ण करबाक हेतु अपन बहुमूल्य संग्रह editorial.staff.videha@gmail.com कैँ पठाउ। आर्काइवक सर्वाधिकार रचनाकार, सम्बन्धित फोटोग्राफर आ संग्रहकर्त्ताक लगमे छन्हि। फोटो सभ पठेबा लेल धन्यवाद पाठकगण। साभार। विशेष विवरण देखबा लेल क्लिक करू, ***दर्शनीय मिथिला**, **Brochure 1**, **Brochure 2**, **Brochure 3** , **Brochure 4**, **Brochure 5** (**मैथिली साहित्य संस्थान लिंक**), **IGNCA ASI** (**Cultural Heritage of Mithila-** search keyword Mithila), **Temple Survey Project ASI- English** आ **Hindi** . पूर्णतः अव्यवसायिक उद्देश्य आ मात्र एकेडमिक प्रयोग लेल।*

भुवनेश्वरी भगवतीपुर (Madhubani, Bihar) बौद्ध तारा सँ समानता नाकमे कुण्डल देखू

सूर्य भगवतीपुर (Madhubani Bihar)

विष्णु भगवतीपुर (Madhubani, Bihar)

दुर्गा, पोखरिसँ भेटल, ओतहि बहेरी मन्दिर (बजारसँ दक्षिण)मे स्थापित

हरद्वार मन्दिर घनश्यामपुर (दरभंगा)- चोरि भऽ गेल

गौरीशंकर, जमथरि, हैंठी बाली, मधुबनी

 गौरीशंकर, जमथरि, हैंठी बाली, मधुबनी	 गौरीशंकर, जमथरि, हैंठी बाली, मधुबनी	 गौरीशंकर, जमथरि, हैंठी बाली, मधुबनी
 गौरीशंकर, जमथरि, हैंठी बाली, मधुबनी	 गौरीशंकर, जमथरि, हैंठी बाली, मधुबनी	 बाइसी-बसैटी, अररिया मिथिलाक्षर ताम्रलेख
 बाइसी-बसैटी, अररिया मिथिलाक्षर ताम्रलेख	 बाइसी-बसैटी, अररिया मिथिलाक्षर ताम्रलेख	 बाइसी-बसैटी, अररिया मिथिलाक्षर ताम्रलेख
 धरहरा, बनमनखी, पूर्णियाँ, नरसिंह अवतार	 धरहरा, बनमनखी, पूर्णियाँ, नरसिंह अवतार	 पूरणदेवी, पूर्णियाँ

 बिदेश्वर स्थान अभिलेख, मधुबनी	 अन्ध्राठाढी अभिलेख, मधुबनी	 बुद्ध अष्टधातु, सिसव बसंतपुर, ब गहा
 12 शताब्दी, कोइलख, मधुबनी	 अग्नि बिदेश्वर स्थान, मधुबनी बुद्ध , मुंगेर	 अहिल्या स्थान
 अन्ध्राठाढी, मधुबनी	 अशोक स्तंभ, बसाढ, वैशाली	 बुद्ध
 अवलोकितेश्वर तारा, भागलपुर	 बसाढ, वैशाली	 बुद्ध भूमिस्पर्श
 बुद्ध, ताम्र	 बुद्ध मस्तक, सुलतानगंज	 वैशाली मूर्त्ति

 चामुण्डा नाग-नागिनी, मुंगेर	 मुकुटधारी बुद्ध, अंतीचक, भागलपुर	 नाचैत गणेश, 10म शताब्दी, दरभंगा
 दरभंगा म्युजियम	 दरभंगा म्युजियम	 दुर्गा, कार्त्तिकेय
 10म शताब्दी, भीट भगवानपुर, अन्ध्रा ठाढी	 गणेश बुद्ध	 गौतम बुद्ध, वैशाली
 हरिहर बुद्ध	 चिड़ैकैं खुआबैत महिला, राजमहल	 लौरिया नन्दनगढ, अशोक स्तंभ
 लोमश सुदामा गुफा	 मुंगेर	 नागराज तीर्थंकर

कुमारिल भटट फेकेलाह, नालन्दा	विक्रमशिला विश्वविद्यालय, भागलपुर	ठाढ बुद्ध
पार्वती	रामायण	रामपुरवा वृषभ
रामपुरवा	बुद्धक अवशेष	संकिसा
सप्तमातृका	 सर्वतो भद्र मण्डल	 सूर्य
सूर्य	सूर्यक संगी	 सूर्य, मधुबनी आ भागलपुर

मूर्त्ति

मूर्त्ति

मूर्त्ति, वैशाली

उमा माहेश्वर, कल्याणसुन्दर

वैशाली वृषभ शीर्ष

वैशाली, शालभंजिका भागलपुर

विष्णु बुद्धा

पाँखियुक्त महिला

अहिल्या

अष्टयोगिनी मन्दिर, सहरसा

बनगंगा

दरभंगा

दरभंगा नगर, 1934

दरभंगा मेडिकल कॉलेज

दुल्हदुल्हिन मन्दिर, जनकपुर

गण्डीश्वर

गंगासागर पोखरि, मधुबनी

हनुमान मन्दिर, मधुबनी

हरिहरस्थान

मधुबनी हॉस्पीटल

जनकपुर जानकी मन्दिर

जानकी मन्दिर

जानकी मन्दिर, सीतामढी

जानकी मन्दिर, सीतामढी

जिला स्वास्थ्य कार्यालय राजबिराज, नेपाल

कलनेश्वर बाबा

कपिलेश्वर

कोषलेखाकार्यालय, राजबिराज, नेपाल

मिथिला विश्वविद्यालय, दरभंगा

लक्ष्मीश्वर पैलेस, 1934

 माध्यमिकविद्यालय , जनकपुर	 महेन्द्र चौक, जनकपुर	 जनकपुर मंडप
 मिथिला, 1988 भूकम्प	 पगलाबाबा धर्मशाला, जनकपुर, नेपाल	 पंडौल अहल्या
 मधुबनी बस स्टैंड	 राज हेड ऑफिस, 1934	 राज हॉस्पीटल, दरभंगा, 1934
 सौराठ सभा	 शिव मन्दिर, 1934	 शिवशंकर सिनेमा, मधुबनी
 श्यामा मन्दिर	 विद्यापति मूर्त्ति, बिस्फी	 उग्रतारा, तारास्थान, महिषी, सहर सा

विद्यापति स्मारक, बिस्फी

विस्फी, उदना महादेव

बिस्फी, विश्वेश्वरी भगवती

अहल्या मन्दिर, अहियारी

अशोक स्तंभ, वैशाली

स्तूप अशोक स्तंभ, वैशाली

बलिराजपुर किला पूर्वी गेट

बलिराजपुर किला मीनार

चण्डी स्थान, बिराटपुर, सहरसा

गाँधी पोखरि, ढाका, मोतिहारी

गाँधी विद्यालय, ढाका, मोतिहारी

गिरिजा स्थान, मधुबनी

हरिहर मन्दिर, सोनपुर

जैन मन्दिर, भागलपुर

जैन मन्दिर, वैशाली

कमलादित्य स्थान

कपिलेश्वर शिव मन्दिर

लौरिया नन्दनगढ

मदनेश्वर शिव मन्दिर

मन्दार पर्वत, बाँका

मोतिहारी सत्याग्रह स्मारक

परमेश्वरी मन्दिर, ठाढी, मधुबनी

रामजानकी मन्दिर, सीतामढी

सत्याग्रह स्मारक, सीतामढी

शांति स्तूप, वैशाली

उच्चैठ भगवती

उच्चैठ मन्दिर

सिंघेश्वर स्थान, मधेपुरा

सूर्यधाम, परसा

उग्रतारा मन्दिर, महिषी, सहरसा

वैशाली स्तूप

विक्रमशिला विश्वविद्यालय, भागलपुर

विराटपुर मन्दिर, मधेपुरा

वृषभ शीर्ष, रामपुरवा

सिंह शीर्ष, रामपुरवा

शरभ, नेपाल

पाँखियुक्त देवी, वैशाली

बाबा बडेश्वर, देवना, बनगाँव

वट वृक्ष, बनगाँव

भगवान विष्णु, देवना, बनगाँव

शास्त्रार्थ स्थल,तारास्थान महिषी

शास्त्रार्थ स्थल,तारास्थान महिषी

तारास्थान महिषी

माता तारा, तारास्थान महिषी

उग्रतारा (खादर वाणी तारा) मूर्ति, महिषी

वशिष्ठ मुनि, तारास्थान महिषी	आवर्धित काली उच्चैठ	बौद्धदेवी तारा वारी समस्तीपुर
भगवती देकुली	भगवती गिरिजा फुल्हर	भगवती मृणमूर्ति गन्धबारि
भगवती वारी समस्तीपुर	भुवनेश्वरी कोर्थ	देवीकाली कोर्थ
गंगामूर्ति नगरडीह दरभंगा	गोसाउनि मन्दिर कोर्थ	हैहट्ट देवी हाबीडीह
काली उच्चैठ	महिषासुरमर्दिनी बहेरी दरभंगा	महिषासुरमर्दिनी हाबीडीह

महिषासुरमर्दिनी नाहर-भगवतीपुर

उमा म्लेच्छमर्दिनी मिर्जापुर दरभंगा

यमुना भैरव बलिया मधुबनी

भैरव, भैरव-बलिया

नटराज, तारालाही

शिव-पार्वती मन्दिर, कपिलेश्वरस्थान

शिव-पार्वती मन्दिर, कपिलेश्वरस्थान

शिव मन्दिर, सिंगिया, विस्पी

उमामाहेश्वर, महादेवमठ

उमामाहेश्वर, तिरहुत

विष्णु, भवानीपुर

विष्णु, भीठ भगवानपुर

विष्णु, जयनगर

विष्णु, लदहो

		विष्णु, साहो-परसी, हाबीडीह
शेषशायी विष्णु, सवास, मुजफ्फरपुर	वराह मूर्ति, तिलकेश्वरस्थान	मिथिलाक्षर अभिलेख, विष्णु बुद्ध मूर्ति
भगवती उच्चैठ, बेनीपट्टी	भगवती वाणेश्वरी, भंडारीसम	चामुण्डा मन्दिर, कटरा, मुजफ्फर पुर
अष्टभुज गणेश, हाबीडीह	अष्टभुज गणेश, कोर्थ	गंगा, आन्ध्रा-ठाढ़ी
महिषासुरमर्दिनी, दुर्गा	म्लेच्छमर्दिनी मन्दिर, मिर्जापुर, द रभंगा	नटराज

 राममन्दिर, अहिल्यास्थान	 सेहनी, वैशाली, विष्णु तिलक-यज्ञोपवीतधारी	 रूपनगर शिव मन्दिर
 सूर्य, देकुली	 सूर्य मूर्ति, डिलाही	 सूर्य मूर्ति, विष्णु, बरुआर
 उमामाहेश्वर	 यमुना, आन्ध्रा-ठाढ़ी	 सिमरौनागढ़ मूर्ति
 आदि काली, चैनपुर सहरसा चैनपुर सहरसा- मिथिलाक एकमात्र नीलकंठ मन्दिर, संगमे आदिकालीन भव्य काली- मन्दिर सेहो एहि गाममे अछि। महा शिवरात्रि आ कालीपूजा बड़ धूमधाम सँ चैनपुरमे होइत अछि।	 त्योथागढ़क स्वामी माध्वानन्द कौलाचार्य काली मन्दिर त्योथा गढ़ लग। पुरान गढ़। एकर पूबमे ब्रह्मपुराक बाबा हरिहरनाथ महादेव मन्दिर आ दक्षिणमे उच्चैठ भगवती छथि।	 त्योथागढ़क दसमुखी काली त्योथा गढ़ लग। पुरान गढ़। एकर पूबमे ब्रह्मपुराक बाबा हरिहरनाथ महादेव मन्दिर आ दक्षिणमे उच्चैठ भगवती छथि।

 कोइलख (मधुबनी) देवीक मन्दिर	 अकौर, बेनीपट्टी, भगवती दुर्गा, भगवतीपीठ	 अकौर, बेनीपट्टी, भगवती दुर्गा, भगवतीपीठ
 १.अष्टभुज गणेश, कोर्थ २.शिव मन्दिर, सिंघिया, बिस्फी	 १. बौद्ध देवी तारा, वारी, समस्तीपुर २.उग्रतारा मन्दिर, महिषी, सहरसा	 १.भगवती, वारी २.भगवती, देकुली
 १. भगवती गिरिजा, फुलहर २.काली, उच्चैठ	 १. भैरव, भैरव बलिया २. उमामाहेश्वर, महादेवमठ	 १. देवीकाली, कोर्थ २. गुसाउनिस्थल मन्दिर, कोर्थ
 १. गणेश, लहेरियासराय २.उमामाहेश्वर ३. नटराज, ४. विष्णु, तिलक, जनउ धारी, सेहान, वैशाली	 १. गंगा मूर्ति, नगरडीह, दरभंगा २. भगवती मृण्मूर्ति, गन्धवारि	 १. हैहट्ट देवी, हाबीडीह २.भुवनेश्वरी, कोर्थ

१. कथित काली, उच्चैठ, २.अष्टभुज गणेश, कोर्थ

१. महिषासुर मर्दिनी, हाबीडीह, २ .उमा, म्लेच्छमर्दिनी, मिर्जापुर, दरभंगा

१.महिषासुरमर्दिनी, भगवतीपुर, नाहर, महिषासुर मर्दिनी, बहेरी, दरभंगा

१. म्लेच्छमर्दिनी भगवती, मिर्जापुर, दरभंगा २. राम मन्दिर, अहिल्यास्थान

१. म्लेच्छमर्दिनी भगवती, मिर्जापुर, दरभंगा २.सिंहेश्वर स्थान, मधेपुरा

१. नटराज, तारालाही २. उमामाहेश्वर

१_शेषसायी, सवास, मुजफ्फरपुर, २_नटराज_तारालाही ३_ भगवती ४_ उमा माहेश्वरी

१-
शिव पार्वती मन्दिर, कपिलेश्वर स्थान २. सूर्य मूर्ति डिलाही

१_ सूर्यमूर्ति, विष्णु बरुआर २. गंगा, आन्ध्रा ठाढ़ी

१_उच्चैठ भ्हगवती, बेनीपट्टी २_महिषासुरमर्दिनी, दुर्गा ३_ चामुण्डा मन्दिर, कटरा, मुजफ्फरपुर ४._भगवती वानेश्वरी, भण्डारिसम

१. वराहमूर्ति, तिलकेश्वरस्थान, २. विष्णु, भवानीपुर

१. विष्णु, जयनगर २.विष्णु, भीठ भगवानपुर

 १_विष्णु, लदहो, २.सूर्य, देकुली	 १_विष्णु_साहो परड़ी, स्थापित-हाभीडीह २.बुद्ध- विष्णु मूर्ति अभिलेख	 १_विष्णु, सेहान, २_वराह ३_गणेश ४.शिव मन्दिर_रूपनगर
 १_यमुना, आन्ध्रा ठाढ़ी, २.अष्टभुज गणेश, हाबीडीह	 १_यमुना, भैरव बलिया, २_शेषसायी, सवास, मुजफ्फरपुर, ३_नटराज_तारालाही ४_ भगवती ५_ उमा माहेश्वरी	 कथित, काली, उच्चैठ, बेनीपट्टी
 मूर्ति (मिथिला क्षेत्र)	 सम्भवतः सूर्य	 वेणुगोपाल, मिथिला
 विष्णु, जाले, दरभंगा	 विष्णु	 विष्णु, ओझौल, दरभंगा

मिथिलाक खोज

ई आलेख हमर दशकसँ ऊपरक मिथिलाक यात्राक उपरान्तक सूत्र-वृत्तान्त अछि आ ऐमे ऐ सभ स्थानक स्थानीय निवासी आ गाइड सभक अकथनीय योगदान छन्हि । कखनो कालतँ भाड़ाक गाड़ीक ड्राइवर लोकनि सेहो नीक गाइड सिद्ध भेला।-गजेन्द्र ठाकुर

"मिथिलायदयश्च मध्यंते रिपवो इति मिथिला नगरी" - मिथिला जतऽ शत्रुकेँ मथल जाइत अछि- पाणिनीक विवरण।

किला आ गढ़

बलिराजपुर किला- मधुबनी जिलाक बाबूबरही प्रखण्डसँ ५ किलोमीटर पूब बलिराजपुर गाम अछि। एकर दक्षिण दिशामे एकटा पुरान किलाक अवशेष अछि। किला चारि किलोमीटर नमगर आ एक किलोमीटर चाकर अछि। दस फीटक मोट देबालसँ ई घेरल अछि।

असुरगढ़ किला- मिथिलाक दोसर किला मधुबनी जिलाक पूब आ उत्तर सीमा पर तिलयुगा धारक कातमे महादेव मठ लग ५० एकड़मे पसरल अछि।

जयनगर किला- मिथिलाक तेसर किला अछि भारत नेपाल सीमा पर प्राचीन जयपुर आ वर्त्तमान जयनगर लग। दरभंगा लग पंचोभ गामसँ प्राप्त ताम्र अभिलेख पर जयपुर केर वर्णन अछि।

नन्दनगढ़- बेतियासँ १२ मील पश्चिम-उत्तरमे ई किला अछि। तीन पंक्तिमे १५ टा ऊँच डीह अछि।

लौरिया-नन्दनगढ़- नन्दनगढ़सँ उत्तर स्थित अछि, एतऽ अशोक स्तंभ आ बौद्ध स्तूप अछि।

देकुलीगढ़- शिवहर जिलासँ तीन किलोमीटर पूब हाइवे केर कातमे दू टा किलाक अवशेष अछि। चारू दिस खधाइ अछि।

कटरागढ़- मुजफ्फरपुरमे कटरा गाममे विशाल गढ़ अछि, देकुली गढ़ जकाँ चारू कात खधाइ खुनल अछि।

नौलागढ़-बेगुसरायसँ २५ किलोमीटर उत्तर ३५० एकड़मे पसरल ई गढ़ अछि।

जयमंगलगढ़- बेगूसरायमे बरियारपुर थानामे काबर झीलक मध्य एकटा ऊँच डीह अछि। एतऽ ई गढ़ अछि। नाओकोठी (मझौल) गाम लग ई गढ़ अछि।

मंगलगढ़- समस्तीपुर जिलामे हसनपुर ब्लॉकमे दुधपुरा बजार लग देओढ गाम लग। भगवान बुद्धक उपदेश एतऽ भेल, स्थानीय राजा मंगलदेवक आग्रहपर बुद्ध किछु दिन एतऽ निवास सेहो केलन्हि।

अलौलीगढ़- खगड़ियासँ १५ किलोमीटर उत्तर अलौली गाम लग १०० एकड़मे पसरल ई गढ़ अछि।

कीचकगढ़- पूर्णिया जिलामे डेंगरघाटसँ १० किलोमीटर उत्तर महानन्दा नदीक पूबमे ई गढ़ अछि।

बेनूगढ़- टेढ़गाछ थानामे कवल धारक कातमे ई गढ़ अछि।

वरिजनगढ़- बहादुरगंजसँ छह किलोमीटर दक्षिणमे लोनसवरी धारक कातमे ई गढ़ अछि।

नेऊरी- दरभंगाक बिरौल प्रखण्डसँ १३ किलोमीटर पश्चिममे एकटा गढ़ अछि जे लोरिकक मानल जाइत अछि।

बुद्ध

कुन्दग्राम- हाजीपुरसँ बत्तीस किलोमीटर उत्तर-पूर्वमे बसाढ़-वैशाली आ लगमे वासोकुण्ड लग गाम गढ़-टीलासँ २ कि.मी. उत्तर-पूर्व अछि कुन्दग्राम , जतऽ जैनक २४म तीर्थंकर महावीरक जन्म भेल छलन्हि। एतऽ बुद्धक छाउर, अभिषेक पुषकरणी (राजा अभिषेकसँ पूर्व एतऽ नहाइत रहथि), अशोक स्तम्भ आ संसद-भवन (राजा विशालक गढ़) अछि।

पजेबागढ़ वनही टोल- एतऽ एकटा बुद्ध मूर्त्ति भेटल छल, मुदा ओकर आब कोनो पता नै अछि। ई स्थल सेहो रखबारी गामक लगे अछि।

मंगलगढ़- समस्तीपुर जिलामे हसनपुर ब्लॉकमे दुधपुरा बजार लग देओढ गाम लग। भगवान बुद्धक उपदेश एतऽ भेल, स्थानीय राजा मंगलदेवक आग्रहपर बुद्ध किछु दिन एतऽ निवास सेहो केलन्हि।

मुसहरनियां डीह- अंधरा ठाढ़ीसँ ३ किलोमीटर पश्चिम पस्टन गाम लग एकटा ऊँच डीह अछि। बुद्धकालीन एकजनियाँ कोठली, बौद्धकालीन मूर्त्ति, पाइ, बर्त्तनक टुकड़ी आ पजेबाक अवशेष एतऽ अछि।

अकौर- मधुबनीसँ २० किलोमीटर पश्चिम आ उत्तरमे अकौर गाममे एकटा ऊँच डीह अछि, जतऽ बौद्धकालक मूर्त्ति अछि।

लौरिया-नन्दनगढ़- नन्दनगढ़सँ उत्तर स्थित अछि, एतऽ अशोक स्तंभ आ बौद्ध स्तूप अछि।

विक्रमशिला- भागलपुरमे स्थित प्राचीन विश्वविद्यालय। भागलपुर जिलाक अंतीचक गाममे राजा धर्मपालक बनाओल बुद्ध विश्वविद्यालय अछि। १०८ व्याख्याता लेल रहबाक स्थान आ बाहरसँ पढ़य बला लेल सेहो स्थान एतऽ निर्मित अछि।

चम्पानगर- भागलपुरक पश्चिममे, आब नगरसँ सटि गेल अछि। ई जैन लोकनिक एकटा पवित्रस्थल अछि, एतऽ महावीर तीनटा बस्सावास केने रहथि। दू टा जैन मन्दिर एतऽ अछि, जे जैनक बारहम तीर्थंकर वासुपूज्य नाथकेँ समर्पित अछि। महावीर विदेहमे छह टा बस्सावास बितेलन्हि। बर्खा ऋतुमे चारि मास एक ठाम निवासकेँ बस्सावास कहल जाइ छल। बुद्ध एकोटा बस्सावास विदेहमे नै बितेलन्हि, मुदा वैशाली नगरीमे आम्रपालीक उद्यानमे लिच्छवीगणकेँ सन्देश देने छला। आम्रपालीसँ भिक्षा ग्रहण कऽ बुद्ध गेला वेणुमती करय चारि मासक बस्सावास।

अभिलेख

गौरी-शंकर स्थान, मधुबनी जिलाक जमथरि गाम आ हैंठी बाली गामक बीच ई स्थान गौरी आ शङ्करक सम्मिलित मूर्त्ति आ ऐपर मिथिलाक्षरमे लिखल पालवंशीय अभिलेख। बिदेश्वरस्थानसँ २-३ किलोमीटर उत्तर दिशामे ई स्थान अछि।

भीठ-भगवानपुर अभिलेख- राजा नान्यदेवक पुत्र मल्लदेवसँ संबंधित अभिलेख एतऽ अछि। मधुबनी जिलाक मधेपुर थानामे ई स्थल अछि।

भगीरथपुर- पण्डौल लग भगीरथपुर गाममे अभिलेख अछि जइसँ ओइनवार वंशक अंतिम दुनू शासक रामभद्रदेव आ लक्ष्मीनाथक प्रशासनक विषयमे सूचना भेटैत अछि।

मंदार पर्वत- बांका स्थित स्थलमे मिथिलाक्षरक गुप्तवंशीय ७म् शताब्दीक अभिलेख अछि। समुद्र मंथनक हेतु मंदारक प्रयोग भेल छल। निकटमे बौंसीमे जैनक बारहम तीर्थंकर वासुपूज्य नाथक दूटा मूर्त्ति अछि, पैघ मूर्ति लाल पाथरक अछि तँ दोसर काँसाक जकर सोझाँ दूटा पदचिन्ह अछि। जैनक बारहम तीर्थंकर वासुपूज्य नाथक जन्म चम्पानगरमे आ निर्वाण एत्तै भेल छलन्हि।

बिदेश्वर- मधुबनी जिलामे लोहनारोड स्टेशन लग स्थित शिवधामक स्थापना महाराज माधवसिंह केलन्हि। तइ युगक मिथिलाक्षरक अभिलेख सेहो एतऽ अछि।

बसैटी (बाइसी-बसैटी), अररिया अभिलेख - पूणियाँमे श्रीनगर लग मिथिलाक्षरक ई अभिलेख मिथिलाक पहिल महिला शासक रानी इद्रावतीक राज्यकालक वर्णन करैत अछि। रानी इन्द्रावती (१७८४-१८०२) जे अकालक समय फूड-फॉर-वर्क आ अन्य कल्याणकारी कार्यक प्रारम्भ केने रहथि।

जयनगर किला- मिथिलाक तेसर किला अछि भारत नेपाल सीमा पर प्राचीन जयपुर आ वर्त्तमान जयनगर लग। दरभंगा लग पंचोभ गामसँ प्राप्त ताम्र अभिलेख पर जयपुर केर वर्णन अछि।

विष्णु

हुलासपट्टी- मधुबनी जिलाक फुलपरास थानाक जागेश्वर स्थान लग हुलासपट्टी गाम अछि। कारी पाथरक विष्णु भगवानक मूर्त्ति एतऽ अछि।

पिपराही- लौकहा थानाक पिपराही गाममे विष्णुक मूर्त्तिक चारू हाथ भग्न भऽ गेल अछि।

मधुबन- पिपराहीसँ १० किलोमीटर उत्तर नेपालक मधुबन गाममे चतुर्भुज विष्णुक मूर्त्ति अछि।

कमलादित्य स्थान- अंधरा ठाढ़ी लगमे कमलादित्य स्थानक विष्णु मंदिर कर्णाट राजा नान्यदेवक मंत्री श्रीधर दास द्वारा स्थापित भेल।

झंझारपुर अनुमण्डलक रखबारी गाममे वृक्षक नीचाँ राखल विष्णु मूर्त्ति, गांधारशैली मे बनाओल गेल अछि।

मटिहानी- विष्णु मन्दिर

जनकपुर- बृहद् विष्णुपुराणमे मिथिलामाहात्म्यमे जनकपुर क्षेत्रक वर्णन अछि। सत्रहम शताब्दीमे संत सूर किशोरकेँ अयोध्यामे सरयू धारमे राम आ जानकीक दू टा भव्य मूर्त्ति भेटलन्हि, जकरा ओ जानकी मन्दिर, जनकपुरमे स्थापित कऽ देलन्हि। वर्त्तमान मन्दिरक स्थापना टीकमगढ़क महारानी द्वारा १९११ ई. मे भेल। नगरक चारूकात यमुनी, गेरुखा आ दुग्धवती धार अछि। राम नवमी (चैत्र शुक्ल नवमी),जानकि नवमी (वैशाख शुक्ल नवमी) आ विवाह पंचमी (अगहन शुक्ल पंचमी) पर एतऽ मेला लगैए।

अंधरा-ठाढ़ीक स्थानीय वाचस्पति संग्रहालय- गौड़ गामक यक्षिणीक भव्य मूर्त्ति एतऽ राखल अछि।

गौतम तीर्थ- कमतौल स्टेशनसँ ६ किलोमीटर पश्चिम ब्रह्मपुर गाम लग एकटा गौतम कुण्ड पुष्करणी अछि।

मुंगेरक पूब 'सीता-कुण्ड'गर्म कुण्ड अछि, सीता जी एत्तै पृथ्वीमे समाहित भेल छली। ठंढ़ा जलक कुण्ड 'रामकुण्ड', लक्ष्मण कुण्ड, भरत कुण्ड, आ शत्रुघ्न कुण्ड सेहो अछि, भैयारीमे बड्ड मिलान। से मिलान बाबू गढ़ नारिकेलमे सेहो छै, बेसी पढ़ल लिखल गाममे से आब कहाँ?

हलावर्त्त- जनकपुरसँ ३५ किलोमीटर दक्षिण पश्चिममे सीतामढ़ी नगरमे हलवेश्वर शिव मन्दिर आ जानकी मन्दिर अछि। एतसँ डेढ़ किलोमीटर पर पुण्डरीक क्षेत्रमे सीताकुण्ड अछि। हलावर्त्तमे जनक द्वार हर चलेबा काल सीता भेटलि छली। राम नवमी (चैत्र शुक्ल नवमी) आ जानकी नवमी (वैशाख शुक्ल नवमी) पर एतऽ मेला लगैए।

फुलहर-मधुबनी जिलाक हरलाखी थानामे फुलहर गाममे जनकक पुष्पवाटिका छल जतऽ सीता फूल लोढ़ै छली।

धनुषा- जनकपुरसँ १५ किलोमीटर उत्तर धनुषा स्थानमे पीपरक गाछक नीचाँ एकटा धनुषाकार खण्ड पड़ल अछि। रामक तोड़ल ई धनुष अछि। ऐसँ पूब वाणगंगा धार बहैए जे लक्ष्मण द्वारा वाणसँ उद्घाटित भेल छल।

सुग्गा- जनकपुर लग जलेश्वर शिवधामक समीप सुग्गा ग्राममे शुकदेवजीक आश्रम अछि। शुकदेवजी जनकसँ शिक्षा लेबाक हेतु मिथिला ऐल छला- ऐ ठाम हुनका ठहरेबाक व्यवस्था भेल छल।

सिंहेश्वर- मधेपुरासँ ५ किलोमीटरपर गौरीपुर गाम लग सिंहेश्वर शिवधाम अछि।

कपिलेश्वर- कपिल मुनि द्वार स्थापित महादेव मधुबनीसँ ६ किलोमीटर पश्चिममे अछि।

कुशेश्वर- समस्तीपुरसँ उत्तर-पूब, लहेरियासरायसँ ६० किलोमीटर दक्षिण-पूब आ सहरसासँ २५ किलोमीटर पश्चिम ई एकटा प्रसिद्ध शिवस्थान अछि। एतऽ चिड़ै-अभ्यारण्य सेहो अछि जतऽ उज्जर आ कारी गैबर, लालसर, दिघौछ, मैल, नकटा, गैरी, गगन, सिल्ली, अधानी, हरिअल, चाहा, करन, रतबा चिड़ै सभ नवम्बरसँ मार्च धरि देखबामे अबैए।

सिमरदह- थलवारा स्टेशन लग शिवसिंह द्वारा बसाओल शिवसिंहपुर गाम लग ई शिवमन्दिर अछि।

सोमनाथ- मधुबनी जिलाक सौराठ गाममे सभागाछी लग सोमदेव महादेव छथि।

मदनेश्वर- मधुबनी जिलाक अंधरा ठाढ़ीसँ ४ किलोमीटर पूब मदनेश्वर शिव स्थान अछि।

चण्डेश्वर- झंझारपुरमे हरड़ी गाम लग चण्डेश्वर ठाकुर द्वारा स्थापित चण्डेश्वर शिवस्थान अछि।

शिलानाथ- जयनगर लग कमला धारक कातमे शिलानाथ महादेव छथि।

उग्रनाथ- मधुबनीसँ दक्षिण पण्डौल स्टेशन लग भवानीपुर गाममे उगना महादेवक शिवलिंग अछि। विद्यापतिकेँ प्यास लगलन्हि तँ उगनारूपी महादेव जटासँ गंगाजल निकालि जल पियेलखिन्ह। विद्यापतिक हठ केलापर ऐ स्थान पर उगना हुनका अपन असल शिवरूपक दर्शन देलखिन्ह।

उच्चैठ छिन्नमस्तिका भगवती- कमतौल स्टेशनसँ १६ किलोमीटर पूर्वोत्तर उच्चैठमे कालिदास भगवतीक पूजा करैत छला। भगवतीक मौलिक मूर्त्ति मस्तक विहीन अछि।

उग्रतारा- मण्डन मिश्रक जन्मभूमि महिषीमे मण्डनक गोसाउनि उग्रतारा छथि।

भद्रकालिका- मधुबनी जिलाक कोइलख गाममे भद्रकालिका मंदिर अछि।

चामुण्डा- मुजफ्फरपुर जिलामे कटरागढ़ लग लक्ष्मणा वा लखनदेइ धार लग दुर्गा द्वारा चण्ड-मुण्डक वध कएल गेल। ओइ स्थानपर ई मन्दिर अछि।

परसा सूर्य मन्दिर- झंझारपुरमे सग्रामसँ पाँच किलोमीटर पूर्व परसा गाममे साढ़े चारि फीटक भव्य सूर्य मूर्त्ति भेटल अछि।

चैनपुर सहरसा- मिथिलाक एकमात्र नीलकंठ मन्दिर, संगमे आदिकालीन भव्य काली-मन्दिर सेहो ऐ गाममे अछि। महाशिवरात्रि आ कालीपूजा बड़ धूमधामसँ चैनपुरमे होइत अछि।

धरहरा, बनमनखी, पूर्णियाँमे नरसिंह अवतारक स्थान अछि, एकटा खोह जकाँ पैघ पाया अछि जइमे जे किछु फेकबै तँ बड़ी काल धरि गों-गोँ अबाज होइत रहत। ई स्थान आब नरसिंह भगवानक मूर्ति आ मन्दिरक कारणसँ बेस विकसित भऽ गेल अछि। एत्तै नरसिंह पाया फाड़ि अवतरित भेल छला।

बिसफी- मधुबनी जिलाक बेनीपट्टी थानामे कमतौल रेलवे स्टेशनसँ ६ किलोमीटर पूब आ कपिलेश्वर स्थानसँ ४ किलोमीटर पश्चिम बिसफी गाम अछि। ज्योतिरीश्वर पूर्व महाकवि विद्यापतिक जन्म-स्थान ई गाम अछि।

मिथिलाक बीस टा सिद्ध पीठ- १.गिरिजास्थान (फुलहर, मधुबनी), २.दुर्गास्थान (उचैठ, मधुबनी), ३.रहेश्वरी (दोखर, मधुबनी), ४.भुवनेश्वरीस्थान (भगवतीपुर, मधुबनी), ५. भद्रकालिका (कोइलख, मधुबनी), ६.चमुण्डा स्थान (पचाही, मधुबनी), ७.सोनामाइ (जनकपुर, नेपाल), ८.योगनिद्रा (जनकपुर, नेपाल), ९.कालिका स्थान (जनकपुर स्थान), १०.राजेश्वरी देवी (जनकपुर, नेपाल), ११.छिनमस्ता देवी (उजान, मधुबनी), १२.बनदुर्गा (खररख, मधुबनी), १३.सिधेश्वरी देवी (सरिसव, मधुबनी), १४.देवी-स्थान (अंधरा ठाढ़ी, मधुबनी), १५.कंकाली देवी (भारत नेपाल सीमा आ रामबाग प्लेस, दरभंगा), १६.उग्रतारा (महिषी, सहरसा), १७.कात्यानी देवी (बदलाघाट, सहरसा), १८.पुरन देवी(पूर्णियाँ), १९.काली स्थान (दरभंगा), २०.जैमंगलास्थान(मुंगेर), ५२. जनकपुर परिक्रमाक १५ स्थल आ ओतुक्का मुख्य देवता १. हनुमाननगर- हनुमानजी, २.कल्याणेश्वर- शिवलिंग, ३.गिरिजा-स्थान- शक्ति, ४.मटिहानी- विष्णु मन्दिर, ५.जालेश्वर- शिवलिंग, ६.मनाई- माण्डव ऋषि, ७. श्रुव कुण्ड- ध्रुव मन्दिर, ८.कंचन वन- कोनो मन्दिर नै मात्र मनोरम दृश्य, ९.पर्वत- पाँच टा पर्वत, १०.धनुषा- शिव धनुषक टुकड़ी, ११.सतोखड़ी- सप्तर्षिक सात टा कुण्ड, १२.हरुषाहा- विमलागंगा, १३. करुणा- कोनो मन्दिर नै मात्र मनोरम दृश्य, १४. बिसौल- विश्वामित्र मन्दिर आ १५.जनकपुर।

दरभंगा कैथोलिक चर्च- १८९१मे स्थापित ई चर्च १८९७ केर भूकम्पमे क्षतिग्रस्त भऽ गेल। एकरा होली रोजेरी चर्च सेहो कहल जाइए। सेंट फांसिस ऑसिसी चर्च मुजफ्फरपुरमे अछि।

भिखा सलामी मजार- गंगासागर पोखरि दरभंगाक महारपर ई मजार अछि। मकदूम बाबाक मजार:ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय आ कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालय दरभंगाक बीच स्थित ई मजार हिन्दू आ मुस्लिम मतावलम्बीक एकटा पावन स्थान अछि। दरभंगा टावर मस्जिद इस्लाम मतावलम्बीक एकटा भव्य मस्जिद आ धार्मिक स्थल अछि।

९.विदेह मिथिला रत्न

विदेह मिथिला रत्न

वि दे ह विदेह Videha बिदेह http://www.videha.co.in विदेह प्रथम मैथिली पाक्षिक ई पत्रिका Videha Ist Maithili Fortnightly ejournal विदेह प्रथम मैथिली पाक्षिक ई पत्रिका नव अंक देखबाक लेल पृष्ठ सभकेँ रिफ्रेश कए देखू। Always refresh the pages for viewing new issue of VIDEHA.

भारत आ नेपालक माटिमे पसरल मिथिलाक धरती प्राचीन कालेसँ महान पुरुष ओ महिला लोकनिक कर्मभूमि रहल अछि। प्रस्तुत अछि मिथिला रत्नक एकटा छोट संग्रह। ऐ संग्रहकेँ पूर्ण करबाक हेतु अपन बहुमूल्य संग्रहकेँ editorial.staff.videha@gmail.com केँ पठाउ। आर्काइवक सर्वाधिकार रचनाकार, सम्बन्धित फोटोग्राफर आ संग्रहकर्ताक लगमे छन्हि। फोटो सभ पठेबा लेल धन्यवाद पाठकगण। साभार। पूर्णतः अव्यवसायिक उद्देश्य आ मात्र एकेडमिक प्रयोग लेल। विशेष विवरण देखबा लेल क्लिक करू VIDEHA_346, VIDEHA_347, VIDEHA_366 *आ* **मिथिला रत्न/ मिथिला चित्रकला/ मिथिलाक पाबनि तिहार (कथा) आ मिथिलाक संगीत** |



वैदिक जनक

'वैदेह राजा' ऋगवेदिक कालक नमी सप्याक नामसँ छलाह, यज्ञ करैत सदेह स्वर्ग गेलाह, ऋगवेदमे वर्णन अछि। ओ इन्द्रक संग देलन्हि असुर नमुचीक विरुद्ध आ ताहिमे इन्द्र हुनका बचओलन्हि। शतपथ ब्राह्मणक विदेघमाथव आ पुराणक निमि दुनू गोटेक पुरोहित गौतम

वाल्मीकि

सीतापति राम

छथि से दुनू एके छथि आ एतएसँ विदेह राज्यक प्रारम्भ। माथवक पुरहित गौतम मित्रविन्द यज्ञक/ बलिक प्रारम्भ कएलन्हि आ पुनः एकर पुनःस्थापना भेल महाजनक-२ क समयमे याज्ञवल्क्य द्वारा। निमि गौतमक आश्रमक लग जयन्त आ मिथि - जिनका मिथिला नामसँ सेहो सोर कएल जाइत छन्हि, मिथिला नगरक निर्माण कएलन्हि। निमीक जयन्तपुर वर्तमान जनकपुरमे छल, मिथीक मिथिलानगरीक स्थान एखन धरि निर्धारित नहि भए सकल अछि, अनुमानित अछि जनकपुरक लग । �सीरध्वज जनक� सीताक पिता छथि आ एतयसँ मिथिलाक राजाक सुदृढ़ परम्परा देखबामे अबैत अछि। �कृति जनक� सीरध्वजक बादक 18म पुस्तमे भेल छलाह। कृति हिरण्यनाभक पुत्र छलाह आ जनक बहुलाश्वक पुत्र छलाह। याज्ञवलक्य हिरण्याभक शिष्य छलाह, हुनकासँ योगक शिक्षा लेने छलाह। कराल जनक द्वारा एकटा ब्राह्मण युवतीक शील- अपहरणक प्रयास भेल आ जनक		

राजवंश समाप्त भए गेल (संदर्भ अश्वघोष-बुद्धचरित आ कौटिल्य-अर्थशास्त्र)।

लव कुश

विदेघ माथव

शतपथ ब्राह्मणक विदेघ माथवक विदेह आगमन, आगिक सदानीरासँ आगाँ नहि बढ़बाक चर्च।

शतपथ ब्राह्मणक विदेघमाथव आ पुराणक निमि दुनू गोटेक पुरोहित गौतम छथि से दुनू एके छथि आ एतएसँ विदेह राज्यक प्रारम्भ।



वाजसनेयी याज्ञवल्क्य

याज्ञवल्क्य मिथिलाक दार्शनिक राजा कृति जनकक दरबारमे छलाह। हुनकर माताक वा पिताक नाम सम्भवतः वाजसनी छलन्हि। ओना हुनकर पिता देवरातकें मानल जाइत छन्हि। याज्ञवल्क्य १. शुक्ल यजुरवेद, २. शतपथ ब्राह्मण, ३.बृहदारण्यक उपनिषद आ ४.याज्ञवल्क्य स्मृतिक द्रष्टा/लेखक छथि।



अंगराज कर्ण

वैशेषिक दर्शन कणाद

वैशेषिक दर्शन कणाद

महावीर जैन 599-527

		महावीर विदेहमे छह टा बस्सावास बितेलन्हि।
 गौतम बुद्ध BC 563-483 ओना तँ महावीर विदेहमे छह टा बस्सावास बितेलन्हि मुदा बुद्ध एकोटा नै मुदा मिथिलामे बौद्ध धर्मक प्रभाव पछाति बढ़ल। बुद्ध वैशाली नगरीमे आम्रपालीक उद्यानमे लिच्छवीगणकें सन्देश देने छलाह।	 **चाणक्य BC 350-283** धर्म आ विधिक क्षेत्रमे कौटिल्यक अर्थशास्त्र आ याज्ञवल्क्य स्मृतिमे बड्ड समानता अछि जे चाणक्यक मिथिलावासी होयबाक प्रमाण अछि। अर्थशास्त्रमे(१.६ विनयाधिकारिके प्रथमाधिकरणे षडोऽध्यायः इन्द्रियजये अरिषड्वर्गत्यागः) कराल जनकक पतनक सेहो चर्चा अछि। तद्विरुद्धवृत्तिरवश्येन्द्रियश्चातुरन्तोऽपि राजा सद्यो विनश्यति- यथा दाण्डक्यो नाम भोजः कामाद् ब्राह्मण कन्यायमभिमन्यमानः	 **चन्द्रगुप्त मौर्य चाणक्यक शिष्य BC 340-293** चाणक्यक शिष्य

सबन्धराष्ट्रो विननाश करालश्च

वैदेहः,...।

आर्यभट्ट वैज्ञानिक 476-550

पञ्जीमे आर्यभट्टक विवरण- (२७) (३४/०८) महिपतिय: मंगरौनी माण्डैर सै पीताम्ब र सुत दामू दौ माण्ड्र सै वीजी त्रिनयनभट्ट: ए सुतो ***आर्यभट्ट:*** ए सुतो उदयभट्ट: ए सुतो विजयभट्ट ए सुतो सुलोचनभट (सुनयनभट्ट) ए सुतो भट्ट ए सुतो धर्मजटीमिश्र ए सुतो धाराजटी मिश्र ए सुतोब्रह्मजरी मिश्र ए सुतो त्रिपुरजटी मिश्र ए सुत विघुजटी मिश्र ए सुतो अजयसिंह: ए सुतो विजयसिंह: ए सुतो ए सुतो आदिवराह: ए सुतो महोवराह: ए सुतो दुर्योधन सिंह: ए सुतो सोढ़र जयसिंहर्काचार्यास्त्रस महास्त्र विया पारङगत महामहोपाध्या य: नरसिंह:।।

सिद्ध सरहपाद 700-780

सरहपाद-�सिद्धिरत्थु मइ पढ़मे पढ़िअउ ,मण्ड पिबन्तों बिसरउ एमइउ�।मिथिलामे अक्षरारम्भ सिद्धिरस्तु जकर पूर्वमे सिद्धिरस्तु, गणेशजीक अंकुश आँजी, लिखल जाइत अछि। मिथिलामे ई धारणा जे माँड़ पिलासँ स्मरण शक्ति क्षीण होइत अछि; ई सरहपादक मिथिलावासी होएबाक प्रमाण अछि।

आदि शंकराचार्य 788-820 मंडन मिश्रसँ शास्त्रार्थ

म.म.गोनू झा 1050-1150

करमहे सोनकरियाम गोनू झाक वर्णन पञ्जीमे अछि- महामहोपाध्याय धूर्तराज गोनू। पञ्जीक अनुसार पीढ़ीक गणना कएलासँ गोनूक जन्म (गोनूक सोनकरियाम करमहे-वत्समे २४म पीढ़ी चलि रहल अछि) *आर्यभट्टक बाद (आर्यभट्टक माण्डर-काश्यपमे ३९ म पीढ़ी चलि रहल अछि) आ विद्यापतिक पहिने (विद्यापतिक विषएवार बिस्फी-काश्यपमे १४म पीढ़ी चलि रहल अछि)* लगभग १०५० ई.मे सिद्ध होइत अछि। कारण एहि तरहें एक पीढ़ीकें ४० सँ गुणा केला सँ आर्यभट्टक जन्म लगभग ४७६ ई. आ विद्यापतिक जन्म लगभग १३५० ई. अबैत अछि जे इतिहाससम्मत अछि।



कृष्णाराम आ हाथी सुबरन

मिथिलाक यादव (गुआर) जातिक लोकदेवता कृष्णाराम अपन हाथी सुबरनपर सवार।

वंशीधर ब्राह्मण

छेछन महराज

मिथिलाक डोम जातिक लोकदेवता

दीना- भदरी

मिथिलाक मुसहर जातिक लोकदेवता

ज्योति पँजियार

राजा सलहेस

मिथिलाक दूधवंशी (दुसाध) जातिक लोकदेवता

दुलरा दयाल

गोनू झाक गाम भरौड़ाक राजकुमार, "बहुरा गोढिन नटुआ दयाल" लोककथाक मलाह कथानायक। भरौड़ामे एखनो हिनकर गहबर छन्हि।

कालिदास

बोधि कायस्थ

विद्यापतिक पुरुष-परीक्षामे मृत्युकालमे गंगा नदीक आयब आ बोधि-कायस्थकेँ अपनामे समेबाक खिसा वर्णित अछि जे बादमे



राधाकृष्ण आ करताराम मल्लिक

मिथिलाक अमता घरेनक प्रारम्भिक गबैय्या

महाराज नान्यदेव

मिथिलाक कर्णाट वंशक 1097 ई. मे स्थापना। 1147 ई. मे मृत्यु।

विद्यापतिकेँ लऽ कऽ सेहो प्रचलित भेल।

मल्लदेव

मिथिलाक कर्णाट वंशक संस्थापक नान्यदेवक पुत्र। मिथिलाक गंधवरिया राजपूत मल्लदेवकेँ अपन बीजीपुरुष मानैत छथि।

महाराज हरसिंहदेव

मिथिलाक कर्णाट वंशक। ज्योतिरीश्वर ठाकुरक वर्ण-रत्नाकरमे हरसिंहदेव नायक आकि राजा छलाह। 1294 ई. मे जन्म आ 1307 ई. मे राजसिंहासन। घियासुद्दीन तुगलकसँ 1324-25 ई. मे हारिक बाद नेपाल पलायन। मिथिलाक पञ्जी-प्रबन्धक ब्राह्मण, कायस्थ आ क्षत्रिय मध्य आधिकारिक स्थापक, मैथिल ब्राह्मणक हेतु गुणाकर झा, कर्ण कायस्थक लेल शंकरदत्त, आ क्षत्रियक हेतु विजयदत्त एहि हेतु प्रथमतया नियुक्त भेलाह। हरसिंहदेवक प्रेरणासँ- आ ई हरसिंहदेव नान्यदेवक वंशज छलाह, जे नान्यदेव कार्णाट वंशक १००९ शाकेमे स्थापना केने रहथि- नन्दैद शुन्यं शशि शाक वर्षे (१०१९

मंत्री गणेश्वर

मिथिलाक कर्णाट वंशक नरेश हरसिंहदेवक मंत्री। *सुगतिसोपान*मे मिथिलाक सांवैधानिक इतिहासक वर्णन।

शाके)... मिथिलाक पण्डित लोकनि शाके १२४८ तदनुसार १३२६ ई. मे पञ्जी-प्रबन्धक वर्तमान स्वरूपक प्रारम्भक निर्णय कएलन्हि। पुनः वर्तमान स्वरूपमे थोडे बुद्धि विलासी लोकनि मिथिलेश महाराज माधव सिंहसँ १७६० ई. मे आदेश करबाए पञ्जीकारसँ शाखा पुस्तकक प्रणयन करबओलन्हि। ओकर बाद पाँजिमे (कखनो काल वर्णित १६०० शाके माने १६७८ ई. वास्तवमे माधव सिंहक बादमे १८०० ई.क आसपास) *श्रोत्रिय* नामक एकटा नव ब्राह्मण उपजातिक मिथिलामे उत्पत्ति भेल।

मीरां साहेब

मिथिलाक मुस्लिम लोकनिक बीच प्रसिद्ध लोकगाथाक नायक।

अमर बाबा

मिथिलाक मलाह जातिक लोकदेवता।

गरीबन बाबा

मिथिलाक धोबि जातिक लोकदेवता।

लालबन बाबा

मिथिलाक चर्मकार जातिक लोकदेवता।

बंठा चमार

कारिख पजियार

लोरिक

राय रणपाल

अयाची मिश्र

पन्द्रहम शताब्दीक भवनाथ मिश्र बड पैघ नैय्यायिक छलाह आ कहियो ककरोसँ कोनो वस्तुक याचना नहि कएलन्हि, ताहि लेल सभ हुनका अयाची मिश्र कहए लगलन्हि।

शंकर मिश्र

"बालोऽहं जगदानन्द न मे बाला सरस्वती। अपूर्णे पंचमे वर्षे वर्णयामि जगत्त्रयम् ॥" क

पक्षधर मिश्र

विद्यापतिक समकालीन जयदेव मिश्र, जे अपन अकाट्य तर्कक कारण

मैथिलीक आदिक वि विद्यापति (ज्यो तिरीश्वर पूर्व)

वक्ता। पन्द्रहम शताब्दीमे भवनाथ मिश्रक घरमे मधुबनी जिलाक सरिसव ग्राममे शंकर मिश्रक जन्म भेल।शंकर मिश्र महाराज भैरव सिंहक कनिष्ठ पुत्र राजा पुरुषोत्तमदेवक आश्रित छलाह। एकर वर्णन रसार्णव ग्रंथमे भेटैत अछि। शंकर मिश्र कवि, नाटककार, धर्मशास्त्री आ न्याय-वैशेषिकक व्याख्याकार रहथि।शंकर मिश्र ग्रंथावली- १.गौरी दिगम्बर प्रहसन २.कृष्ण विनोद नाटक ३.मनोभवपराभव नाटक४.रसार्णव५.दुर्गा-टीका६.वादिविनोद७.वैशेषिक सूत्र पर उपस्कार८.कुसुमांजलि पर आमोद९.खण्डनखण्ड-खाद्य टीका १०.छन्दोगाह्निकोद्धार ११.श्राद्ध प्रदीप १२.प्रायश्चित प्रदीप।	पक्षधर मिश्रक नामसँ जानल गेलाह।	*मैथिलीक आदिकवि विद्यापति (विद्यापतिक चित्र: विदेह चित्रकला सम्मानसँ पुरस्कृत पनकलाल मण्डल द्वारा)* *कवीश्वर ज्योतिरीश्वर(लगभग १२७५-१३५०)सँ पूर्व (कारण ज्योतिरीश्वरक ग्रन्थमे हिनक चर्च अछि), मैथिलीक आदि कवि। संस्कृत आ अवहट्ठक विद्यापति ठक्कुरःसँ भिन्न। सम्भवतः बिस्फी गामक बार्बर कास्टक श्री महेश ठाकुरक पुत्र। समानान्तर परम्पराक बिदापत नाचमे विद्यापति पदावलीक (ज्योतिरीश्वरसँ पूर्वसँ) नृत्य-अभिनय होइत अछि।ज्योतिरीश्वर पूर्व* विद्यापति:- कश्मीरक अभिनव गुप्त (दशम शताब्दीक अन्त आ एगारहम शताब्दीक प्रारम्भ)- ग्रन्थ �ईश्वर प्रत्याभिज्ञा-विभर्षिणी� मे विद्यापतिक उल्लेख करै छथि। श्रीधर दासक सदुक्तिकर्णामृत, (रचना ११ फरबरी १२०६, मध्यकालीन मिथिला, वि.कु. ठाकुर)- श्रीधर दास

		विद्यापतिक पाँच टा पद उद्धृत केने छथि जे विद्यापतिक पदावलीक भाषा छी। �जाव न मालतो कर परगास तावे न ताहि मधुकर विलास।� आ �मुन्दला मुकुल कतय मकरन्द� ज्योतिरीश्वर (१२७५-१३५०) **षष्ठः कल्लोल**- ‖अथ विद्यावन्त वर्णना‖ **अष्टमः कल्लोलः**- ‖अथ राज्य वर्णना‖ मे उल्लेख।
 महाराज शिव सिंह मिथिला नरेश विद्यापतिक आश्रयदाता ओइनवार वंशक महाराज शिव सिंह।	 उगना महादेव महादेव विद्यापतिक अहिठाम गीत सुनबा लेल उगना नोकर बनि रहैत छलाह।	 महाकवि विद्यापति ठाकुर 1350-1435 (मैथिलीक आदि कवि ज्योतिरीश्वर-पूर्व विद्यापतिसँ भिन्न, संस्कृत आ अवहट्ठमे लेखन)

महाकवि विद्यापति ठाकुर

1350-1435

विद्यापति ठक्कुरः 1350-1435 विषएवार बिस्फी-काश्यप (राजा शिवसिंहक दरबारी) आ संस्कृत आ अवहट्ट लेखक। कीर्तिलता, कीर्तिपताका, पुरुष परीक्षा, गोरक्षविजय, लिखनावली आदि ग्रंथ समेत विपुल संख्यामे कालजयी रचना। ई मैथिलीक आदिकवि विद्यापति (ज्योतिरीश्वर पूर्व)सँ भिन्न छथि।

(चित्रक आधार मिथिला सांस्कृतिक परिषद, कोलकाता द्वारा कोनो कलाकारसँ बनबाओल , कलाकारक नाम ६०-७० सालसँ अज्ञात कारणसँ गुप्त राखल गेल अछि।)

शंकरदेव 1449-1569

जगज्ज्योतिर्मल्ल १६१३-३७

सुनीति कुमार चटर्जी मैथिली प्रेमी 1890-1977

पारिजातहरण।	हरगौरी विवाह नाटक, कुञ्ज विहार नाटक।	
 अरविन्द घोष मैथिली प्रेमी 1872-1950 विद्यापति गीतक अंग्रेजीमे अनुवाद	 डॉ. सर आशुतोष मुखर्जी मैथिली प्रेमी 1864-1924	 सर जी. ए. ग्रियर्सन मैथिली प्रेमी 1851-1941
 कवि चन्दा झा 1831-1907 मूलनाम चन्द्रनाथ झा, ग्राम- पिण्डारुछ, दरभंगा। कवीश्वर, कविचन्द्र नामसँ विभूषित। ग्रिएर्सनकेँ मैथिलीक प्रसंगमे मुख्य सहायता केनिहार। कृति- मिथिला भाषा रामायण, गीति-सुधा, महेशवाणी संग्रह, चन्द्र पदावली, लक्ष्मीश्वर	 महाकवि लालदास 1856-1921 हिनक जन्म खड़ौआ ग्राममे १८५६ ई. मे तथा मृत्यु १९२१ ई. मे भेलन्हि । हिनक अनेक रचना उपलब्ध होइत अछि, यथा�रमेश्वर चरित रामायाण,� स्त्री शिक्षा,� �सावित्री-सत्यवान,� �चण्डी चरित,� �विरुदावली,� �दुर्गा सप्तशती,� तन्त्रोक्त मिथिला माहात्म्य� आदि । मैथिलीक अतिरिक्त ई संस्कृत, हिन्दी तथा फारसीक ज्ञाता छलाह । कविताक अतिरिक्त गद्यमे सेहो ई रचना कएल	 म. म. परमेश्वर झा 1856-1924 जन्म 1856 ई. मे तरौनी ग्राम (दरभंगा) जिलामे भेल छलन्हि तथा निधन 1924 ई. मे । संस्कृत व्याकरणक ई दिग्गज विद्वान् छलाह तथा �वैयाकरण केशरी� क उपाधिसँ विभूषित छलाह । मैथिली साहित्यमे अपन कृति �मिथिलातत्व विमर्श� तथा �सीमंतिनी आख्यायिका�क कारणे महत्वपूर्ण स्थान रखैत छथि

विलास, अहिल्याचरित आऽ विद्यापति रचित संस्कृत पुरुष-परीक्षाक गद्य-पद्यमय अनुवाद।	। रमेश्वर चरित रामायण हिनक सभसँ विशिष्ट ग्रन्थ अछि । राम-कथाक उल्लेखमे सीताक महिमाक महत्त्व दए मिथिला तथा मैथिलीक प्रति ई अपन श्रद्धा तथा भक्तिकें व्यक्त कएल अछि ।	। ई महाराज रमेश्वर सिंहक दरवारमे राज-पंडितक पदपर अनेको वर्ष धरि सुप्रतिष्ठित छलाह ।
 अवध बिहारी प्रसाद शाही 1859-1929	 सर्वतंत्र स्वतंत्र बच्चा झा 1860-1921 मधुबनी जिलांतर्गत लवाणी(नवानी) गाममे हिनकर जन्म भेलन्हि।हिनक कृति सभ अछि। 1. सुलोचन-माधव चम्पू काव्य, 2.न्यायवार्तिक तात्पर्य व्याख्यान, 3.गूढ़ार्थ तत्वलोक(श्री मदभागवतगीता व्याख्याभूत मधुसूदनी टीका पर) 4.व्याप्तिपंचक टीका 5.अवच्छदकत्व निरुक्ति विवेचन 6.सव्यभिचार टिप्पण 7.सतप्रतिपक्ष टिप्पण 8.व्याप्तनुगन विवेचन 9.सिद्धांत लक्षण विवेक 10.व्युत्पत्तिवाद गूढार्थ तत्वालोक 11.शक्तिवाद टिप्पण 12.खण्डन-ख़ण्ड खाद्य टिप्पण 13. अद्वैत सिद्धि चन्द्रिका टिप्पण 14.कुकुकाञ्जलि प्रकाश टिप्पण।	 म. म. शशिनाथ झा 1860-1930

मुंशी रघुनन्दन दास 1860-1945

गाम-सखबार, ज़िला-मधुबनी। "मिथिला नाटक" आ "दूतांगद व्यायोग"क लेखक।

मधुसूदन ओझा 1866-1939

म.म. मुरलीधर झा १८६८-१९२९

जन्म- गाम- भराम (जिला मधुबनी), अपन मातृक श्यामसीधपमे बसि गेलाह। काशीसँ १९०६ ई. मे ई "मिथिलामोद" नामक मासिक मैथिली पत्रिकाक प्रकाशन शुरु केलन्हि। हितोपदेश (अनुवाद), मैथिली व्याकरण, "अर्जुन तपस्या" (उपन्यास) प्रकाशित।

मुकुन्द झा "बख्शी" 1869-1936

जन्म हरिपुर बख्शी टोल ग्राम (मधुबनी जिला) मे 1869 ई. मे भेल तथा हिनक निधन काशीमे 1937 ई. मे भेलन्हि । हिनक लिखल संस्कृत मे

डॉ. सर गंगानाथ झा 1871-1941

जन्म मधुबनी जिलाक सरिसब-पाही ग्राममे 1871 ई. मे भेल तथा निधन प्रयागमे 1941 ई. मे । ई अपना समयक संस्कृतक प्रकाण्ड विद्वान म. म. चित्रधर मिश्र, म. म. जयदेव मिश्र तथा म. म. शिवकुमार शास्त्रीसँ

जनार्दन झा जनसीदन 1872-1951

अनेक ग्रंथ अछि । मैथिलीमे हिनक महत्त्वपूर्ण कृति अछि �मिथिला भाषामय इतिहास� । एकर अतिरिक्त मैथिलीमे हिनक स्फुट निबन्ध सभ सेहो प्रकाशित भेल । मिथिलाक ऐतिहासिक वर्णन सभसँ पहिने हिनके प्रकाशित भेल । एहि इतिहासमे मिथिलाक सर्वतोमुखी परिचय प्रस्तुत कएल गेल अछि ।

मीमांसा एवं दर्शनक अध्ययन कएलन्हि तथा दर्शनक विभिन्न दुरूह ग्रंथक अङरेजीमे अनुवाद कए पाश्चात्य संसारक ध्यान आकृष्ट कएलन्हि । ई गवर्नमेन्ट संस्कृत कॉलेज बनारसमे 1917 सँ 1923 धरि प्रिंसिपल छलाह तथा एलाहाबाद विश्वविद्यालयक 1923 सँ 1932 पर्यन्त कुलपति रहलाह । मैथिलीमे हिनक सम्पादित चन्दा झाक �महेशवाणी संग्रह� तथा �गणनाथ-विन्ध्यनाथ पदावली� प्रकाशित अछि । मैथिली साहित्य परिषद् द्वारा प्रकाशित हिनक �वेदान्त दीपक� (दर्शन) विषयक अपूर्व ग्रंथ अछि । एहिसँ भिन्न हिनक निबंध सभ सामयिक मैथिली पत्र-पत्रिकामे प्रकाशित अछि ।

रासबिहारी लालदास 1872-1940

"मिथिला दर्पण" क लेखक।

रामचन्द्र मिश्र "चन्द्र" 1873-1937 मैथिल प्रभा

महावैय्याकरणाचार्य पं दीनबन्धु झा 1878-1955

भवनाथ मिश्र 1879-1933 मैथिली शब्दकोष "मिथिला शब्द प्रकाश"क लेखक।	कीर्त्यानन्द सिंह	टंकनाथ चौधरी 1884-1928
 भवप्रीतानन्द ओझा 1886-1970	 कपिलेश्वर मिश्र 1887-1987 गाम सलेमपुर, थाना-उजियारपुर, जिला समस्तीपुर। �सीतादाइ� पुस्तक भंडारसँ प्रकाशित।	 बालकृष्ण मिश्र 1888-1948
 बलदेव मिश्र 1890-1975 हिनक जन्म सहरसा जिलाक वनगाँव ग्राममे 1890 ई. मे एवं निधन फरवरी, 1975मे भेलन्हि । प्रारम्भमे पं. गेनालाल चौधरीसँ ज्यौतिष पढ़ि ई काशीमे पं. सुधाकर द्विवेदीजीक शिष्य भेलाह । बहुत वर्ष धरि	 आचार्य रामलोचन शरण 1889-1971 सीतामढ़ीमे जन्म आ दरभंगामे मृत्यु। "मैथिली रामचरित मानस" सहित तुलसीदासक समस्त रचनाक मैथिलीमे लेखन। मिथिलाक्षरमे मैथिलीक प्रकाशनक प्रारम्भ केनिहार। प्रकाशन संस्था "पुस्तक भण्डार", लहेरियासराय, पटनाक संस्थापक।	 सीताराम झा 1891-1975 जन्म चौगामा ग्राममे १८९१ ई.मे तथा निधन १९७५ ई. मे भेलन्हि । संस्कृतमे ज्योतिष शास्त्रक अनेक रचनाक .अतिरिक्त मैथिलीमे हिनक �अम्ब चरित� (महाकाव्य), �सूक्ति

सरस्वती भवन (वाराणसी) मे हस्तलिखित विभागमे कार्य कएल । पश्चात् पटनाक काशीप्रसाद जयसवाल रिसर्च संस्थानमे अनेक प्राचीन तिब्बती हस्तलिपिकें देवनारीमे लिप्यन्तरित कएल। �मिथिलामोद� प्रकाशन एवं म.म. मुरलीधर झाक प्रोत्साहनसँ ज्यौतिषीजी १९१० ई.सँ �मोद�मे लिखए लगलाह। हिनक प्रकाशित रचना अछि��रामायण शिक्षा�, �चन्दा झा�, �संस्कृति�, �भारत शिक्षा�, �गप्प-सप्प विवेक�, �समाज� आदि । पण्डितजी यावत् धरि पटना रहलाह बराबरि �मिहिर�मे लिखैत रहलाह ।		सुधा,� लोक लक्षण,� �पढ़ुआचरित,� �पूर्वापर व्यवहार,� उनटा बसात,� �अलंकार दर्पण�, �भूकम्प वर्णन�, �काव्य षट-रस�, �मैथिली काव्योपवन�, आदि ग्रन्थ उपलब्ध अछि । हिनक गीताक मैथिली अनुवाद सेहो उपलब्ध अछि । मिथिला मोदक सम्पादन १९२० ई.सँ १९२७ ई. धरि ई कएल ।
 ताराचरण झा 1892-1928	 बद्रीनाथ झा 1893-1973 जन्म मधुबनी जिलाक सरिसव ग्राममे १८९३ ई. मे भेलन्हि तथा १९१४ ई. मे ई	 जीवनाथ राय 1893-1964

काशी लाभ कएलिन्ह । बहुत दिन धरि ई मुजफ्फरपुरक धर्म्म समाज संस्कृत कॉलेजमे साहित्यक अध्यापक छलाह । मैथिलीक विख्यात कवि लोकनि यथा सुमनजी, मधुपजी, मोहनजी आदि हिनक शिष्य छथिन्ह । संस्कृत साहित्यमे हिनक अनेक रचना अछि । जाहिमे राधा परिणय� (महाकाव्य) क स्थान विशिष्ट अछि । मैथिलीमे हिनक �एकावली परिणय� (महाकाव्य) एक नवीन कीर्तिमान स्थापित कएलक। कोनो अलंकारक दृष्टान्त तकबाक हेतु �एकावली परिणय� पर्याप्त अछि ।

उमेश मिश्र 1895-1967

जन्म मधुबनी जिलाक गजहरा ग्राममे 1895 ई. मे भेल छलन्हि । ई एकहतरि वर्षक आयुमे १९६७ ई. मे

बाबू धनुषधारी दास 1895-1965

मैथिलीमे बिहारी कविक अनुवाद प्रकाशित।

अमरनाथ झा 1897-1955

सरिसब पाहीटोल ग्राममे १८९७ ई. मे भेल । हिनक निधन पटनामे जखन ई बिहार लोक सेवा आयोगक

प्रयागमे स्वर्गवासी भेलाह । ई अपन स्वनाम-धन्य पिता म. म. जयदेव मिश्र तथा म. म. डा. गंगानाथ झाक सान्निध्यमे विद्यार्जन कएल। १९२३ सँ १९५९ धरि मिश्रजी एलाहाबाद विश्वविद्यालयमे संस्कृतक प्राध्यापक छलाह । दरभंगा �मिथिला शोध संस्थान�क निदेशक पदपर किछु समय कार्य कए १९६२ सँ ६५ धरि कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालयक कुलपति रहलाह ।म. म. मुरलीधर झासँ प्रभावित भए �मिथिलामोद�मे ई लिखब प्रारम्भ कएलन्हि तथा अपन विविध प्रकारक रचनासँ मैथिलीक गद्यकेँ समृद्ध कएलन्हि । मैथिलीमे हिनक प्रसिद्ध ग्रन्थ अछि��कमला� (शेक्सपीयरक �टेम्पेस्ट�क भावानुवाद), �नलोपाख्यान�, �मैथिली-संस्कृति� तथा अनेक वर्णनात्मक एवं आलोचनात्मक निबन्ध; मनबोधक कृष्णजन्मक

अध्यक्ष छलाह, १९५५ मे भेलन्हि । ई एलाहाबाद विश्वविद्यालयक नओ वर्ष धरि कुलपति रहि पश्चात् हिन्दू विश्वविद्यालयक सेहो कुलपतिक पदकेँ सुशोभित कएलन्हि । ई अंगरेजीक प्रकाण्ड विद्वान् छलाह, ताहि संग हिन्दी, उर्दू, फारसी, संस्कृत, बङला एवं मैथिलीक सेहो अद्भुत विद्वान् छलाह ।मैथिलीमे हिनका द्वारा सम्पादित �हर्षनाथ काव्य ग्रन्थावली� तथा �गोविन्द दासक श्रृग्ङारभजन� महत्वपूर्ण अछि । एहिसँ भिन्न हिनक मैथिली साहित्य परिषदक अध्यक्षीय भाषण तथा अन्य लेख प्रकाशित अछि ।

सम्पादन, विद्यापतिक कीर्तिलता, कीर्तिपताका, गोरक्ष विजय आदिक अनुवाद-सम्पादन सेहो कएल।		
भोलालाल दास 1897-1977 हिनक जन्म दरभंगा जिलाक कसरौर मे भेलन्हि । साहित्य सर्जनाक अतिरिक्त अपन संगठन क्षमता तथा मैथिली साहित्यक सर्वतोमुखी विकासक हेतु सतत तत्पर रहबाक कारणेँ भोला बाबू मैथिली संसारक एक स्तम्भक रूपमे रहलाह । हिनक निधन 1977 ई. मे भेल । मैथिलीक प्रचार-प्रसारमे ई अपन जीवन समपित कएने छलाह। पाठ्यक्रममे मैथिलीकेँ स्थान हो ताहि हेतु ई बीड़ा उठओलन्हि । विद्यालय स्तरक अनेक पोथीक निर्माण कएल । मैथिली साहित्य परिषदक ई संस्थापक मण्डलक सदस्य छलाह । 1931 सँ 1940 ई. पर्यन्त ओकर प्रधान मन्त्री रहलाह ।	कुमार गंगानन्द सिंह 1898-1971 जन्म�बनैली राजपरिवारमे 24-9-1898, मृत्यु:-श्रीनगर पूर्णिञा 17-1-1970। भूतपूर्व शिक्षामंत्री, बिहार एबं कुलपति, कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय ।रचना�अगिलही (अपूर्ण उपन्यास) तथा अनेक कथा एवं एकांकी । युगक अनुरूप सामाजिक कुरीति आदिकेँ आधार बनाए सुधारवादी दृष्टिएँ कथा सभहिक रचना ।	ब्रजमोहन ठाकुर 1899-1977

हिनक मन्त्रित्वकालमे �भारती� नामक मासिक पत्रक प्रकाशन भेल । एहिसँ पूर्व (१९२९-३१) कुशेश्वर कुमरजीक संग संयुक्त सम्पादनमे �मिथिला� नामक पत्र चलाओल । ई नवीन एवं प्रगतिशील विचारक लोक छलाह । ननव लेखककें प्रोत्साहित करब, शैलीमे एकरूपता आनब, नव प्रकाशनसँ मैथिलीक साहित्य भंडारक पूर्ति करब हिनक कर्तव्य बनि गेल छल । हिनक लिखल �मैथिली व्याकरण� तथा हिनकहि द्वारा सम्पादित �गद्यकुसुमांजलि बहुत दिन धरि विद्यालयमे पढ़ाओल जाइत रहल । हिनक लिखल अनेक निबन्ध समालोचना, कविता, संस्मरण, जीवनी-साहित्य मैथिलीक पत्र-पत्रिकामे छिड़िआएल अछि ।

भुवनेश्वर प्रसाद 1902-

दरभंगा जिलाक बनौली गाम, निवास रायसाहेब पोखरि

जयनारायण झा 'विनीत' 1902-1991

नरेन्द्र नाथ दास विद्यालंकार १९०४-१९९३

लहेरियासराय। सरस्वती स्कूल लहेरियासरायमे १९३०-१९६४ ई. धरि अध्यापन। मैथिलीमे "बाल रामायण� प्रकाशित।		
 सुधाकर झा "शास्त्री" 1904-1974	 दामोदर लाल दास विशारद 1904-1981	 बबुआजी झा 'अज्ञात' 1904-1996 २००१- बबुआजी झा �अज्ञात� (प्रतिज्ञा पाण्डव, महाकाव्य)लेल साहित्य अकादमी पुरस्कार।
 श्रीवल्लभ झा हाटी 1905-1940	 रमानाथ झा 1906-1971 जन्म दरभंगा जिलाक उजान (धर्मपुर) ग्राममे 1906 ई. मे एवं हिनक निधन दरभंगामे १९७१ ई. मे भेलन्हि । 1930 ई. मे अङरेजीमे एम. ए. कएलाक बाद ई कतोक वर्ष धरि मधेपुर उच्च विद्यालयक प्रधानाध्यापक छलाह, तकरा बाद	 काशीकान्त मिश्र "मधुप" 1906-1987 १९७०- काशीकान्त मिश्र �मधुप� (राधा विरह, महाकाव्य) पर साहित्य अकादमी पुरस्कार प्राप्त मैथिलीक प्रशस्त कवि आ मैथिलीक प्रचार-प्रसारक समर्पित

	दरभग्डा-राज-लाइब्रेरीक पुस्तकालयाध्यक्षक रूपमे 1936 सँ अन्तिम समय धरि रहलाह । 1952 सँ 62 चन्द्रधारी मिथिला कॉलेजमे प्रो. झा अङरेजीक प्राध्यापक रूपें काजka पश्चात् ओही कॉलेजमे मैथिली विभागाध्यक्ष बनाओल गेलाह । 1965 मे रमानाथ बाबू साहित्य अकादमीक मैथिलीक प्रतिनिधि निर्वाचित भेलाह जाहि पद पर ओ जीवनक अन्त समय तक रहलाह । हिनक रचनाक क्षेत्र बहुत व्यापक छल । हिनक अनुसंधानात्मक निबंक दू गोट संग्रह �निबन्धमाला� तथा �प्रबंध संग्रह� प्रकाशित अछि । संकलित सम्पादित पुस्तक सभमे �मैथिली पद्य-संग्रह�, �मैथिली गद्य-संग्रह�, �प्राचीन गीत�, �कथा काव्य�, �नवीन गीत�, �कविता कुसुम�, �कथा संग्रह� आदि अछि । �कथासरित्सागर�क आधार पर प्राञ्जल गद्य शैलीमे हिनक �उदयन-कथा� तथा �बररुचि-कथा� बेश ख्याति पओलक । व्याकरणक �मिथिला भाषा प्रकाश�, �अलङ्कारप्रवेश� आदि	कार्यकर्ता �झंकार� कवितासँ क्रान्ति गीतक आह्वान कएलनि । प्रकृति प्रेमक विलक्षण कवि । �घसल अठन्नी कविताक लेल कथ्य आ शिल्प-संवेदना�दुहू स्तर पर चरम लोकप्रियता भेटलनि।

	अनेक ग्रन्थ प्रकाशित अछि । �मैथिली साहित्य पत्र� त्रैमासिक पत्रिकाक संपादक।	
 लक्ष्मीनाथ गोसाई 1793-1872	 मेही दास धरहरा कोठी_बनमनखी_असली नाम_रामानुग्रहलाल दास_आश्रम_मायामोहल्ला, कुप्पाघाट, भागलपुर	 बुचन भगत, संत 1928-1991
 अभिराम दास मिथिलाक प्रसिद्ध भागवत वाचक।	 स्नेहलता 1909-1993 गाम- डरोड़ी, समस्तीपुर। पूर्ण नाम- कपिलदेव ठाकुर "स्नेहलता"। रामाश्रयी रसिक सम्प्रदायक संत। हिनकर रचित वैदेही विवाह संकीर्तन, विनय पदावली, शिववाणी, चेतावनी, झूला- संकीर्तन, सीतावतरण प्रबन्धकाव्य आ स्नेहशतक- दोहावली-कवित्त आदि मिथिलाक महिला वर्ग आ संकीर्तनकार लोकनिक कंठमे परिव्याप्त अछि आ लोकमंगलक	 स्वतंत्रता सेनानी स्व. रामफल मण्डल

अनुष्ठानमे व्यापक रूपेँ व्यवहृत अछि। हिनक "वैदेही विवाह" मिथिलाक कीर्तनिया नाट्य परम्पराकेँ लोकरुचिक अनुकूल बनौने अछि।

सुन्दर झा "शास्त्री"

1930-1998

जनकपुर, नेपाल, युवावस्थाक जेलक दुर्लभ फोटो।नेपाल प्रज्ञा प्रतिष्ठानक मानद सदस्यता- स्व. सुन्दर झा शास्त्री।

कांञ्चीनाथ झा "किरण"

1906-1988

जन्म स्थान-धर्मपुर,लोहना रोड, दरभंगा बिहार । मैथिली भाषा आंदोलनमे महत्वपूर्ण भूमिका। �पराशर� महाकाव्य लेल साहित्य अकादमी ओ �कथा किरण� लेल वैदेही पुरस्कारसँ सम्मानित । प्रकाशित कृति: चंद्रग्रहण (उपन्यास), वीर-प्रसून (बालकथा), जय जन्मभूमि (एकांकी), विजेता वियापति (नाटक), कथा-किरण (कथा-संग्रह), किरण-कवितावली, कतेक दिनक बाद (कविता-संग्रह), पराशर (महाकाव्य) ओ किरण-निबंधावली (निबंध-संग्रह) आदि।१९८९- काञ्चीनाथ झा �किरण�

श्यामानन्द झा 19 06-1949

(पराशर, महाकाव्य)पर मैथिली मे साहित्य अकादमी पुरस्कारसँ सम्मानित।

रमाकांत झा, नेपाल 1907-1971

ईशनाथ झा 1907-1965

बहुमुखी प्रतिभाक कवि । प्राचीन आ नवीन पद्धतिक काव्य-रचनाक विलक्षण संयोग हिनकर कवितामे भेटैत अछि । दलित वर्ग, शोषणक समस्या, स्वदेश प्रेमक यथार्थवादी रचनाक संग संग व्यक्तिनिष्ठ कल्पनाक अनेक विशिष्ट कविता मैथिलीमे लिखलनि ।

भुवनेश्वर सिंह 'भुवन' 1907-1944

अपन खाढ़ीक बहुमुखी प्रतिभाक कवि । प्राचीन आ नवीन रीतिक कविताक रचना विपुल संख्यामे कएलनि । �भुवन भारती� कविता संकलन प्रकाशनसँ मैथिली ओज आ नव चेतनाक शंख फुकलनि।

हरिमोहन झा 1908-1984

कालीकान्त झा 1909-

मूल गाम ढंगा (हरिपुर), मधुबनी। फेर मातृक बरदबट्टा,पो.

तंत्रनाथ झा 1909-1984

